

# **BAHASA JAWA**

Untuk SMA dan SMK Semester 1

**BUKU PENGAYAAN**

**1A**

**ISI BUKU**

<b>Atur Cecela.....</b>	iii
<b>Isi Buku .....</b>	iv
<b>Wulangan 1 Serat Wedhatama Pupuh Pangkur.....</b>	5
A. Wacan Serat Wedhatama Pupuh Pangkur .....	6
Wasis .....	11
Guyub Rukun .....	12
B. Nulis Tembang Pangkur	13
Wasis .....	15
Guyub Rukun .....	16
Bausastra Alit.....	16
Gladhen Wulangan .....	16
Gladhen Perbaikan.....	18
Gladhen Pengayaan.....	19
Kawruh Basa.....	19
<b>Wulangan 2 Citra Cekak [Cerkak]</b>	21
A. Wacan Cekrak.....	22
Wasis .....	25
Guyub Rukun .....	27
B. Nulis lan Nyawisake Sinopsis Wacan Cekrak.....	27
Wasis .....	28
Guyub Rukun .....	29
Bausastra Alit.....	30
Gladhen Wulangan .....	30
Gladhen Perbaikan.....	33
Gladhen Pengayaan.....	33
Kawruh Basa.....	34
<b>Wulangan 3 Pawarta Basa Jawa</b>	35
A. Pawarta.....	36
Wasis .....	40
Guyub Rukun .....	41
B. Nanggepi lan Nulis Pawarta	43

Wasis .....	44
Guyub Rukun .....	45
Bausastra Alit.....	45
Gladhen Wulangan.....	45
Gladhen Perbaikan .....	48
Gladhen Pengayaan.....	48
Kawruh Basa .....	48
<b>Pambijen Tengah Semester</b>	50
<b>Wulangan 4 Karangan Deskripsi Omah Adat Jawa .....</b>	54
A. Perangane Karangan.....	55
B. Karangan Deskripsi.....	55
Wasis .....	56
Guyub Rukun .....	57
C. Nanggepi lan Ngaturake Dudutan Karangan Deskriptif.....	57
Wasis .....	58
Guyub Rukun .....	59
Bausastra Alit.....	60
Gladhen Wulangan.....	60
Gladhen Perbaikan .....	62
Gladhen Pengayaan.....	62
Kawruh Basa .....	63
<b>Wulangan 5 Nulis Aksara Jawa</b>	65
A. Kawruh Dhasar Aksara Jawa	66
B. Nulis Aksara Jawa.....	67
Wasis .....	69
Guyub Rukun .....	70
Bausastra Alit.....	70
Gladhen Wulangan.....	70
Gladhen Perbaikan .....	73
Gladhen Pengayaan.....	73
Kawruh Basa .....	73
<b>Pambijen Akhir Semester.....</b>	75
<b>Kapustakan .....</b>	79

## WULANGAN

1

### Serat Wedhatama Pupuh Pangkur

#### Kompetensi Dasar

1.1 Menerima, mensyukuri, menghayati dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks Serat Wedhatama pupuh Pangkur

2.1 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli [gotong royong, kerja sama, toleran, damai], santun, responsif dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa dalam bentuk teks Serat Wedhatama pupuh Pangkur

3.1 Menelaah teks Serat Wedhatama pupuh Pangkur

4.1 Menanggapi isi Serat Wedhatama pupuh Pangkur dan menulis syair tembang Wedhatama pupuh Pangkur dengan bahasa sendiri, serta menyajikan secara lisan/tulis

#### Tujuan Pembelajaran

Setelah mempelajari materi ini, diharapkan siswa mampu;

- 1 Mengetahui dan mengartikan kata-kata sulit pada teks piwulang Serat Wedhatama pupuh Pangkur,
- 2 Menjawab pertanyaan tentang isi teks piwulang Serat Wedhatama pupuh Pangkur,

- 3 Memberikan tanggapan atau komentar mengenai isi teks piwulang Serat Wedhatama pupuh Pangkur, serta
- 4 Memahami isi pokok dan pembelajaran dalam teks piwulang Serat Wedhatama pupuh Pangkur

#### Materi Inti Pembelajaran

Ngundar piwulang luhur Serat Wedhatama pupuh Pangkur

#### Kata Kunci

Serat, Tembang, Macapat, Wedhetama, lan Pangkur

#### Alokasi Waktu

8 jam pembelajaran

#### Karakter Bangsa

Percaya diri, tanggung jawab, santu lan kreatif

#### PETA KONSEP

Serat Wedhatama  
pupuh Pangkur,

Teks Wedhatama  
pupuh Pangkur,

Nyinau babagan

- Cakepan Serat Wedhatama Pupuh Pangkur
- Tegese Serat Wedhatama Pupuh Ing Serat Wedhatama

Kaperang dadi 2 pasinaon

Nulis Tembang  
Pangkur

Nyinau babagan

- Jinise Tembang
- Tembang Macapat
- Carane Ngrakit
- Tembang Macapat

## Purwaka

Masyarakat Jawa iku sugih ing babagan asiling kabudayan. Kabudayan kang diasilake iku iya mesti kabudayan kang adilihung. Salah sawijine, yaiku tembang macapat. Tembang macapat iku kalebu lelagon kang endah uga duweni isi kang luhur. Isining tembang macapat iku piwulang-piwulang ing bab kabecikan. Piwulang kabecikan iku sumimpen ing jeroning tembang macapat iku, dadi supaya bisa mangerten iya kudu dionceki kanthi becik. Ngonceki piwulang kautaman . ing sajroning tembang macapat iku diwiwiti kanthi mangerten ing bab tembang macapat iku. Apa jenenge tembang, kepriye tegese lan watake, kepriye sasmita lan paugerane, sarta sapiturute.

GAMBAR

Tembang macapat iku panceu tembang kang kaiket ing paugeran. Tegese nalika ngripta tembang iku kudu manut pathokan-pathokan kang timantu, upamane Cacahing larik, cacahing wanda saben larik, tibuning swara, lan sapanunggalane. Kang mangkana iku ngiket tumrap sapa bae, sanajan tho iku pujangga agung kang misuwur Ian kondang kaloka ing bab olah kasusastraan, uga kudu manut ing paugeran kasebut. Salah sawijining pujangga agung kasebut, yaiku KGPAK Mangkunegara IV kang jumeneng nata ing Mangkunegaran.

KGPAK Mangkunegara IV iku kang nganggit Serat Wedhatama. Serat Wedhatama iku asil karya kang ngemot bab ajaran luhur kanggo mbangun budi pekerti lan olah spiritual para manungsa. Serat Wedhatama iku karya sastra Jawa gagrag anyar kang ngamot filsafat Jawa. Serat Wedhatama iku awujud tembang-tembang macapat saka pirang-pirang pupuh. Ing wulangan Iki kita sinau Serat Wedhatama Pupuh Pangkur, gatekna kang premati!

## Ringkesaning Wulangan

### A. Teks Serat Wedhatama Pupuh Pangkur

#### 1. Cakepan Serat Wedhatama Pupuh Pangkur

Pangkur kang ana ing Serat Wedhatama iku dadi tembang kang isine pituduh supaya manungsa bisa nytingkirake hawa napsu angkara murka. Angkara murka bisa ndadekaka manungsa iku lali marang kang nggawe urip. Angkara murka uga bisa gawe cilakaning laku. Serat Wedhatama dumadi saka 14 pupuh kang awujud tembang. Tembang kalebu karya sastra kang duwe daya kekuwatan lan kaendahan, mula bisa kanggo sarana pembangunan watak bangsa. Miturut maknane, tembang Pangkur iku nggambarekan mangsa nalika wis kllwat umur kang wus ngungkurake babagan kadonyan. Watake tembang Pangkur iku madhep mantep, banter, nesu. Cocok kanggo ngandharake pitutur, katresnan, crita kang nyata, lan sapiturute. Tembung Pangkur dumadi saka tembung mangkur kang ateges nytingkiri hawa napsu. Waspadakna cakepan Serat Wedhatama Pupuh Pangkur ing ngisor iki!

### Pupuh Pangkur

#### Pada 1

Mingkar mingkuring angkara  
Akarana karanan mardi siwi  
Sinawung resmining  
Sinuba sinukarta

Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung  
Kang tumprah neng tanah Jawa  
Agama ageming aji

### **Tegese Ing Basa Indonesia**

Meredam nafsu angkara dalam diri, hendak berkenan mendidik putra-putri. Tersirat dalam indahnya tembang, dihias penuh variasi agar menjiwai hakikat ilmu luhur yang berlangsung di tanah Jawa [Nusantara] agama sebagai ‘pakaian’ kehidupan.

### **Pada 2**

Jinejer neng Wedhatama  
Mrih tan kembanganing pambudi  
Mangka nadyan tuwa pikun  
Yen tan mikani rasa  
Yekti sepi asepa lir sepah samun  
Samangsane pasamun  
Gonyak ganyuk nglelingsemi

### **Tegese ing Basa Indonesia**

Disajikan dalam Serat Wedhatama agar jangan miskin pengetahuan walaupun sudah tua pikun, jika tidak memahami rasa sejati [batin], niscaya kosong tiada berguna bagi ampas, percuma sia-sia, di dalam setiap pertemuan sering bertindak ceroboh memalukan.

### **Pada 3**

Nggugu karsaning priyangga  
Nora nganggo peparah lamun angling  
Lumuh ing ngaran balilu  
Uger guru aleman  
Nanging janma ingkang wus waspadeng semu  
Sinamun ing samudama  
Sesadon ingadu manis

### **Tegese ing Basa Indonesia**

Mengikuti kemauan sendiri, bila berkata tanpa pertimbangkan [asal bunyi], namun tak mau dianggap bodoh, selalu berharap dipuji-puji, [sebaliknya] ciri orang yang sudah memahami [ilmu sejati] tak bisa ditebak berwatak rendah hati, selalu berprasangka baik.

### **Pada 4**

Si penggung nora nglegawa  
Sangsayarda deniro cacariwis

Ngandar-andhar angendhukur  
Kandhane nora kaprah  
saya elok alangka longkanganipun  
si wasis waskitha ngalah  
Ngalingi marang si pinging

### **Tegese ing Basa Indonesia**

[sementara] Si dungu tidak menyadari, bualannya semakin menjadi-jadi, bicara melantur yang tidak-tidak, berbicara tidak masuk akal, makin aneh tak ada jedanya. Lain halnya, si Pandai cermat dan mengalah, menutupi aib si bodoh.

### **Pada 5**

Mangkono ngelmu kang nyata  
Sanyatane mung weh resep ati  
Bungah ingaran cubluk  
Sukeng tyas yen denina  
Nora kaya si punggung anggung gumrunggung  
Ugungan sadina dina  
Aja mangkono wong urip

### **Tegese ing Basa Indonesia**

Demikian ilmu yang nyata.senyatanya memberikan ketentraman hati, tidak merana dikatakan bodoh, tetap gembira jika dihina, tidak seperti si dungu yang selalu sompong, ingin dipuji setiap hari, janganlah begitu caranya orang hidup.

### **Pada 6**

Urip sepisan rusak  
Nora mulur nalare ting saluwir  
Kadi ta guwa kang sirung  
Sinerang ing maruta  
Gumarenggeng anggereng  
Anggung gumrunggung  
Pindha padhane si mudha  
Prandene paksa kumaki

### **Tegese ing Basa Indonesia**

Hidup sekali saja berantakan, tidak berkembang, pola pikirnya carut-marut. Bagaikan gua gelap menyeramkan, diembus angin, suaranya gemuruh menggeram, berdengung. Seperti halnya watak anak muda masih pula berlagak congkak.

### **Pada 7**

Kikisane mung sapala  
Palayune ngendelken yayah wibi  
Bangkit tur bangsaning luhur  
Lha iya ingkang rama  
Balik sira sarawungan bae durung  
Mring atining tata krama  
Nggon anggon agama suci

### **Tegese ing Basa Indonesia**

Tujuan hidupnya begitu rendah, maunya mengandalkan orang tua yang terpandang serta bangsawan. Itu kan ayahmu, sedangkan kamu kenal saja belum, akan hakikat tata krama dalam ajaran yang suci.

### **Pada 8**

Socaning jiwangganira  
Jer katara lamun pocapan pasthi  
Lumuh asor kudu unggul  
Semengah sesongaran  
Yen mangkono keno ingaran katungkul Karem ing reh kaprawiran  
Nora enak iku kaki

### **Tegese ing Basa Indonesia**

Cerminan dari dalam jiwa ragamu, tampak jelas walau tutur kata halus, sifat pantang kalah maunya menang sendiri. Sombong besar mulut, bisa demikian itu, disebut orang yang terlena. Puas diri berlagak tinggi, tidak baik itu, Nak.

### **Pada 9**

Kekerane ngelmu karang  
Kekarangan saking bangsaning gaib  
Iku boreh paminipun  
Tan rumasuk ing jasad  
Amung aneng sajabaning daging kulup Yen kapengok pancabaya  
Ubayane mbalenjani

### **Tegese ing Basa Indonesia**

Di dalam ilmu yang dikarang-karang (sihir/rekayasa). Rekayasa dari hal-hal gaib, Itu umpama bedak. Tidak meresap ke dalam jasad, hanya ada di kulitnya saja, Nak, bila terbentur marabahaya, bisanya menghindari.

### **Pada 10**

Marma ing sabisa-bisa  
Bebasane muriha tyas basuki  
Puruita-a kang patut  
Lan traping angganira  
Ana uga angger ugering kaprabun  
Abon aboning panembah  
Kang kambah ing siyang ratri

#### Warta Mligi

KGPAA Mangkunegara IV uga kondang kaloka amarga tansah nglawan panjajahan Walanda. Eloke maneh, anggone ngiawan cukup nganggo tulisan, iku wis cukup meksa panjajah mundur. Cara ngene iki kang ingarani nglurug tanpa bala lan menang tanpa ngasorake, kang mangkana iku jenenge satriya utama.

#### Tegese ing Basa Indonesia

Karena itu sebisa-bisanya, upayakan selalu behati baik. Bergurulah secara tepat, yang sesuai dengan dirimu. Ada juga peraturan dan pedoman bernegara, menjadi syarat bagi yang berbakti, yang berlaku siang malam.

#### Pada 11

Iku kaki takok-eno  
marang para sarjana kang martapi  
Mring tapaking tepa tulus  
Kawawa nahen hawa  
Wruhanira mungguh sanyataning ngelmu Tan mesti neng janma wredha  
Tuwin mudha sudra kaki

#### Tegese ing Basa Indonesia

Itulah Nak, tanyakan, kepada para sarjana yang menimba ilmu, kepada jejak hidup para suri teladan yang benar, dapat menahan hawa nafsu. Pengetahuanmu adalah senyatanya ilmu, yang tidak harus dikuasai orang tua, bisa juga bagi yang muda atau miskin, Nak.

#### Pada 12

Sapantuk wahyuning Allah  
Gya dumilah mangulah ngelmu bangkit  
Bangkit mikat reh mangukut  
Kukutaning jiwangga  
Yen mengkono kena sinebut wong sepuh  
Lire sepuh sepi hawa  
Awas roroning atunggil

#### Tegese ing Basa Indonesia

Siapapun yang menerima wahyu Tuhan, dengan cermat mencerna ilmu tinggi, mampu menguasai Ilmu kesempumaan, kesempurnaan jiwa raga. Bila demikian pantas disebut "Orang tua". Arti "orang tua" adalah tidak dikuasai hawa nafsu, paham akan dwitunggal

#### Pada 13

Tan samar pamoring sukma  
Sinuksmaya winahya ing ngasepi Simimpen telenging kalbu  
Pambukaning warana  
Tarlen saking liyep layaping aluyup  
Pindha pesating sumpena  
Sumusuping rasa jati

Pendidikan Antikorupsi  
Ora ana panggawe kang lueih dening mulya  
kajaba budi darma sing uga ateges ambiyantu  
kekuanganning kabutuhane liyan

### Tegese ing Basa Indonesia

Tidaklah was-was saat sukma menyatu, meresap terpatri dalam keheningan. Diendapkan dalam lubuk hati, menjadi pembuka tabir, berawal dari keadaan antara sadar dan tiada, seperti terlepasnya mimpi, merasuknya rasa yang sejati. |

### Pada 14

Sejatine kang mangkana  
Wus kakenan nugrahaning Hyang Widhi  
Bali alaming ngasuwung  
Tan karem arameyan  
Ingkang sipat wisesa winisesa wus  
Mulih mula ulanira  
Mulane wong anom sami

### Tegese ing Basa Indonesia

Sebenarnya keadaan itu merupakan anugerah Tuhan, kembali ke alam yang mengosongkan, tidak mengumbar nafsu dunia yang bersifat kuasa menguasai. Kembali ke asal muasalmu. Oleh karena itu, wahai anak muda sekalian

## 2. Tegese Serat Wedhatama

Serat Wedhatama mangadeg ing atase satus pupuh tembang macapat, kang kaperang Ing sajroning lima tembang, yaiku kaya mangkene.

- Pangkur (14 pupuh, 1-14)
- Sinom (18 pupuh, 15-32)
- Pocung (15 pupuh, 33-47)
- Gambuh (35 pupuh, 48-82)
- Kinanthi (18 pupuh, 83-100)

Gambar

Isi Serat Wedhatama ngrupiake falsafah kauripan, kaya dene tenggang rasa, tepa salira, kepriye dadi janma kang sampurna, nindakake agama kanthi becik, lan dadi manungsa kang duweni watak satriya utama.

Tembung Serat Wedhatama dumadi saka telung wanda, yaiku kaya ing ngisor iki.

- Serat, duweni teges tulisan utawa kasusastran.
- Wedha, tegese kawruh utawa piwulang.

c. Tama, dumadi saka tembung utama kang tegese becik, dhuwur, utawa luhur.

Dadi Serat Wedhatama duweni teges sawijining susastra kang ngemot kawruh piwulang kautaman uga kaluhuran uripe manungsa. Serat Wedhatama kalebu sawijining susastra Jawa sing banget misuwur lan unggul utamane ing babagan tata negara lan 90 pada liyane panembah marang Gusti Ingkang Mahakuwasa.

Tembung "Wedhatama" miturut Kamus Kawi-Indonesia karangan L. Mardiwasito, saka tembung "wedha" kang tegese Ilmu pangerten lan tembung "Tama" kang tegese becik. Miturut R. Tanojo tegese tembung "wedhatama", yaiku pepathokaning putra. Dideleng saka tembung "wedha" tegese pepakem (patokan) lan "tama" utawa utama kang duwe teges anak. Pepathokaning putra tegese pathokan utawa pedoman kanggo putra lan putrine.

### **3.Pupuh ing Serat Wedhatama**

#### **a. Pangkur kang Dumadi saka 14 Pada yaiku Pada I-XIV**

Pupuh Pangkur ing Serat Wedhatama ngandharake piwulang ngelmu kang sampurna, kang dadi pathokaning kanggo manungsa yaiku babagan sopan santun. Sarat utama kanggo duweni yaiku ati-ati utawa mawas dhiri. Manungsa kang kasil mawas dhiri utawa ati-ati anggone nglakoni urip bakal tentrem ana ing alam donya.

#### **b. Sinom kang Dumadi saka 18 Pada yaiku Pada XV-XXXII**

Jinis tembang kang digunakake ing pupuh iki ngemot babagan pikolehe saka tumindak ngati-atি. Tuladhane yaiku Nata Mataram Senopati, kang duweni gelar wong agung ing Ngeksiganda, tegese salah sawijining pemimpin teladan, sumeh, lan tresna marang kawulane lan asring nglakoni pasa. Ananging ora ngadahi marang kawulane.

#### **c. Pocung kang Dumadi saka 15 Pada yaiku Pada XXXIII-XLVII**

Pupuh Pocung ing Serat Wedhatama ngandharake bab kawicaksanan sejati. Kawicaksanan sejati ora ketara ana sawijining papan panggonan. Kawicaksanan kasebut kudu kelakon. Piwulang Adipati Mangkunegara IV yaiku lila lan narima, legawa utawa lila atine lan pasrah, sabar tulus ikhlas lan sumarah marang Gusti Ingkang Mahaagung.

#### **d. Gambuh kang Dumadi saka 35 Pada , yaiku Pada XLVIII-LXXXII**

Pupuh Gambuh ing Serat Wedhatama njlentrethane piwulang babagan rasa sokur marah Gusti Ingkang Mahaagung kanthi suci ing batin, ngadahi watak angkara murka lan sipat ngendel-ngendelake, sarta tekun nglakoni sembahyang.

#### **e. Kinanthi kang Dumadi saka 18 Pada yaiku Pada LXXX.III-C**

Pupuh Kinanthi ing Serat Wedhatama ngandharake babagan piwulang kanggo kanoman lan wong tuwa.

Wasis

### **Tindakna miturut dhawuhe gurumu !**

Tegesana tembung-tembung kang cumawis ing ngisor iki.

Nyuwuna pirsa marang wong tuwamu utawa golekana tgese saka bausastra.

Banjur gawenen tuladha ukarane

No.	Tembung	Tegese	Tuladha Ukara
1.	Angkara		

2.	Pambudi
3.	Priyangga
4.	Legawa
5.	Cubluk
6.	Kumaki
7.	Sapala
8.	Sesongaran
9.	Pancabaya
10.	Basuki
11.	Martapi
12.	Mangukut
13.	Warana
14.	Karem

### Guyub Rukun

- 1 Gawea kelompok watara 4-5 siswa !
- 2 Bebarengan karo kelompokmu, tindakna wawan rembug !
- 3 Rembugan prakara-prakara ing ngisor iki !
  - a. Piwulang kang sumimpen ing sajerone Serat Wedhatama Pupuh Pangkur.
  - b. Gegayutan piwulang-piwulang kasebut tumrap kahanan samengko.
  - c. Tanggepan kelompokmu tumrap Serat Wedhatama Pupuh Pangkur kasebut.
- 4 Asile wawan rembug, tulisna ana papan ing ngisor iki !

Pada	Isine Piwulang	Gegayutan	karo	Kahanan	Tanggepan
		Gegayutan			
		Samengko			
1 lan 2					
3 lan 4					
5 lan 6					
7 lan 8					

9 lan 10
11 lan 12
13 lan 14

- 5 Tindakna presentasi ana ngarep kelas kanggo medhar asiling wawan rembug !
- 6 Kelompok liyane nyemak lan menehi tanggapan

## B. Nulis Tembang Pangkur

Tembang macapat iku kaiket ing paugeran. Dadi manawa arep nulis tembang macapat iku kudu nggatekake paugeran-paugeran kasebut. Mula saka iku sakdurunge nganggit tembang macapat becik dimangertenih babagan tembang macapat wiwit saka jinise tembang, watak-watake tembang, paugerane, ciri-cirine, lan sapanunggalane. Kanthi mangkana anggone nulis tembang macapat bisa luwih mantep, coba gatekna wulangan ing ngisor iki!

### 1. Jinise Tembang

Tembang dadi salah sawijine karya susastra saka kabudayan Jawa. Ing jaman biyen tembang digunakake minangka sarana wujud karya susastra serat adi luhung. Jinis-jinise tembang kaya mangkene.

#### a. Tembang Gedhe

Jinising tembang gedhe namung ana Siji, yaiku Girisa. Manawa ditonton saka angele, tembang gedhe kaya Kakawin ing jaman Kuna. Kang kalebu tembang gedhe, yaiku Citramengeng, Kusumastuti, Mintajiwah, lan Pamularsih.

#### b. Tembang Tengahan

Jinising tembang iki kaya dene kidung kang asring dienggo rikala jaman Majapahit. Kang kalebu tembang tengahan, yaiku Juru Demung, Wirangrong, lan Balabak.

#### c. Tembang Alit

Kang kalebu tembang alit, yaiku tembang Macapat. Tembang Macapat minangka salah siji wujude tembang-Jawa ing kasusastran Jawa anyar, manut riwayat timbule tembang macapat iku karipta dening para wali. Tembang Macapat minangka pralambang laku urip manungsa. Tembang Macapat iku cacahé ana sewelas, yaiku Mijil, Maskumambang, Kinanthi, Sinom, Asmaradana, Durma, Dhandhanggula, Gambuh, Pangkur, Pocung, lan Megatruh.

### 2. Tembang Macapat

#### a. Titikane Tembang Macapat

- 1) Kaiket ing wewaton (guru)
  - a) Guru gatra: cacahing gatra/larike/baris saben sapada/bait.
  - b) Guru wilangan: cacahing wanda/suku kata saben sagatra.
  - c) Guru lagu: tibanning swara ing saben pungkasane gatra.
- 2) Basane Jawa Anyar, diseseli basa Jawa Kuna (Kawi).
- 3) Isine bab pitutur, kasusilan, dongeng, kaprajan wayang, lan sapanunggalane.

#### b. Paugerane Tembang Macapat

- 1) Mijil, dumadi saka 6 gatra, 10i 6o 10e 10i 6i 6a.
- 2) Maskumambang dumadi saka 4 gatra, 12i 6a 8i 8a.
- 3) Kinanthi dumadi saka 6 gatra, 8u 8i 8a 8i 8a 8i.
- 4) Sinom dumadi saka 9 gatra, 8a 8i 8a 8i 7i 8u 7a 8i 12a.

- 5) Asmaradana dumadi saka 7 gatra, 8i 8a 8e 8a 7a 8u 8a.
- 6) Durma dumadi saka 7 gatra, 12a 7i 6a 7a 8i 5a Fi.
- 7) Dhandanggula dumadi saka 10 gatra, 10i 10a 8e 7u 9i 7a 6u 8a 12i 7a.
- 8) Gambuh dumadi saka 5 gatra, 7u 10u 12i 8u 80. |
- 9) Pangkur dumadi saka 7 gatra, 8a 11i 8u 7a 12u Ba 8i.
- 10) Megatruh dumadi saka 5 gatra, 12u 8i 8u Bi 80.
- 11) Pocung dumadi saka 4 gatra, 12u 6a 8i 12a.

### **c.Sasmita lan Wewatakane Tembang Macapat**

- 1) Tembang Asmaradana

Sasmitane: asmaradana, asmara, brangta kingkin, lan yungyun.

Watake: tresna asih lan sedih, mula pantes kanggo nelakake rasa brangta, kayungyun, tresna asih, lan crita katusman tryane.

- 2) Tembang Durma

Sasmitane: durma, dur, undur, sirna, lan galak.

Watake: galak, seneng, lan ngemu kenepson mula cocok kanggo wong kang ana ing kahanan paprangan.

- 3) Tembang Pangkur

Sasmitane: pangkur, wuntat, pungkur, ungkur, lan yudakenaka.

Watake: seneng, antepan ati lan gagah, mula pantes kanggo nyritakake crita kagol, mangkelake, pitutur kang disababake rasa mangkel lan kahanan paprangan.

- 4) Tembang Sinom

Sasmitane: sinom, taruna, anom, weni, nom, srinata pamase, logondang, rema, pangrawit, lan mudha.

Watake: sabar, grapyak, lan sumanak mula blumrahe kanggo nelakake crita kang ngemu piwulang lan pratur.

- 5) Tembang Dhandhanggula

Sasmitane: dhandhanggula, sarkara, hartati, dhandhang, madu, manis, sari bremana, gula drawa gagak, kaga tresna. Watake: luwes, kemes, lan ndudut ati, mula pantes kanggo nelakake crita apa bae ing ngendi bae, lan kahanan apa bae.

- 6) Tembang Pocung

Sasmitane: pocung. kaluwak, wanda cung. Watake. sakepenake lan kurang greget, lumrahe kanggo nelakake geguyonan lan pitutur.

- 7) Tembang Maskumambang

Sasmitane: maskumambang, kampul, maskentir, kambang, lan kentir.

Watake: susah utawa sedih lan melas asih mula cocok kanggo nelakake rasa kesedihan kang ngenesake.

- 8) Tembang Megatruh

Sasmitane: duduk wuluhtruh, megatruh, pegat, duduk, wuluh, lan tuh.

Watake: sedih lan kentekan pangarep-arep mula lumrah kanggo nelakake crita kang nggramtesake ati.

- 9) Tembang Gambuh

Sasmitane: gambuh, buh, jumbuh, lan tambuh.

Watake. grapyak, sumanak, mula cocok kanggo nyritakake pitutur

- 10) Tembang Mijil

Sasmitane: mijil, pamijil, wijil, wiyo, raras, medal, lan sulastrı.

Watake: tinarbaku, mula pantes kanggo nelakake pitutur nasehat lan crita katesnan utawa asmara.

#### 11) Tembang Kinanthi

Sasmitane: kinanti, kanthi, gandeng lan kanthil.

Watake: seneng, tresna asih, mituturi, nuladhani, mula lumrahe kanggo menehi pitutur lan crita kang nelakake rasa tresna asih.

#### d. Piwutang Luhur Tembang Pangkur

Surasa wigati piwulang ing Serat Wedhatama bisa kaperang dadi papat.

1) Piwulang etika, watak kang becik lan ala kang kandhut ing pupuh Pangkur.

2) Piwulang ukum, kang katulis ing pupuh Sinom.

3) Piwulang ngelmu lan amal kang katulis ing pupuh Pocung.

4) Piwulang panembah (ibadah marang Gusti Kang Mahakuwasa) kang kakandhut Ing pupuh Gambuh.

Pangkur dadi salah sawijining tembang kang kaserat ing Serat Wedhatama. Tembang macapat Pangkur ingkang populer Ing masarakat yaiku anggitanipun

KGPAI Mangkunegara IV kang kaandhut ing Serat Wedhatama, pupuh I, yaiku kaya mangkene.

Mingkar-mingkuring ukara

Akarana karenan mardi siwi

Sinawung resmining kidung

Sinuba sinukarta

Mrih kretarta pakartining ilmu luhung

Kang tumrap ing tanah Jawa

Agama ageming aji

Saka tembang macapat Pangkur kasebut bisa ditafsirake manawa, butuhe milih lan gunakake tembung-tembung kang becik kanggo ndidik anak. Kanthi cara nutur marang anak, wong tuwa kudu bisa dadi tuladha kang becik marga kanthi tembung-tembung kang becik bisa gawe ayem sing ngrungokake. Ndidik bisa kawiwit kanthi tembang kang disusun endah supaya narik kawigaten, saengga pitutur-pitutur babagan ilmu luhur kang ana ing tanah Jawa bisa dihayati lan agama bisa dadi salah sawijining ajaran ing kauripan saben dinane.

### 3. Carane Ngrakit Tembang Macapat

Sawise mangerten paugeran tembang, kita uga bisa nulis cakepan tembang kanthi migunakake basa lan nemtokake isine dhewe. Carane ngrakit tembang macapat, kaya ing ngisor iki.

a. Miliha tembung-tembung sing mentes tur edi peni.

b. Tembung sing dipilih kudu ana sesambungan karo tema utawa isine.

c. Saben tembang sing dipilih kudu sesambungan antarane siji lan sijine.

d. Ana sesambungan antara ukara larik siji lan sijine sapada.

e. Supaya bisa nyocokake guru lagune, tembunge bisa diwalik panggonane.

f. Aja lali ngetung guru wilangane.

## Wasis

- 1 Cakepan Serat Wedhatama Pupuh Pangkur ing dhuwur pilihun sakpada bae !
- 2 Mangertenana, gladhinen nembangake, banjur tembangna ana ngarep kelas !
- 3 Siswa liyane menehi pambiji migunakake tabel ing ngisor iki.

Jeneng	Unsur kang Dibiji	Vokal	Patrap	Ekspresi

**Katrangan;**

Retang biji 50-90

## Guyub Rukun

- 1 Sawise nyinaoni babagan tembang macapat, gaweа cakepan tembang Pangkur sak pada kanthi paugeran lagu, guru wilangan, lan guru gatra kang bener !
- 2 Ijolna asil karyamu iku marang kancamu sakmeja !
- 3 Talitinen asile karyane kancamu sakmeja, banjur benerna bab-bab kang durung bener ngenani panulise tambung, pamilihan tembung jumbuh kalawan paugeran tembang Pangkur, lan liya-liyane !
- 4 Tindakna wawan rembug karo kancamu sakmeja !
- 5 Benerna asil karyamu kanthi anggatekake panemune kancamu ngenani bab-bab kang becike dibenerake iku wau !
- 6 Banjur aturna asil karyamu marang guru !

## Bausastra Alit

Gatra ;tembung utawa kumpulaning tembung saben sapada lingsa ing tembang

Pada ; kumpulaning gatra saben satembang

Pupuh; perangan saka karya susastra serat kang bisa dipadanake kaya dene bab-bab sajeroning wacan

## Gladhen Wulangan

- A. Wenehana tanda ping [x] sangarepe wangsulan sing bener!

1. Watake Pocung, yaiku ....
- a. wibawa lan parikena
  - b. parikena lan rumaket
  - c. rumaket Ian sak penake
  - d. sak penake lan sembrana
  - e. sembrana lan wibawa
2. Tembang Dhandhanggula iku matuk kanggo
- a. nggambarake rasa susah
  - b. medharake cangkriman
  - c. pambuka gendhing
  - d. mituturi
  - e. piwulang kang dhuwur
3. Rong tembang utawa luwih Ing tembang macapat diarani ....
- a. gatra
  - b. wilangan
  - c. pada
  - d. pupuh
  - e. dhong-dhing
4. Ing ngisor Iki ora kalebu tetengere tembang macapat, yaitu ....
- a. duweni paugeran guru gatra
  - b. duweni paugeran guru wilangan
  - c. bisa madeg tanpa irungan gamelan
  - d. ora bisa dadi bawa
  - e. migunakake basa Jawa anyar
5. Paugeran tembang macapat kang arane utawa cacahé larik saben sapada diarani guru ....
- a. gatra            d. sastra
  - b. laras            e. lagu
  - c. wilangan
6. Pathokan panulise tembang macapat kang ngemot cacahé larik (baris) saben sapada diarani ....
- a. guru wilangan
- b. guru lagu
  - c. guru gatra
  - d. purwakanthi
  - e. dong-ding
7. Kang dudu watake Kinanthi yaiku ....
- a. tresna.            d. luwes
  - b. nesu            e. asih
  - c. seneng
8. Jenenge tembang sing saka tembung Sing tegese sarujuk, yaiku ....
- a. Durma
  - b. Megatruh
  - c. Asmaradana
  - d. Gambuh
  - e. Dhandhanggula
9. Tembang macapat asring diarani tembang ...
- a. maca yen sempet
  - b. macane mripat
  - c. maca miumpat-mlumpat
  - d. maca kepepet
  - e. maca papat-papat
10. Paugerane tembang macapat kang tibane swara ing pungkasane gatra diarani guru....
- a. gatra            d. sastra
  - b. laras            e. lagu
  - c. wilangan
11. Ing ngisor iki guru lagu lan guru wilangan tembang Pangkur, yaiku
- a. 10i, 60, 10e, 101, 6i, 6u
  - b. 8a, 8i, 8a, Bi, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
  - c. 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
  - d. 8u, Bi, 8a, Bi, 8a, 8i
  - e. 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, ga, 12e, 7a

12. Pathokan panulise tembang macapat kang ngemot cacahe wanda (suku kata) saben sagatra diarani ....
- a. guru wilangan
  - b. guru lagu
  - c. guru gatra
  - d. purwakanthi
  - e. dong-ding
13. Dhandhanggula iku nggamarake wong kang lagi ....
- a. golek panguripan
  - b. lara ati
  - c. lair saka kandhutan
  - d. ngangsu kawruh
  - e. bungah atine
14. Tembang macapat sing tegese wis cetha priya utawa wanita, yaiku ....
- a. Kinanthi
  - b. Asmaradana
  - c. Maskumambang
  - d. Mijil
  - e. Sinom
15. Tembang Jawa kaperang dadi ....
- a. 2      d. 5
  - b. 3      e. 6
  - c. 4
16. Guru lagu lan guru wilangan tembang Kinanthi, yaiku ....
- a. 10i, 60, 10e, 10i, 6i, 6u .
  - b. 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
  - c. 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
  - d. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 81
  - e. 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12e, 7a
17. Guru lagu Ian guru wilangane tembang Sinom, yaiku ....
- a. 8i, 8a, 80, 8a, 7a, 8u, 8a
18. Wong nembang iku kudu nggatekake pawitan ....
- a. titi laras                  d. titi tembung
  - b. titi gatra                  e. titi swara
  - c. titi mangsa
- 19 Wong enom iku kudu ngangsu kawruh sak akeh-akehe, kang mangkana iku gegambaran saka tembang ....
- a. Kinanthi
  - b. Dhandhanggula
  - c. Maskumambang
  - d. Mijil
  - e. Sinom
20. Medharake rasa utawa ati iku watake tembang ....
- a. Pocung                  d. Mijil
  - b. Gambuh                  e. Sinom
  - c. Asmaradana
21. Rasa susah karanta-ranta iku mathuke digambarake nganggo tembang ....
- a. Mijil
  - b. Gambuh
  - c. Maskumambang
  - d. Durma
  - e. Pocung
22. Tibaning swara ing saben pungkasane gatra diarani guru ....
- a. lumaksita                  d. lagu
  - b. titi laras                  e. sastra
  - c. wilangan

23. Saka paugeran 8a, 10i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i bisa dimangertenii guru gatrane tembang kuwi, yaiku ... gatra.

- a. 6 d. (u)
- b. 7 e. (1)
- c. (a)

24. Ing tembang Macapat, basa kang digunakake, yaiku basa .... :

- a. Sanskerta d. rinengga
- b. Kawi e. JawaAnyar
- c. Yunani

25. Ing ngisor iki kang migunakake guru lagu lan guru wilangan (6i), yaiku ....

- a. Dedalane guna lawan sekti d. Tumungkula yen dipun dukani
- b. Kudu andhap asor e. Bapang den simpangi
- c. Wani ngalah dhuwur wekasane

## B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener!

1. Jlentrehna tegese tembung Wedhatama miturut Kamus Kawi-Indonesia karangane L. Mardiwasito!

Wangsulan: .....

2. Sebut Ian jlentrehna dumadine tembung Wedhatama!

Wangsulan: .....

3. Apa kang diandharake dening pupuh Pangkur ing Serat Wedhatama?

WangSulan: .....

4. Apa kang diandharake dening pupuh Kinanthi ing Serat Wedhatama?

Wangsulan: .....

5. Piwulang babagan apa kang diduweni Serat Wedhatama?

Wangsulan: .....

Catatan Guru

Paraf Guru

Nilai

## Gladhen Perbaikan

### **Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanti bener!**

1. Jlentrehna babagan falsafah kauripan pinangka isi sing dirupiake ing Serat Wedhatama!

Wangsulan:.....

2. Apa bae kang kalebu tembang tengahan iku?

Wangsulan: ....

3. Wedharna kang dijlentrehake pupuh Gambuh ing Serat Wedhatama!

Wangsulan: .....

4. Apa sing dikandhut dening serat Wedhatama?

Wangsulan: .....

5. Serat Wedhatama mangadeg ing atase satus pupuh tembang macapat, kang kaperang ing sajroning lima tembang, jlentrehna!

Wangsulan:.....

## Gladhen Pengayaan

1. Gatekna Serat Wedhatama Pupuh Pangkur pada 11 lan 12 ing ngisor iki !

Serat Wedhatama Pupuh Pangkur

### **Pada 11**

Iku kaki takok-eno

marang para sarjana kang martapi

Mring tapaking tepa tulus

Kawawa nahen hawa

Wruhanira mungguh sanyataning ngelmu Tan mesthi neng janma wredha

Tuwin mudha sudra kaki

### **Pada 12**

Sapantuk wahyuning Allah

Gya dumilah mangulah ngelmu bangkit

Bangkit mikat reh mangukut

Kukutaning jiwangga

Yen mengkono kena sinebut wong sepuh

Lire sepuh sepi hawa

Awas roroning atunggil

2. Wacanen kang pratitis lan mengertenana tegese tembang iku.

3. Sak banjure salinana dadi gancaran.

## Kawruh Basa

### **Jinising Tembung**

#### **1. Tembung Saroja**

Tembung saroja ateges tembung loro utawa luwih sing meh padha tegese dirangkap dadi siji, nduweni teges mbangetake

Tuladha:

- a. Sanak sedulur
- b. Guyup rukun
- c. Tandang grayang
- d. Was sumelang
- e. Lara lapa

## 2. Yogyaswara

Yogya =becik. Yogya swara = swara sing becik. Tembung yogyaswara ateges tembung loro sing dirangkep dadi siji sing ngarep tiba swara "a" sing mbuni tiba swara 'i', nduweni teges lanang wadon.

Tuladha:

- a. Dewa-dewi
- b. Pemudha-pemudhi
- c. Hapsara-hapsari
- d. Widadara-widadari
- e. Yaksa-yaksi

## 3. Tembung Garba

Tembung garba utawa sandhi yaiku tembung loro sing dirangkep dadi siji nanging nganggo ngurangi cacahing wanda. Wanda - suku kata (bahasa Indonesia).

Tuladha:

- a. Prapta + ing = prapteng
- b. Iya +wiku =yeku
- c. Nara + pati = narpati
- d. Raja + endra = rajendra
- e. Parama + iswari = prameswari

## 4. Tembung Plutan

Tembung plutan tegese tembung sing diringkes cacahing wanda supaya luwih sathithik. Upamane tembung para bisa diringkes utawa dipluta dadi "pra", dene tegese ora owah.

Tuladha:

- a. Serat dipluta dadi srat.
- b. Suwara dipluta dadi swara.
- c. Weruh dipluta dadi wruh.
- d. Sarana dipluta dadi srana. .
- e. Sari dipluta dadi sri

## 5. Kerata Basa

Kerata basa uga diarani jarwa dhosok. Kerata tegese udhar utawa ngudhari. Kerata basa tegese tetembungan sing diudhari utawa dipirit, nanging dadi mathuk karo kekarepane.

Tuladha:

- a. Wedang = ngawe kadang.

- b. Brekat = mak brek diangkat.
- c. Kodhok = teka-teka ndhodhok.
- d. Kupluk = kaku tur cempluk.
- e. Guru =digugu ditiru.

## 6. Rura Basa

Rura tegese rusak utawa salah. Rura basa tegese basa sing wis rusak utawa luput, nanging yen dibenerake dadi saya salah. Mula rura.basa uga diarani basa sing salah kaprah.

Upamane: tembung nguleg sambel iku ora bener. Benere nguleg lorhbok, trasi, uyah, tomat, moto, lan sapiturute. Nanging yen dibenerake kaya ing ndhuwur iku malah bisa digeguyu dening wong akeh.

Tuladha liyane:

- a. Nunggoni pitik      d. Adang sega
- b. Ngenam kepang      e. Menek jeruk
- c. Nggodhog wedang

### Luhuring Budi

Sawise nyinau piwulang babagan kasusastran kang ngandharake Serat Wedhatama pupuh Pangkur, siswa diajap bisa negesi tetembungan kang durung dimangertené tegese ing sajeroning pupuh Pangkur. Kajaba iku, siswa bisa nemokake surasa lan piwulang Serat Wedhatama pupuh Pangkur lan gegayutane karo masarakat jaman saiki kanthi gawe gancaran utawa parafrase. Sabanjure siswa uga bisa nulis lan nembangake tembang Pangkur kang digawe dhewe. ka piwulang iki kaajap siswa bisa duweni karakter kang percaya diri, rasa ingin tahu, tanggung jawab, lan kreatif.

## WULANGAN

2

### Crita Cekak [ Cerkak]

#### Kompetensi Dasar

1.2 Menerima, mensukuri, menghayati dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks Crita Cekak.

2.2 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli [gotong royong, kerja sama, toleran, damai], santun, responsif dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa dalam bentuk teks Crita Cekak.


3.2 Menelaah teks Crita Cekak.

4.2 Menulis dan menyajikan sinopsis teks crita cekak yang dibacanya.

#### Tujuan Pembelajaran

Setelah mempelajari materi ini, diharapkan siswa mampu;

- 1 Memahami teks Crita Cekak
- 2 Menulis sinopsis teks Crita Cekak, serta



## Purwaka

Tembang macapat sing wis kosinau ing Wulangan 1 iku asil karya sastra kang awujud lelagon. Dene karya sastra iku akeh jinise, ana kang awujud pacelathon lan gancaran. Salah siji asil karya sastra iku kang ingaran cerkak. Cerkak iku cekakan saka crita cekak. Crita kang dawane ora sepiraa nanging isine padet, ringkes, lan ngandhut piwulang kang sumimpeng ing sajrone. Jenenge crita iku iya mesti kalebu jinising wacan narasi. Ing kana ana paraga kang ngalami crita, ana papan panggonan dumadine Crita, ana lakuning crita kang adhedhasar urut-urutane wektu kedadeyan, Ian liya-liyane kang pinangka unsur-unsure cerkak.

Gambar

Cerkak iku kaanggit kanthi ngusung tema kang maneka wama. Tema-tema sing diusung bisa babagan ketuhanan, katresnan, perjuangan, lan liya-liyane kang kabeh iku gumantung kang nganggit e crita iku. Panganggit lumantar asil karyane iku satemene duwe piweling kanggo para pamaca. Piweling iku sumimpeng ing jeroning crita iku amanat. Cerkak iku asil karya saka pangangen-angene pangripta, dadi k cerkak iku kedadeyan kang direka-reka, sanajan tho bisa nanging iku wis diolah lan dibumboni dening pangripta. Kan cerkak, gatekna wulangan ing ngisor iki!

## Ringkesaning Wulangan

### A. Wacan Cekrak

Wacanen cerkak ing ngisor iki kanthi cara maca batin !

#### Kathok Kodhok

Ponakanku sing cilik dhewe lagi nangis. Tangise ora kaya biyasane. Iki gawe jengkele ibune sing lagi sibuk nyiapake mulang. Bojone durung mulih saka nyambut gawe. Dene anak-anake liyane wis padha mlebu neng kamare dhewe-dhewe, njekut sinau nyiapake ujian komprehensif.

“Kang Letug, tulung ya, dijaga anakku iki. Dineng-nengi ben ora ngganggu. Aku jan lagi buneg tenan lho.” Panjaluke adhiku wadon iki.

“Ya, dak neng-nengane.” Aku banjur mlaku nyedhaki ponakanku sing umure durung ana limang taun.

“Udah yah...Mama sedang sibuk tuh. Kan kasihan kalau adik nangis terus..” Aku omong nganggo basa Indonesia.

Pancen bocah jaman saiki basa jawa sing alus ora padha ngerti. Mulane ing kulawargane adhiku, basa padinane campur. Malah luwih akeh padha nganggo basa Indonesia. Rasane lucu yen aku nyoba nganggo basa jawa sing alus. Bocah-bocahe padha ora seneng. Banjur miwiti nganggo basa Indonesia. Bocah-bocah uga wis ora nyebut rama utawa ibu marang wongtuwane, nanging wis migunakake tembung Papa utawa Mama.

“Kenapa menangis terus Teta? Apa karena dinakali Mama?”

“We...weeee... Teta mau dibelikan baju baru...we...wee..” Teta jenenge ponakanku mau, kepengin ditukokake klambi anyar. Mbok menawa bapak ibune mung durung sempat wae.

“Besok Pak Dhe belikan ya...mau enggak?”

Krungu jawabanku mau, dheweke banjur ketok lega. Ngusap luh neng pipine, senajan ta isih mimbik-mimbik manja banget.

“Besok Pak Dhe belikan yang namanya celana kodok ya? Tahu enggak kamu?”

Jawabane ponakanku mung gedhek-gedhek. Ora ngerti apa kuwi sing jenenge kathok kodhok. Kamangka dhek jaman cilikanku, kathok kodhok kuwi istimewa banget. Saben bocah yen krungu tembung kathok kodhok bisa banjur senenge ora mekakat. Kathok kodhok dadi favorite bocah-bocah. Mergane yen dienggo anget tur ora mlotrak-mlotrok.

Aku banjur crita marang ponakanku ngenani kathok kodhok kuwi.

Sawatara crita bab kathok kodhok, pikiranku kelingan dhek jaman semana aku duwe kathok kodhok sing anyar. Aku dolanan ingkling karo kanca-kancaku neng ngomah. Nanging, blaik, ing tengah-tengahe dolanan ingkling, aku ngebrok (ngising neng kathok). Suara pret.... preet.... preeet.... banjur ambune wah...jan ora karuhan! Kanca-kancaku banjur padha bengok alok:

“Oeeee, Letug ngebrok! Letug ngebrok!” Mboko siji kanca-kancaku padha mlayu nyinkiri aku karo nutup irunge.

Aku mung bisa nangis nggugug ditinggal kanca-kancaku. Aku nangis merga kathok kodhokku sing anyar dadi reged kena abyuran saka wetengku.

Ora let suwe, nanging, sing nyedhaki aku ora liya ya ibuku. Aku ora dinesoni. Ibuku malah mung gumujeng. Aku banjur dicandhak digawa menyang wc.

Ibuku ora wegah ngresiki regedanku. Ibuku ora wegah nyedhaki ambuneregedanku. Ibuku ora wegah nyandhak awakku lan nyawikiaku. Ibuku ora duka weruh kathok kodhok anyarku dadi reged. Lan aku banjur meneng anggonku nangis. Aku mandeng ibu sing isih gumujeng lan gawe tentreme atiku.

Kelingan pengalaman mau, aku mung bisa ngguyu dhewe. Kathok kodhokku sing anyar wis reged lan mambu. Nanging aku bisa nemu gumuyune ibu sing ora ilang saka rasaku.

Yen ing kulawarga isih ana ibu sing bisa gumuyu, ngresiki reregdedaning anak, sepira begjane wong neng alam donya yen akeh sing isih padha bisa gumuyu uga ngresiki reregdeding urip bebrayan.

Wacan ing dhuwur iku kang diarani cerkak. Apa iku cerkak, kepriye titikane, unsur-unsur kang andadekake wujude cerkak iku apa bae? Kanggo mangerteni babagan cerkak, gatekna kang tenanan wulangan ing ngisor iki!

## **1. Pangertene Cerkak**

Crita cekak utawa lumrahe sinebut kanthi cekakan cerkak kuwi mujudake salah sijine karya sastra kang arupa gancaran. Cerkak, yaiku crita kang wujude cekak nyritakake sawijine paraga (tokoh) ing saperangan uripe.

## **2. Titikane Cerkak**

Titikane cerkak kaya mangkene.

- a. Critane cekak.
- b. Prekara kang dicritakake mung siji.
- c. Cacahe paraga mung sithik.
- d. Paraga kang dicritakake ora nganti owah nasibe.
- e. Manawa ditulis antarane mung 3-10 kaca.

## **3. Unsur-unsur Cerkak**

### **a. Unsur Intrinsik**

Unsur intrinsik kayata tema, paraga, watak, latar/setting, sudut pandang, gaya basa, alur/plot, lan amanat.

#### 1) Tema

Tema, yaiku idhe/gagasan baku kang dadi undherane prekara crita. Tuladhane bab kamanungsan, kabudayan, kasusilan, sesrawungan, katresnan, lan sapanunggalane.

#### 2) Paraga

Paraga, yaiku pelaku kang mbangun crita utawa wong kang dicritakake. Paraga ing crita nduweni watak dhewe-dhewe kangg mbedakake Siji la. liyane. Paraga kaperang dadi telu.

- a) Paraga utama
- b) Paraga mungsuh sing uga dijenengi
- c) Paraga tambahan

#### Warta Mligi

Basane cerkak umume landhep, sugestif, jan narik kawigaten. Tegese basane iku prasaja ngudhar maksud apa anane, nduweni ciri kabahasan sing bisa nggamarake salah sawijining crita.

#### 3) Watak

Watak, yaiku tandha-tandha fisik (dhuwur, lemu, pe: nunggalane) lan tandha-tandha nonfisik kang diduweni paraga (galak, sumeh, grapyak, pinter/bodho, lan sapanunggalane).

#### 4) Latar/Setting

Setting utawa latar, yaiku papan, swasana, lan wektu dumadine crita.

- a) Latar panggonan/papan

Latar panggonan, yaiku latar kang dadi papan/panggonan nalika kedadeyan ana ing crita Iku dicritakake. Latar panggonan tuladhane pesisir, sawah, kraton, sekolah, lan sapanunggalane.

b) Latar wektu:

Latar wektu, yaiku wektu nalika kedadeyan ana ing crita iku dicritakake.

- 1) Esuk, awan, wengi
- 2) Dina, minggu, sasi, tanggal, taun
- 3) Sawijining dina, satengahing wengi, lan sapanunggalane

c) Latar kahanan (swasana)

Latar kahanan, yaiku kahanan lingkungan sosial Malika kedadeyan ana ing crita iku dicritakake.

Tuladha: Nalika kebo bule wis cedhak saka papan panggonku nonton kirab pusaka siji Sura, kahanan tansah anteng, krasa sepi, ora ana mobah mosiking angin.

5) Sudut Pandang

Sudut pandang, yaiku posisine pangripta i ing crita utawa carane pangripta nyritakake isine crita. Pangripta bisa dadi tokoh ing crita kuwi lan pengamat ing njaba crita.

Posisi pangripta ana loro.

- a) Dadi wong kapisan (orang pertama). Pangripta dadi tokoh lan lakon ana ing crita. Cirine ana tembung “aku”.  
Tuladha: Aku isih durung percaya manawa dina iki bisa lungguh ana kursi Stadion Gelora Bung Karno.
- b) Dadi wong katelu (orang ketiga). Pangripta dadi pengamat ana ing crita. Cirine tokoh utamane nggunakake “jeneng uwong”.
- c) Tuladha: Suryo katon mongkog atine amarga bisa munggah podium menang lomba.

6) Gaya Basa

Basa sing digunakake pangripta ing sajroning crita utawa cara khas kang dienggo pangripta kanggo medharake pikiran lan rasa atine. Cara kang khas mau bisa dingerten liwat ukara tetembungan kang dienggo. Mula gaya basa ing jagad kasusastraan Jawa bisa awujud basa rinengga, pepindhan, bebas, lan majas.

Basa kang ana Ing Crita nduweni kagunaan kanggo nyiapake nada utawa kahanan persuasif. Basa uga kanggo ngrumusake dialog kang bisa ngetokake hubungan ian interaksi tokoh siji lan sijine.

7) Alur/Plot

Alur, yaiku urut-urutane kedadeyan Ing crita. Bakune crita saka wiwitan nganti tekan pungkasan (perkenalan, konflik, penyelesaian). Alur kaperang dadi telu.

- a) Alur maju (progresif), yaiku alur sing nyritakake utawa nggambareke kahanan saik! kanthi sateruse.
- b) Alur mundur (regresif), yaiku alur sing nggambareke kahanan saiki, diterusake ngandharake kahanan sing kapungkur.
- c) Alur campuran

8) Amanat

Amanat, yaiku piweling utawa piwulang luhur kang sumimpen ing sajroning Crita, kang arep diwenehake pangripta marang pamaca.

## b. Unsur Ekstrinsik

Unsur ekstrinsik, yalku unsur kang mbangun cerkak saka sanjabane cerkak. Kang mangaribawani (memengaruhi) dianggite sawijining novel saka unsur ekstrinsike iku antarane kaya ing ngisor iki.

- 1) Agama
- 2) Ekonomi
- 3) Sosial Budi darma marang sapadha
- 4) Pendhidhikan
- 5) Budaya

### Pendidikan Antikorupsi

Budi darma marang sapadha-padha iku ateges uga mitulungi awake dhewe, nglatih marang rasa lila legawa, kang ateges uga ngabekti marang Pangeran Ingkang Mahaluhur.

## Wasis

1. Wacanen kang pratitis cerkak ing ngisor iki !

### Aku Durung Kalah

Ngadeg neng tlampik omah pancen dadi kesenenganku saben sore. Namatake sesawangan nalika srengenge meh angslup. Manuk-manuk padha mulih neng susuhe, mabur renteng-renteng neng langit sing wiwit mbrabak abang ndadekake sesawangan katon endah. Sanajan sesawangan dikebaki karo gedhong-gedhong dhuwur nantang langit.

Mung siji kuwi sing bisa gawe ilange rasa sayah sak wise nyambut gawe sedina ngrampungake tugas-tugas kantor sing kaya-kaya ora ana lerene. Mengko sedhela mesti bakal keprungu swara mbrengging saka dalan ngarep omah ning komplek perumahanku. Pak Wiryo. Bakul putu bumbung nyurung grobage, mlaku alon saka kidul. Yen wis tekan ngarep omahku mesti mandheg karo cluluk "Puthu Mas " Aku banjur mbukak pager, mangan putu karo lungguh ing buk ngarep omah. Pak Wiryo uga mandheg. Ngladeni wong wong ing komplek perumahan sing padha tuku putu bumbung.

Pak Wiryo padha karo aku. Padha-padha wong sing nyoba golek panguripan ing kutha kene, sing jarene nggon duwit. Mung bedane, aku bisa tuku omah, duwe rodha papat gaweyan Jepang modhel sing paling keri dhewe, nyambut gawe ning kantor sing ruwangane adhem.

Pak Wiryo crita, yen omahe ana ing mburi lapangan golf. Saben esuk lan sore nalika mangkat lan mulih saka kantor aku mesti ngliwati tugu gedhe. Ngisor tugu kuwi ana dalan sing dawane watara rong kilonan tumuju menyang lapangan golf. Aku pancen durung nate weruh. Nanging aku bisa mengertenin yen omahe Pak Wiryo mesti sawijining kampung nempel karo tembok pager lapangan golf. Ora bisa diselaki yen panggonan-panggonan ngono kuwi bisa nekakna dhuwit yen digarap dening investor. Kompleks sandhinge panggonane Pak Wiryo wis digusur arep kanggo ngambahna lapangan golf. Wong-wong diwenehi ganti rugi sak cukupe (jenenge wae ganti rugi, mesti ya sak cukupe). Coba yen jenenge diganti 'ganti untung'. Mula akeh wong-wong kampung kana sing ora sarujuk karo pembebasan tanah kuwi.

"Krungu-krungu jare lapangan golf arep diambahna Pak?" Pak Wiryo mung mesem krungu pitakonku, sajake wis ngerti apa karepku. Aku mbacutake takon maneh.

"Lah yen lapangane diambahna, terus kampunge sampeyan digusur piye Pak?"

GAMBAR

"Nggih kersane napa ingkang kedadosan mangke, Mas. Digusur nggih pindah, wong pancen mboten gadhahane."

Pak Wiryo terus ngladeni wong tuku. Aku mangan putu sing mung kari siji ning tanganku. Aku gumun dene Pak Wiryo yen ngomong karo aku nganggo basa alus. Mangka Pak Wiryo umure ora beda adoh saka bapakku Nalika aku pisanan tuku putu banjur dadi langganan, Pak Wiryo malah rikuh aku ngomong nganggo basa alus. KAREPKU mono ngajeni wong tuwa, kaya sing diajarake bapakku, yen aku kudu ngajeni wong sing umure luwih tuwa, sapa wae kuwi.

"Panjenengan niku lho Mas, wong priyayi ageng kok ndadak basa lho kalih kula."

Oalah, donya kuwi jebule pancen isih mbedakna drajat, pangkat lan donya. Mula saka kuwi aku duwe panemu yen aku klebu wong begja. Lair ning kluwarga sing ana lan bisa ngrasakna kamukten urip. Sanajan ora nganti sugih mblededhu, nanging sakora-orane yen kepengin apa-apa bisa keturutan.

Nanging wong sing kaya Pak Wiryo, menawa biyen bisa milih, mesti ora kepengin lair neng donya dadi wong sing kudu nyambung urip kanthi rekasa. Kaya-kaya kasunyatan kuwi gelem ora gelem kudu diadhepi.

Sejatine miturut panemuku, mbuh kuwi bener mbuh ora, kasunyatan sing kaya ngana kuwi wis digarisna dening sing Maha Kuwasa supaya urip ing donya bisa laras. Sing gedhe nulung sing cilik, sing kuwat mbiyantu sing ora kuwat. Nanging kaya apa sing kedadeyan? Ing jaman saiki sing dumadi, sing gedhe mangan sing cilik. Sing kuwat ngidak-idak sing kesrakaat. Donya, pangkat lan drajat sing dadi ukuraning urip.

Pak Wiryo, lan wong-wong sing manggon ning mburi lapangan golf sing kudu minggir amarga dianggep ora ana maneh nilai ekonomise kanggo pembangunan kutha. Nanging wong kaya Pak Wiryo arep ngapa? Bisa apa? Ora ana sing dinggo ngomong sora nalika ganti rugi sing ditampa kuwi, ajine ora sepiraa.

"Pak, wong puthune sampeyan enak. Piye yen tak silihi modhal, terus gawe home industri, puthune diwenehi cap terus didol nyang supermarket?"

"Wah, mangke yen kula mboten ider mriki malih, njenengan kangelan ndadak pados putu teng supermarket," Pak Wiryo ngguyu latah-latah.

"Kula ngaten mawon sampun rumaos cekap kok Mas. Sing penting saged damel urip lan nyekolahke anak. Wong kula niku nggih mboten gadhah warisan napa-napa kangge anak kula. Sak mboten-botene, nek kula dadi bakul putu, anake kula nggih sampun ngantos kados bapake."

Biyen aku nate nawani Pak Wiryo, supaya anake nyambutgawe neng pabrik nggonku. Kebeneran nalika kuwi unitku butuh karyawan anyar. Aku malah ngomong yen anake mesti ditampa, awit sing nggawa aku. Ora usah gawe lamaran. KAREPKU nulung Pak Wiryo, tinimbang anake nganggur.

"Golek gaweyan saiki angel lho Pak."

"Wong tiyange tesih sekolah kok Mas."

"Rak wis lulus SMA ta?"

"Lha nyuwun kuliah niku Mas. Ning, niki jarene mpun ajeng nulis napa... niku, skripsi napa,... Duka napa jenenge. Pokoke mpun meh rampung...kantun setunggal niku." Skripsi? Anake Pak Wiryo kuliah? Apa kuwat Pak Wiryo nguliahake anake? Kuwi mung tak batin wae. Kuwatir yen Pak Wiryo mengko tersinggung.

Wis meh rong minggu iki ora keprungu swara mbrengging, saka grobag puthune Pak Wiryo. Aku ora ngerti kena apa Pak Wiryo ora katon liwat ning dalan ngarep omahku. Apa Pak Wiryo lara? Apa omahe digusur? Kaya ana sing kongkon, aku noleh kiwa dalan.

Sore kuwi aku nembe mulih saka kantor. Aku ngerem mobil ndadak. Ora maelu kendaraan-kendaraan ning mburiku sing padha ngunekna klakson. Stir dak buwang mengiwa menggok mlebu ning jurusan lapangan golf. Ning sawijining gang aku mandeg. Kepeksa mudhun saka mobil awit dalane ora bisa diliwati mobil. Aku mlaku saurute pager sisih njaba lapangan golf sing durung rampung digarap kuwi.

Aku yakin, dalam kuwi sing saben dina diliwati Pak Wiryo. Nyawang mengarep. Rodha-rodha traktor nggilesngratakna lemah. Akeh wong nganggo helm kuning. Ning panggonan liya, ora adoh saka kana, ana wong-wong padha nglumpukna kayu-kayu tilas omah, seng lan barang-barang liyane sing isih bisa dienggo. Aku ora ngerti apa wong-owong kuwi sing duwe omah sing digusur apa mung pemulung sing nggoleki barang-barang tilas. Sing tak ngerten, kampung kuwi wis rata karo lemah. Lan omahe Pak Wiryo mesti klebu salah sijine omah sing dadi mangsane buldoser.

Srengenge manglung mengulon. Alon-alon aku ninggalake papan panggonan kana. Perusahaanku ya duwe buldoser kaya ngana kuwi.

Kelingan karo Pak Wiryo, karo wong-wong sing mung bisa nyawang omahe diratakna karo lemah. Wong-wong sing kalah dening ukeling jaman. Kalah karo panguwasane dhuwit. Wong-wong sing kanggo tumbal modernisasi lan kapitalisme. Apa kemajuwan jaman kudu mesti ana sing dikurbanake? Aku kelingan, atasanku wingi uga ngomong, yen sawah mburi pabrik duweke penduduk wis dibebaske arep dinggo mbangun unit anyar.

Srengenge mbranang ing langit sisih kulon. Manuk-manuk mulih menyang susuhe. Cagak-cagak listrik, gedhung-gedhung tingkat njenggereng mandeng langit. Layangane bocah-bocah cilik jogedan sajak ngece. Sore kuwi, kaya biasane aku ngadeg neng ngarep omah. Nanging wis ora ana maneh swarane mbrengging saka grobage Pak Wiryo. Wingi aku krungu kabar yen Pak Wiryo digawa anake menyang Batam. Anak sing nate tak tawani gaweyan biyen, wis lulus kuliah. Cumclaude! Dheweke dijaluk sawijining perusahaan Singapura ing Batam. Aku kelingan marang apa sing nate diomongna Pak Wiryo: "Yen nyawane kula tesih kanthil teng raga Mas, kula dereng kalah...."

2. Jlentrehna kanthi lesan babagan nilai-nilai kang kakandhut ing cerkak dhuwur iku. Miturut panemumu, apa nilai-nilai iku isih jumbuh kalawan kahanan samengko ? Jlentrehna !

### Guyub Rukun

1. Tindakna wawan rembug karo kancamu sameja !
2. Rembugen ngenani unsur-unsur cerkak ‘Aku Durung Kalah’ ing dhuwur !
3. Wedharna unsur-unsur kang mbagun cerkak ing dhuwur !

## B. Nulis lan Nyawiske Sinopsis Wacan Cerkak

### 1. Bab Wigati Sajerno Nulis Cerkak

Cerkak, yaiku crita kang wujude cekak nyritakake sawyne paraga (tokoh) ng saperangan uripe. Cerkak (crita cekak) nduweni ciri-ciri, yaiku critane ringkes., nduweni sipat naratif, nduweni sipat rekaan/fiktif, nduweni kesan tunggal, ana gegayutane karo lelakon manungsa, basane landhep, lan narik kawigaten.

Nalika nulis cerkak ana sawetara bab kang kudu dimangertenin siswa supaya bisa katulis kanthi apik. Narik kawigaten tegese bisa ngawa swasana pamaca marang crita, arep kuwi critane sedhih, seneng, medeni, lan Iiyaliyane. Intine bisa gawe pamaca seneng marang crita amarga basa sing ditulis dening pangripta kuwi apik lan narik kawigaten. Sajrone bentuk-bentuk faksi sing luwih dawa, critane momot unsur-unsur inti tertamtu saka struktur dinamis, kaya mangkene.

- a. Eksposisi (setting, situasi, lan paraga utamane).
- b. Komplikasi (kedadeyan ing jero crita sing ngenalake konflik).
- c. Aksi sing ningkat, krisis (wektu sing wigati kanggo si paraga utama kang nemtokake arah jumangkahe kanggo ngadepi prakara).
- d. Klimaks (titik minat paling dhuwur, tegese konflik lan titik crita sing ngandhut aksi paling akeh utawa wigati).
- e. Perampungan (konflik bisa dirampungake).
- f. Moral

Amarga cendhak, crita cekak bisa momot pola iki utawa bokmenawa uga ora. Tuladhane, crita-crita cekak modern mung sapisan ngandhut eksposisi. Sing luwih umum, yaiku awal sing dumadakan, karo crita sing diwiwiti tengah aksi. Kaya jero critaCrita sing luwih dawa, plot saka crita cekak uga ngandhut klimaks, utawa titik walik. Ning mangkana, akhir saka akeh crita cekak biyasane dumadakan lan tinerbuka bisa ngandhut (utawa bisa uga ora) pesan moral utawa piwulang praktis.

## 2. Gawe Sinopsis Cerkak

Sinopsis, yaiku ringkesan sawijining crita. Ringkesan, yaiku salah sawijining wujud nyekakake sawijining cerita kanthi tetep migatekake unsur-unsur intrinsik sawijining crita iku. Gawe sinopsis iku cara kang efektif kanggo ngaturake sawijining crita kang dawa sajeroning wujud cekak. Sajeroning sinopsis kaendahan gaya, ilustrasi, lan penjelasanpenjelasan diilangake, nanging tetep gumathok marang isi lan gagasan umum pangripta. Dawane sinopsis biasane sak proliman utawa sak prosepuh saka dawane karangan asline. Carane gawe sinopsis, kaya mangkene.

- a. Maca naskah asli kanggo nggolek gagasan umume pangripta.
- b. Nyatet gagasan utama kang penting.
- c. Ngrantam maneh gagasan utama dadi paragrap.
- d. Dialog lan monolog cukup ditulis isi utawa garis utamane.
- e. Sinopsis ora kena owah saka lakune crita.

Wasis

**Wacanen lan mangertenana cerkak ing ngisor iki, banjur gawenen sinopsise !**

**Balapan**

Ing jaman saiki akeh bocah cilik ingkang pada iso nunggang motor. Salah sijine Aji ingkang ngumur sewelas tahun utawa kelas lima SD. Amerga wis ngrasaake kepenake nunggang motor, dadi kebiasane Aji yen dolan-dolan nganggo motor. Menawa miturut Negara sing oleh numpak montor iku tiyang kang uwis anduweni SIM utawa Surat Ijin Mengemudi.

Ing wayah sore, Fatih kancane aji moro ing ngomahe.

“Ji, aji...aji....” Fatih bengak-bengok ing ngarep omahe Aji.

“ Woi.....dilit” suarane Aji saka njero ngomah.

Let sadela suara pating gedebuk kaya ana lindu dirasake Fatih .

“Wah.... Iki apa sek tak goleki,lagi ngopo Ji kok suwe banget?” pitakone Fatih marang Aji kang lagi wae mlayu marani Fatih.

“He..he..he lagi wae madang, alhamdullilah wareg!!”

“Wuuuuu.....awak wae sing digedeke, pikiran ya digedeke !”calethune Fatih.

“ Kadingaren dolan sore-sore, ana apa?” pitakone Aji.

“Ayo Ji mubeng-mubeng nganggo motor. engko balapan wis, gelem ra?”jawabe Fatih karo cengar-cengir.

“Ayo!!! paling sampeyan yo kalah mas bro.”

“Weh aja ngremehke,ngeneiki aku wis tau juara balap karung jhe.”

“Apa hubungane ro ciduk???”

“Ha...ha..ha... dingo adus.” Jawabe fati karo nguyu cekikikan.

Sak banjure Aji mlebu ing garasi ngetoake motore. Treng...treng...teng....teng...teng...suarang motor jet collede Aji lan Fatih kaya wajan kang ditutuki marang ibune aji Pas lagi duka.

“Siap rung tih?”pitakone Aji kang wos siap arep balapan.

“ Siap ndan.” Wangsulane Fatih

“Siji...loro...telu...”

Treng .....treng....teng....teng.....aji lan fatih pada banter-banteran numpak montorr mubeng ndesa. Wong loro kuwi pada selip-selipan kaya balapan motor antarane Valentino Rossy lan lorenzzo.

Ana ing pertelon aji lali ora ngurupake klakson. Ora nyongko ing lawan arah ana bakul some. Aji kaget banget,dheweke bingung lan gugup.

“Lik....lik....lik...awas”

Grubyuk,klonteng , tlepok-tepok-tepok. Some kang ana ing kwali pada menculat ing lemah. Praupane Aji lan Fatih mbalek sak untara,dadi pucet kaya mayet kanga arep dikubur.

“kepriye tha le...? Nek numpak motor aja banter-banter. Daganganku temumplak kabeh , piye nek ngeneki?”pititure bakul some.

“ Kula nyuwum pangapunten pak, sak estu kula mboten sengaja” jawabe Aji kang kaweden.

“Saiki daganganku uwis ora payu,amerga someku tak tumplakke. Kowe kudu ngijoli duit seket ewu”

“Injih pak, kula tetep tanggung jawab. Kula tak mantuk rumiyin mendet arta.”

Ahire Aji lan Fatih tarikan selawe ewu-selawe ewu kanggo ngijoli tukang some kang uwis ditabrak sewau. Sakwise kajadian kasebut Aji lan Fatih uwis ora wani nupak motor banter-banter.

### Guyub Rukun

**Bebarengan karo kancamu sameja, tindakna analisis unsur-unsur intriksik kang ana sajeroning cerkak ‘Balapan’ kanthi ngisi tabel ing ngisor iki !**

No	Unsur Intraksi	Asiling Analisis
1.	Sudut pandang	
2.	Basa	

3.	Alur
4.	Amanat
5.	Tema
6.	Paraga
7.	Watak
8.	Latar /setting

### Bausastra Alit

Andhap asor; pakartiutawa tindak tanduk kang dikantheni batin kang resik lan katon ing solah bawa

Nacad ; nyatur/gunem alaning liyan

Plot; urutaning prastawa kang kedadeyan ing sajroning crita

Subasita; bisa mapanake dhiri pribadi ing pasrawungan masarakat ngerti empan papan lan nglenggana kuwajibane.

### Gladhen Wulangan

#### A. Wenehana tandha ping [x] sangarepe wangulan sing bener !

1. Wacanen wacan Ing ngisor Iki!

c. dramatik

Nom-noman kae jenenge Suryo, asal saka Serengan, Solo. Sak tleraman meh kaya bintang sinetron kang lagi moncer, nanging luwih semanak, bocahe grapyak tur ya andhap asor, saben-saben ketemu mesthi ngluruhi kanthi tutur basa kang alus.

d. analitik

e. persuasif

Senengane nonton pameran lukisan ana TBS. Yen nyawang lukisan kang elok nengsemake atine mesthi dipandheng suwe ora kedep sanajan lukisan kuwi panganggepe wong akeh kok ya kaya-kaya ora ana apik-apike babar pisan ....

Paragrap ing dhuwur iku mbabarake karakter tokoh kanthi teknik ....

a. campuran

b. ora langsung

**2. Karya sastra kang nyritakake lelakone**

manungsa kanthi cekak diarani

- a. roman
- b. cerkak
- c. sandiwara
- d. drama
- e. novel

**3. Karangan cekak kang awujud prosa biasane isine kurang saka sewu tembung kang menehi kesan tunggal kang dominan lan musatake crita ana ing salah sawijining tokoh diarani ....**

- a. alur
- b. crita cekak
- c. tema
- d. crita
- e. crita lucu

**4. Wacanen paragrap ing ngisor iki kanthi pratitis!**

Langit wulan Aprit tansah petheng ndhedet kaya-kaya arep ambruk, dasar nganggo angin gedhe"lan bledek nyambernyamber, mangka wulan iki lumrahe wis mangsa ketiga. Dina iki tanggai 10 mbeneri pengetan pendhak pisane eyang ....

Paragrap ing dhuwur iku kalebu nuduhake latar ...

- a. sosial
- b. spiritual
- c. panggonan
- d. swasana

e. waktu

**5. Kang diarani latar (setting), yaiku ....**

- a. posisine pangripta nalika nyritakake critane
- b. caraning pangripta nggambareake tokoh
- c. kahananing papan panggonan, wektu, lan budhaya
- d. dalaning crita
- e. pesening pangripta

**6. Ing ngisor iki kang ora kalebu unsur-unsur crita cekak, yaiku ....**

- a. alur
- b. penokohan
- c. setting
- d. ending
- e. tema

**7. Crita cekak Iku karangan gancaran kang cekak, ora tuwih saka...tembung.**

- a. 1.000.000
- b. 100.000
- c. 10.000
- d. 1.000
- e. 100

**8. Unsur-unsur kang mbangun crita saka sajroning crita diarani unsur ....**

- a. intrinsik
- b. ekstrinsik
- c. semantik
- d. eksterior

e. interior

**9.** Bageyan kang dadi pucuking konflik, ana ing bab iki nasibe para tokoh ditemtokake (kasil apa arane ngadepi masalah) diarani ....

a. ending

b. klimaks

c. alur

d. complication

e. kahanan crita

**10.** Teknik dramatik jlentrehake watake tokoh kanthi ing ngisor iki, kajaba....

a. langsung dening pangripta

b. pikirane tokoh

c. tindak tanduke tokoh

d. lingkungan kahuripane tokoh

e. tata basane tokoh

**11.** Bageyan lakune crita kang ana babagan pangungkapane prastawa (complication) diarani ....

a. tema

b. alur

c. penokohan

d. sudut pandang

e. setting

**12.** Wacanen kang pratitis paragrap Ing ngisor ikil

Suara pathing jlerit kaya-kaya bisa mecahke kendhang sakperangkat nalika banyu kang

ujug-ujug njedul tanpa uluk salam saya suwe saya santer lan duwur, nuduhake bakalan ono banjir gedhe. Ora let suwe maneh kenthong titir marambah-rambah swarane kaluwarga lanang, wadhon, gedhe, cilik padha pating jlerit golek keslametan.

Paragrap ing dhuwur Iku kalebu nuduhake latar ....

a. sosial                  d. panggonan

b. spiritual                  e. swasana

c. wektu

**13.** Wacanan petikan crita Ing ngisor iki!

Bubar kepilih dadi ketua RT kuwi, Pak Hamidan terus ngadani syukuran cilik-cilikian. Nadyan jenenge syukuran cilik-cilikian ragade tetep ora sethithik. Kabeh kang wis tau nyengkuyung Pak Hamidan padha nampa bebungah mirungan. Tangga teparo sing ndhukung Pak Hamidan uga nampa sembulih sing murwat. Minggu candhake Pak Hamidan kawisuda dadi ketua RT ana bale desa. Pak lurah sing maosake surat kekancingan ing pangarepe pamong lan punggawa desa liyane.

Tuladha petikan crita Ing dhuwur nuduhake manawa pangriptan nganggo sudut pandang .... -

a. wong kapisan

b. wong kapindho

c. wong kateiu

d. ekstrinsik

e. intrinsik

- 14.** Piwelinge pangripta marang pamaca crita diarani ....
- a. amanat                  d. nasihat
  - b. ular-ular                e. pitutur
  - c. sabda tama
- 15.** Papan, wektu kedadeyan, kan swasana Iku kalebu jinising.....
- a. penokohan            d. amanat
  - b. alur                    e. latar
  - c. tema
- 16.** Tema, alur, penokohan iku kalebu UNSUr ... ana ing crita.
- a. utama
  - b. langsung
  - c. ora langsung
  - d. intrinsik
  - e. ekstrinsik
- 17.** Wujude padudon kang kedadeyan ana Ing kauripan saben dinane antarane manungsakaroawake dhewe diarani ....
- a. alur maju
  - b. alur mundur
  - c. point of view
  - d. konflik batin
  - e. pasulayan
- 18.** Wacanen data ing ngisor iki!
- 1) Panjlentrehane kedadeyan (complication)
  - 2) Rerampungan (ending)
  - 3) Nuju ana ing konflik (rising action)
  - 4) Pengenalan kahanan crita (exposition)
  - 5) Pucuking konflik (tuming point)
- Urutane lakon crita kang bener, yaiku.....
- a. 4-1-3-5-2
  - b. 1-3-5-4-2
  - c. 3-1-4-5-2
  - d. 4-3-5-1-2
  - e. 3-5-4-1-2
- 19.** Teknik pangripta kang njlentrehake karakter/watak tokoh kanthi langsung diarani teknik ....
- a. ekspresif              d. informatif
  - b. eksotik                e. dramatik
  - c. analitik
- 20.** Cerkak iku kabentuk saka unsur-unsur Ing ngisor iki, kajaba ....
- a. latar                    d. tema
  - b. plot                    e. Irah-irahan
  - c. penokohan
- 21.** Kanggo nggamarake karaktere sawijining tokoh, pangripta bisa migunakake teknik dramatik. Teknik dramatik iku, njlentrehake karaktere tokoh kanthi, kajaba ....
- a. panjlentrehane konflik batine pangripta “
  - b. panggambarane tata basane tokoh

- c. panjlentrehane dalam pikirane tokoh
  - d. panggambarane lingkungan kauripane tokoh
  - e. panggambarane tindak tanduke tokoh .
- 22.** Posisine pangripta dadi tokoh kang bisa disawang ana ing sajroning crita, iku tegese pangripta nduwéni peran dadi ....
- a. wong katelu
  - b. wong kapindho
  - c. wong kapisan
  - d. pengamat
  - e. penilai
- 23.** Pokok masalah kang bakal dijlentrehake dening pangripta diarani ....
- a. alur
  - b. penokohan
  - c. setting
- d. tema
  - e. amanat
- 24.** Ing ngisor iki kang ora kalebu unsur-unsur intrinsik cerita cekak, yaiku ....
- a. sudut pandang
  - b. amanat
  - c. tema
  - d. penokohan
  - e. sosial masarakat
- 25.** Ajaran moral utawa pesen didaktis kang bakal dijlentrehake pangripta marang pamaca diarani ....
- a. alur
  - b. sudut pandang
  - c. penokohan
  - d. tema
  - e. amanat

## B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener !

1. Apa tegese basa cekrak iku landhep, sugestif, lan narik kawigaten ?

Wangsulan.....

2. Apa sing diarani tema ing cerkak iku?

Wangsulan.....

3. Apa sing diarani latar utawa setting iku ?


Wangsulan.....

4. Apa sing diarani cekrak iku ? Jlentrehna !

Wangsulan.....

5. Apa bae unsur intriksie cekrak iku ?

Wangsulan.....



Gladhen Perbaik!an

**Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener !**

1.Jlentrehna pangertene paraga ing cekrak !

Wangsulana.....

2. Sebutna jinise latar !

Wangsulana.....

3. Kepriye titikane cekrak iku ?

Wangsulana.....

4. Jlentrehna pangertene unsur ekstrinsik cerkak iku ?

Wangsulana.....

5. Paraga ing cekrak kaperang dadi pira ? Jletrehna !

Wangsulana .....

Gladhen Pengayaan

Unsur sing mangun cerkak iku ana unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Unsur ekstrinsik sing mangun cerkak iku ing antarane ana unsure; agama, sosial, pendhidhikan, lan budaya. Coba jlentrehna kang ringkes lan prasaja kepriye unsur-unsur kasebut bisa mangun cerkak !

## Kawruh Basa

### Purwakanthi lan Sanepa

#### 1. Purwakanthi

Purwa tegese wiwitan, kanthi tegese gandheng. Purwakanthi yaiku runtute swara ing saburine. Purwakanthi iku ana telu.

- a. Purwakanthi swara, yaiku purwakanthi kang runtut swarane.

Tuladha:

- 1) Anarina ana sega.
- 2) Tamba teka lara lunga.
- 3) Entek amek kurang golek.

- b. Purwakanthi sastra, yaiku purwakanthi kang ru ,

Tuladha:

- 1) Rarah, ririh, ruruh, ngarah-arah.
- 2) Mingkar-mingkuring ukara.
- 3) Siswa wasisi wajib asung wewarah.

- c. Purwakanthi basa, yaiku purwakanthi sing pungkasane gatra, ngarep runtut karo wiwitane gatra mburi.

Tuladha:

- 1) Kolik priya, priyagung Anjani putra.
- 2) Bayem arda, ardane ngrasuk busana.
- 3) Jarwa roga, roganing driya wis sirna.
- 4) Mong ing tirta, tirta kandheg ing samodra,
- 5) Timun, monte, tela, lodheh, dhehem,hemper,perot,roti

#### 2. Sanepa

Sanepa, yaiku unen-unen sabangsa pepindhan, ngemu surasa bandingake nanging nganggo tembung sing tegese kosok balen.

- a. Eseme pait madu tegese ese me manis banget.”
- b. Tatunejero tapak meri tegese cethek banget, :
- c. Utange arang kranjang tegese akeh banget.

## Luhuring Budi

Kantri nyinau babagan crita cekak, siswa kaajap bisa nemtokake lan ngandharake crita cekak kang nembe wae diwaca, iku mratandhani yen siswa mangerteni kantri becik isine cerkak kasebut. Kajaba kuwi, siswa uga bisa mangerteni unsur-unsur sajerone nulis crita cekak, unsur kang diandharake nglimput unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Ngandharake piwulang ing sajerone crita, piwulang ing sajroning crita iku migunani tumrap sapa bae kang maca awit isi piwulang luhur sing bisa dipatrapake ing panguripan saben dinane. Lan menehi tanggapan kantri becik, menehi tanggepan iku mujudake kaprigelan wicara ing sangarepe wong akeh. Sawise nindakake kabeh kuwi mau siswa kaajap duweni karakter kang mandiri, disiplin, tliti, lan percaya diri, karakter kasebut pinangka karakter becik kang kudu diduweni lan dikembangake dening para generasi mudha bangsa Indonesia.

## WULANGAN

3

# Pawarta Basa Jawa

### Kompetensi Dasar

1.3 Menerima, mensyukuri, menghayati dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks Pawarta

2.3 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli [gotong royong, kerja sama, toleran, damai], santun, responsif dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa dalam bentuk teks Pawarta


3.3 Menelaah teks Pawarta

4.3 Menanggapi, menulis, dan menyajikan teks pawarta

### Tujuan Pembelajaran

Setelah mempelajari materi ini, diharapkan siswa mampu;

- 1 Memahami tentang pengertian , karakteristik, isi, jenis dan unsur-unsur dalam teks pawarta, serta
- 2 Menyimak dan menulis teks pawarta dengan bahasa sendiri



## Purwaka

Kedadeyan-kedadeyan ing alam donya iki akeh banget. Wiwit saka pucuking bumi Sabang nganti tekan tlatah Merauke ing tanah Nuswantara iki akeh banget kedadeyan Ing saben wektu. Iku lagi ing Indonesia, kamangka cacahing nagara ing donya iku atusan. Saka iku kita wis ora bisa mbayangake sepira akehe kedadeyan ing alam donya iki 2 Ing saben detik. Saka prastawa-prastawa kang dumadi, kira-kira sepira kang kita mangerten?

GAMBAR

Ing jaman biyen anane kedadeyan ing sawijining papan panggonan bisa wae kita mangerten sawetara wektu saka kedadeyan iku. Nanging ing jaman saiki, kanthi kemajuan teknologi informasi lan komunikasi kita bisa mengerteni prastawa-prastawa kang dumadi kanthi cepet. Ora mung prastawa sak cedhake kita, nanging kalebu prastawa kang dumadi paribasane ing pucuking donya bisa kita mangerten. Upamane pertandingan bal-balang antarane Juventus kalawan Napoli ing Italia kana, bisa kita tonton saka tanah Jawa iki kanthi wektu kang bebarengan.

Kedadeyan-kedadeyan pinangka informasi kang digiyarake awujud pawarta. Pawarta-pawarta iku kagiyarake kanthi sarana media cetak, media elektronik, lan media-media liyane. Sumebare pawarta ing jaman kemajuan iki cepet banget, nanging emane ora kabeh pawarta iku bisa dipracaya. Ora sithik pawarta kang isine geseh saka kasunyatan, iya iku kang sinebut pawarta hoaks. Mula kita kudu ngati-ati, kudu bisa milah lan milih kanthi taliti pawarta kang bener-bener bisa dipracaya.

## Ringkasan Wulangan

### A. Pawarta

#### 1.Teges lan Sipate Pawarta

**Wacanen kang pratitis pawarta ing ngisor iki !**

#### **Basa Jawa Diolah Kanggo Lagu Metal**

Musik rock lan metal kalebu salah sawijining jinis kesenian sing disenengi nom-noman. Musik kasebut duwe pandemen kang setya lan militan. Menyang ngendi wae pepanthan kang disenengi pentas bakal tut wuri kanggo nonton.

Musik jinis rock sarwa banter, musik lan suwarane sing nyanyi. Kadhangkala cakepane lagu ora cetha awit cawuh karo musike. Sanadyan mengkana ya tetep akeh sing jeogetan nalika teka ing pentas musik kasebut.

Cakepan tembang rock biyasane nganggo basa Indonesia utawa Inggris. Nanging beda karo liyane pepanthan musik black metal saka Solo, Makam, gawe lagu-lagu nganggo basa campuran. Judhule basa Inggris, isine Indonesia lan Jawa.

Ora mung kuwi, isine uga mbabar babagan sing ana gandheng rakete karo ajaran Jawa sing ana ing naskah Jawa kuna. Sanadyan katon aeng, grup musik iki duwe rong album sing ngandhut bab Jawa.

Priya kang kajibah nabuh drum ing pepanthan utawa grup Makam, Julius, ngandharake grup Makam wis pentas tekan ngendi-ngendi saindhenge Indonesia.

Malahan nganti tekan Malaysia barang. Sanadyan nganggo basa Jawa kuna lan simbol-simbol Jawa kayata Canthik Rajamala, musike tetep disenengi wong akeh. Saben Makam pentas mesti akeh wong kang nonton padha jejogedan rakaruan.

Julius ngandharake wiwit ngadeg ing taun 1990-an Makam yawis kerep gawe lagu saka naskah kuna. Iku minangka pratandha ben beda karo liyane. Uga sarana nguri-uri kabudayan supayane ora angslup katrajang jaman. Ora mung cakepan, musike uga dicampur karo gamelan.

Dadi isa dibayangke piye apike, jejogedan musik rock sambi ngrungokne fragmen gamelan. Ing taun 2012, Makam tau kolaborasi utawa tembayatan kalawan grup gamelan Etnomusikologi ISI Solo nalika pentas ing pambukaning Rock in Solo (RIS).

“Naskah sing didadekake dhasar lagu iku ora sabaene. Apa meneh penyanyine iku abdi dalem keraton. Dadine ya ngerti babagan naskah Jawa,” kandhane Julius, Rebo (16/1/2019).

Ing pepanthan musik liyane, gitaris grup musik Bandoso, Agung, uga duwe angkah gawe lagu adhedhasar naskah Jawa. Kekarepan iku timbul sakbubare dheweke kerep melu kajian naskah kuna ing Radyapustaka. Piwulang sing ana ing naskah iku bisa ditrepake ing ngendi wae.

“Y aku kan wong Jawa isin wae yen ora mudheng babagan Jawa mula aku melu pepantahan kajian naskah. Apa meneh akeh nom-noman sing melu, saya seneng. Adicara kajian naskah kanthi cara sing santai kudu ditambahi ing Solo iki,” kandhane.

Wacan ing dhuwur iku tuladhane pawarta. Apa kang diarani pawarta iku? Jinise, wujude, perangane, unsur-unsure, lan liya-liyane bakal disinau ing ngisor iki.

Pawarta, yaiku cathetan kedadeyan utawa prastawa kang diwedharake ing sajroning tulisan ing medhia cetak utawa laporan ing medhia elektronik. Kedadeyan utawa prastawa kang diwedharake iku awujud kedadeyan saben wektu sing ana ing donya iki. Upamane lindhu (gempa bumi), perang, banjir, lan liya-liyane. Pawarta bisa dimangerten i dadi kabar anyar utawa kedadeyan sing lagi dumadi ana sawijining panggonan sing bisa dicawiske liwat bentuk cetak, siaran, internet, utawa lisan

GAMBAR

marang wong ketelu utawa wong akeh.

Wujude pawarta iku bisa arupa lesan Ian tulisan. Lesan ateges pawarta iku bisa diwartakake dening wong liya kanggo pamiyarsa lumantar swara. Tulisan ateges pawarta iku lumrahe kapacak ana ariwarti, kalawarti. Lesan biasane digiyarake lumantar radio TV, utawa diwaca lugas.

Satemene kang diarani pawarta/berita, kaya mangkene.

- a. Palapuram prastawa nyata (kejadian faktual) utawa panemu (pendapat/opini) kang asipat wigati (penting) ing sawijining wektu sarta dadi kawigatene wong akeh.
- b. Apa bae kang durung nate dikrungu utawa diwaca sarta diweruhi/disumurupi
- c. Wedharanyuraian sawijining prastawa nyata (fakta) utawa panemu (pendapat/apani) kang dipacak/dimuat medhia masa.
- d. Swasana anyar kang narik kawigaten, kang lumrah diarani trend

Kang diarani pawarta iku kudu duwe watak sesipatan utawa ciri wanci kaya mangkene iki.

- a. Pawarta iku kudu adhedhasar kasunyatan (fakta).
- b. Kasunyatan (fakta) mau, kudu nyata-nyata kedaden.
- c. Kasunyatan Ing pawarta kudu kapisah karo panemu (api)
- d. Pawarta kudu timbang (seimbang), ora kena mihak sapa bae

## 2. Jinis Pawarta

### a. Pawarta Dadakan

Pawarta dadakan, yaiku pawarta kang wektu lan pangganan kedadevan" kena dipesthikake. Tuladha kacilakan montor mabwr, banyir, kobongan.

### b. Pawarta Dinan

Pawarta dinan, yaiku pawarta kang wektu lan panggonan kedadeyane wis dimangertenin sadurunge. Tuladha: pembukaan sekolah anyar, kunjungan presiden ing sawijining daerah.

### c. Pawarta Crita "

Pawarta crita, yaiku pawarta kang ora diwatesi dening wektu lan panggonan, nggambarkerake objek kang nengsemake/human interest. Pawarta iki diwedharake mung kanggo hiburan utawa selingan. Tuladha: crita objek wisata, crita bab kesenangan/hobi.

Adhedhasar Jinis-jinis pawarta kang kajlentrehake ing dhuwur, gatekna Ian mangertenana tuladha pawarta ing ngisor iki! Miturut panemumu ngisor Iki kalebu jinis pawarta apa?

## **Kawula Mudha Duwe Cara Ngleluri Sastra Jawa**

Kitab Jawa kuna ana kang nganggep dadi barang sakral sing kudu diati-ati anggone nyimpen. Ora kena sak-sake, apa meneh dirusakne. Sawetara masarakat nganti ana sing ora gelem mbukak babar blas amarga wedi yen salah kedaden utawa kuwalat. Kamangka piwulang sing kakandhut ing sakjroning kitab utawa serat kuna iku wigati banget. Bisa ditrepake nut lakune jaman.

Satemene, nguri-uri kitab kuna iku ora mung nyimpen barange. Nanging uga mbabar bab sing wigati ing saknjerone kitab saengga bisa ditrepake sabendinane. Iku sing dikarepake para pujangga jaman mbiyen nalika ngripta naskah Jawa. Piwulang kang katulis ing naskah utawa kitab bisa diudhar lan dilakoni kang nyinau.

Ndeleng kasunyatan piwulang Jawa sansaya adoh saka masarakat, mahasiswa Sastra Jawa Universitas Gadjah Mada (UGM), Universitas Indonesia (UI), lan Universitas Sebelas Maret (UNS) banjur ngedegake pepanthan pasinaon Jawa Kuna Sraddha. Pepanthan iku mbuka kalodhangan kanggo masarakat sing kepengin sinau sastra Jawa kanthi cara sing ilmiah.

Pepanthan Sraddha kang sakdurunge mung ana ing Ngayogyakarta iku banjur digawa menyang Solo dening salah sijine pawongan nyengkuyung adeging Sraddha, Rendra Agusta.

Ing Solo, Sraddha Institute mbuka kelas pasinaon saksuwene telung sasi. Saben kelas mbabar piwulang sing beda-beda. Nganti tekan saiki wis ngancik kelas kaping pitu. Sinaune saben dina akad ing Rasyapustaka. Nanging uga anaadicara mlaku-mlaku menyang wisata sejarah kayata Candi Sukuh lan Dieng Wonosobo.

Pasartane ora tentu. Bisa welasan utawa puluhan saben kelas. Sing sinau menyang kana, miturut Rendra, saka ngendi-ngendi. Ana mahasiswa, dosen, guru, seniman, nganti pengusaha. Kadangkala pasartane ana sing saka sanjabane Jawa Tengah.

“Ana sing sinau jalaran kepengin ngetrepake karo pagaweyane. Nanging uga akeh sing melu sinau amarga mung kepenging ngerti babagan naskah Jawa,” kandhane Rendra, Rebo (16/1/2019).

Saksuwene iki, miturut Rendra, wis kababar 30 naskah Jawa ing kelas Sraddha Institute. Pancen ora sak naskah utuh, nanging mung fragmen tartamtu sing padha karo irah-irahane. Sing disinau akeh, wiwit saka basane, aksara, isine, lan sing wigati piwulang sing ana jerone naskah kasebut.

Rendra sakanca uga mbabar naskah Jawa Islam, Suluk Surakartan, saben dina Jemuah kaping papat ing Sukoharjo. Diadani dening Majelis Masyarakat Maiyah sing mbabar pemikiran Cak Nun. Ing kono kong disinau naskah sing ngandhut piwulang Islam, utawa carita nabi kayata Serat Ambya. Kajianne diadani kanthi cara sing beda-beda kadhangkala nganggo nembang.

“Pasartane akeh-akeh ya nom-noman. Kaya wingi ana Mas Iksan [penyanyi Iksan Skuter] mbabar lagu anyare Shankara. Nah iku banjur digandhengake karo ilmu musik, keislaman, lan kejawen. Sing melu akehe nom-noman,” kandhane.

Salah sawijining pasarta Sraddha Institute, Gema Isyak, nate sinau naskah Jawa bareng rombongan ing Kelas II, April 2017. Sakdurunge iku ing wulan Februari 2017 dheweke uga nyantrik bab Serat Suluk Ambathik marang Dosen Fakultas Ilmu Budaya (FIB) UGM, Manu Jayaatmaja dosen.

Sinaune diiwiti saka ngenal basa Jawa Kuna, lan tata basane sing miturut dheweke angel banget. Sakliyane iku, uga nate sinau Naskah Tantri, Pararaton, lan Agasta Parwa.

Sing paling diugemi dening Isyak nganti tekan saiki yaiku Serat Suluk Ambathik. Dheweke ngetrepake materi bathik sing ana ing serat kasebut marang bathik tulis gaweyane.

“Amarga miturut panemuku serat iku manual book kanggo wong kang gawe bathik. Matur suwun sanget marang mbuh sapa pujangga sing ngripta Serat Suluk Ambathik,” kandhane nom-noman sing uga dadi penyanyi ing Grup Musik Soloensis iki.

---

### 3. Wujud Pawarta

Kaya dene sing wis diaturake ing dhuwur way, pawartabisa dicawisake liwat pirang-pirang wujud.

#### a. Lesan

Wujud lesan iki bisa dicawisake saka sapa wae ateges warta smg dicawisake langsung saka sing ngertenipun pawarta marang wong kang diwenehi pawarta. Contone: anak marang bapak utawa sewalike.

#### b. Cetak

Bisa awujud majalah/koran. Contohne: Majalah Djokolodang, Majalah Panjebar Semangat

#### c. Siaran

Wujud siaran iki pada samya kanthi liwat lesan ananging mbuthake medhia kanggo nyawisake pawarta kasebut. Contone. berita basa Jawa TATV, berita bahasa Jawa JOGJA TV, berita basa Jawa Radio Persatuan, berita basa Jawa TV Semarang

#### Warta Mligi

Tandha-tandha jeda ing sajerone maca. teks pawarta, yaiku tandha garis miring cacah siji (/) iku padha karo tandha koma, garis miring cacah loro (//) padha karo titik, dene tandha padha karo (=) tegese pamacane teks pawarta ing larik kasebut katerusake ing brik sakngisore.

#### **d. Internet**

Wis genah wujud siji iki yaiku saijining berita basa Jawa utawa pawarta basa Jawa sing dicawiske lewat medhia interenet bisa awujud website utawa blog. Contone situs sing nyawiske berita basa Jawa, yaiku pawarta basa Jawa, sosorah Jawa, kumpulan crita basa Jawa, crita wayang basa Jawa

### **4. Perangan Pawarta**

#### **a.Sesirah**

Sesirah, yaiku perangan pawarta kang dhisik dhewe, biasane mung ditulis nganggo tembung-tebung supaya nuwuhake kawigaten supaya wong gelem macaisi pawartane.

#### **b. Angle/Ringkesan**

Angle, yaiku ukara kang nggamarake ringkesane | isi pawarta, biasane ditulis kandel ing sangisore sesirah.

#### **c. Isi Pawarta**

Isi pawarta, yaiku ukara-ukara kang jlentrehake prastawa ngenani apa, ana ngendi, lan kapan kedadeyan iku dumadi.

#### **d.Gambar**

Gambar, yaiku perangan pawarta kanggo nuduhake kaya ngapa kedadeyan prastawa kanthi kasat mata. Ing medhia cetak awujud foto, lan ing medhia elektronik awujud video.

#### **e. Sumber**

Sumber, yaiku mujudake pawongan kang menehi katrangan utawa komentar marang dumadine prastawa iku. Sumber bisa mujudake seksi tumrap kedadeyan utawa pihak kang duweni kuwajiban kanggo nuntasake kedadeyan iku.

### **5.Unsur Pawarta**

Unsur pawarta ana lima, sinebut nganggo istilah 5W+1H. Kang diwastani 5W+1H kaya ing ngisor iki.

- a. W1=What (apa), yaiku njientrehake babagan apa kang ana ing pawarta iku.

GAMBAR

- b. W2=Who (sapa), yaiku jlentrehake babagan sapa utawa tokoh kang ana ing pawarta mau. Unsur sapa iki biasane dijlentrehake kanthi jangkep, kayata babagan ciri-cirine, titel, umur, lan sapanunggale.
- c. W3=When (kapan), yaiku unsur kang jlentrehake wektune prastawa ing pawarta iku kedadeyan. Unsur When iki bisa kasebut nganggo jam sarta bisa kasebut kayata mau isuk, wingi sore, lan sapanunggale.
- d. W4= Where (nang endi), yaiku jlentrehake babagan panggonan kedadeyan prastawa ing pawarta iku. Tuladhane, “dompet kae tiba ora adoh saka omahku
- e. W5 = Why (nangapa/genea), yaiku nuduhake sebab-musabab kang anjalari prastawa iku kedadeyan. Biyasane bisa ditiliki saka tembung “asale, sebabe, mulane”
- f. H=How (kepriye), jlentrehake babagan kepriye prastawa iku kedadeyan. Bisa uga nuduhake kepriye swasana ing prastawa iku.

Kabeh unsur ing dhuwur prelu ana ing pawarta. Manawa ora ana salah sijine pawarta mau bakalan ora jangkep lan ora wutuh informasine.

## **6. Kang |Dayani Ajine Pawarta**

Pawarta iku duweni aji (bobot) kaya ing ngisor iki.

- a. Akibat (konsekuensi). Yen ana sawijining prastawa (peristiwa) dadekake akiba gedhe tumrape wong akeh mula pawarta mau ajine dhuwur.
- b. Langka/aneh. Prastawa utawa barang kang langka, uga bakal narik kawigaten mula pawarta mau ajine uga gedhe.
- c. Paraga (tokoh). Prastawa ngenani sawijining wong kang misuwur bisa gawe ajine pawarta. Upamane Presiden FIFA menyang Jakarta.
- d. Masalah (konflik). Masalah gedhe uga bakal dayani ing bobot pangajine pawarta Upamane: pawarta babakan korupsi ing Polri.
- e. Dudut kawigaten. Prastawa kang bisa dudut kawigaten wong akeh iku uga bisa dayani bobot pangajine pawarta. Upamane: tetandingan bal-balang sadonya mesthine luwih dudut kawigaten ketimbang tetandingan pingpong ing tingkat RT.
- f. Sing cedhak papan dumunung. Prastawa kang kedadeyane cedhak karo pang: gonane dhewe iku bakal luwih dudut kawigaten tinimbang prastawa kang adoh.
- g. Kamanungsan. Prastawa kang gegayutan karo kamanungsan uga duwe bobo! pangaji dhuwur. Tuladha: sawijine tunawicara kang bisa nguliahake anake ngant tekan sarjana.
- h. Anyar gres. Pawarta kang wis kadaluarsa ora bakai narik kawigatene wong kang maca utawa ngrungokake.
- i. Nengsemake utawa nggumunake. Prastawa kang nengsemake sarta nggumunake mesthi dudut kawigaten, mula pangaji pawartane dhuwur.

j. Wacanen ana ngarep kelas pawarta ing ngisor iki! .

## Wasis

1. Wacanen ana ngarep kelas pawarta ing ngisor iki !
2. Wacanen kanthi teknik maca sing becik kayadene penyiar pawarta basa Jawa ing medhia elektronik!

### **Guyub Rukune Budaya Jawa-Tionghoa**

Crah agawe bubrah, rukun agawe santosa. Unen-unen iku jumbuh karo kahanan masarakat Jawa lan warga Tionghoa ing Kutha Solo.

Guyub rukune rong kabudayan ing Kutha Solo iku bisa dideleng ing laladan Sudiroprajan, Jebres, Solo. Saben ana sambatan, utawa adicara kabudayan mesti disengkuyung bareng. Ora mbedak-mbedakake endi Jawa endi Thionghoa.

Wujud gotong-royong sing paling kawentar yaiku Grebeg Sudiroprajan. Adicara kabudayan ngemu ajaran Tionghoa lan Jawa iku diadani minangka pengetan taun anyar Tionghoa, Imlek. Grebeg digelar saben taun wiwit 2007.

Nganti tekan saiki malahan dadi salah sawijining acara wigati sing ditunggu masarakat saindhenge Solo. Wong-wong padha seneng ndeleng, apa meneh festival lampion sing dipasang ing dalan-dalan sakiwa tengene Pasar Gede.

Adicara sing utama ing Grebeg Sudiroprajan yaiku kirab budaya ing Tugu Jam Pasar Gede. Taun iki diadani ing dina Minggu (3/2/2019) awan. Sanadyan udan deres, wong-wong padha teka nonton regeng lan endahe karnaval kasebut.

Swasana samsaya rame nalika ana barongsai sing sing pamer katrampilan. Pasarta kirab padha ngusung gunungan. Sing paling baku gunungan kue kranjang.

Ing pungkasane adicara, panganan kang digawe mligi wektu Imlek iku banjur disebarke marang warga kang nonton. Kabeh padha kruyukan amrih entuk kue kranjang. Isih ana gunungan liyane sing isine maneka werna panganan khas Sudiroprajan, kayata ondhe-ondhe, lan jamu.

Sakliyane tontonan, adicara iku uga dadi tuntunan, yaiku ngandhut piwulang bab tepa selira marang wong liya sanadyan beda suku, agama, ras, lan kabudayan.

“Irah-irahan taun iki Kebhinekaan itu Mempersatukan. Ateges apa wae sing beda iku kudune agawe rukun santosa, ora malah dadi sarana crah sing dadine malah bubrah,” tuture Ketua Grebeg Sudiroprajan taun iki, Angga Indrawan, nalika diwawancarai solopos.com, Selasa (6/2/2019).

Angga ngandharake Grebeg Sudiroprajan ora mung simbol akulturasi Jawa lan Tionghoa ing Solo. Luwih saka kuwi, masarakat beda kabudayan iku urip rukun lan bebarengan ing Kampung Sudiroprajan sabendinane. Wiwit jaman leluhure Angga mbiyen.

Ing kampung kasebut akeh nom-noman Jawa lan Tionghoa sing rabi banjur nglairake anak ‘campuran’ sing uga kasebut ampyang. Saben ana adicara kampung kayata rondha, kabeh padha teka.

“Ing kene uga ana pepanthan sinau kabudayan kayata pambiwara, lan barongsai. Keturunan Tionghoa uga ana sing sinau pambiwara, semono uga barongsai anggotane malah akeh sing wong Jawa,” kandhane.

Kajupuk saka Solopos.com sing disiarake, Selasa (5/2/2019), Tionghoa utawa China pancewis nyawiji kalawan budaya Nuswantara wiwit jaman mbiyen. Kayata masarakat India lan Arab.

Yen dideleng saka sujarahe, naskah babagan Asia Tenggara mliline Indonesia akeh sing diserat dening musafir Tiongkok.

Nom-noman asli Jawa sing kerep menyang Grebeg Sudiroprajan, Megasari, seneng nyawang endahe akulturasι budaya Jawa-Tionghoa sing ana ing Solo.

Masarakat sing apik kuwi ya kudune guyub rukun kaya mengkana. Ora prelu mbedak-mbedakake laire saka ngendi. Beda agama utawa kabudayan ora dadi masalah. Sing penting padha-padha ngerti lan nglakoni kabecikan.

“Ya seneng banget saben ndeleng pengetan Imlek ing Solo. Rasane katon ayem guyub rukun. Pancen kudune kaya ngono. Aja nganti gelem didu mung gara-gara beda budaya,” ujare Megasari.

### Guyub Rukun

1. Bebarengan karo kancamu sameja, wacanen pawarta ing ngisor iki !

#### Ayo Nonton Kethropak !

Ing jaman biyen, antarane taun 1960 nganti 1975 kesenian tradhisional dadi tontonan sing banget dikaremi. Ing jaman iku tontonan kaya dene kethoprak, ludruk, reyog, wayang kulit, lan wayang wong akeh sing seneng. Sing nonton wiwit saka nom-noman nganti wong diwasa. Salah sijine alesan amarga cacahing adicara panglipur ing wektu itu ora pati akeh.

Beda karo jaman saiki. Nom-noman gari milih tontonan apa wae sing disenengi. Ana televisi (TV), bioskop, lan handphone (HP) sing samsaya canggih. Sarana HP wong-wong bisa ndeleng maneka rupa gambar lan video sing tundhone ngendhilih kepara mateni anane kesenian tradhisional.

Nanging para sutresna budaya ora prelu kuwatir. Ing jaman sarwa canggih kaya ngene, isih akeh seniman Solo sing krenteg nguri-uri kabudayan. Mligine kethoprak, ing Solo ana rong pepanthan sing ajeg ngadani pentas saben wektu tartamtu, yaiku Kethoprak Radio Republik Indonesia (RRI) lan Kethoprak Balekambang.

Kethoprak RRI malahan wis ana ing wiwit jaman kamardikan. Nganti tekan saiki pepanthan iku ngadani pentas ing Auditorium RRI saben dina Selasa kaping papat. Sakdurunge, ing dina Selasa kaping telu mesti ana siaran radio tonil kethoprak.

“Selasa kaping pisan rekaman wayang wong, Selasa sabanjure pentas wayang wong, sakteruse siaran kethoprak, banjur pentas kethoprak ing Selasa keri dhewe saben wulan,” kandhane Sutradara Kethoprak RRI, Ali Marsudi, nalika diwawancara solopos.com, Rebo (23/1/2019).

Jadwal pentas Kethoprak RRI ora ganti-ganti wiwit jaman mbiyen. Sanadyan dibabar ing dina Selasa, sing ndeleng tetep akeh nganti kebak gedhunge. Nanging, penontone akeh-akehe wong-wong diwasa lan tuwa. Persentase nom-noman sing gelem ndeleng kethoprak antarane mung 30%.

Dene, yen babagan paraga kethoprak, kandhane Ali, akeh nom-noman sing gelem melu pentas. Paraga asli saka RRI ana 20-an. Nanging, kerep diewangi mahasiswa saka Institut Seni Indonesia (ISI) Solo lan liyane nalika pentas. "Yen babagan pemain ya akeh nom-noman sing gelem pentas kethoprak. Nanging yen babagan penonton pancen isih sithik," kandhane.

Ali ngandharake menawa kethoprak RRI duwe pandemen setya. Apa meneh pepantahan itu duwe tetenger mligi sing beda karo liyane. Yaiku tansah nganggo basa Jawa sing pener lan baku.

Paragane tansah kupiya ngetrepake basa Jawa sing sakpenere. Aja nganti nganggo basa campuran contone Basa Indonesia lan Jawa. "Kudu ngupaya aja nganti ana basa campuran. Ya minangka kupiya nguri-uri basa Jawa," tuture Ali.

Saben pepantahan pancen duwe cara sing beda-beda ngleluri kethoprak. Kethoprak Ngampung kerep ngadani pentas ing desa-desa sing adoh saka kutha Solo kayata Wonogiri, Klaten, lan Sragen. Supaya bisa yawiji karo masarakat, diadani ing lapangan, ngarep omah, utawa pendhapa desa.

Ora mung papan panggone sing cedhak karo penonton. Sutradara Kethoprak Ngampung, Dwi Mustanto, sawetara wektu kepungkur ngandharake lakon sing dibabar uga ana gandheng rakete karo masarakat. Kayata bab rasan-rasan, tangga teparo sing cethil, lan sakpiturute.

"Sing mesti sakdurunge gawe pentas, mesti takon-takon sik marang warga. Apa sing lagi dadi omongan ing desa kana sawetara wektu kepungkur. Ya, ben penonton ki mudheng apa sing dipentaske," kandhane.

Nalika pentas ing desa-desa, kandhane Dwi, akeh sing ndeleng. Wiwit saka bocah cilik, nom-noman nganti diwasa. Iku minangka bukti yen kethoprak isih duwe pandhemen. Mula seniman iku ya kudu jajah desa milang kori minangka kupiya nguri-uri seni tradhisi.

2. Rampung anggonmu maca, banjur tindakna wawan rembug !
3. Rembugen isine pawarta ing dhuwur lan analisisen babagan unsur-unsur pawarta !
4. Tulisen asil wawan rembugmu banjur aturna marang gurumu !

## B. Nanggepi lan Nulis Pawarta

### 1. Ngrungokake Pawarta

Pawarta, yaiku katrangan kang bisa menehi pangerten babagan sawijining kaanan. Pawarta kuwi bisa kaandharake lumantar medhia elektronik apa dene ' media cetak. Ngrungokake pawarta kang digiyarake lumantar radhio utawa TV pancen rada angel, amarga ora bakai dibaleni, mula anggone nggatekake butuhake kawigaten kang mligi.

Bab kang prelu digatekake nalika ngrungokake pawarta utawa informasi kaya ing ngisor iki.

- a. Mangerten kanthi cetha prakara kang diaturake.

- b. Bedakake informasi kang penting lan ora penting.
- c. Nyathet informasi sing bener lan premati.

## **2. Nulis Pawarta**

Sak durunge nulis pawarta, becik dimangertenin ciri-cirine pawarta, bobot biji pawarta, banjur urut-urutane nulis pawarta

### **a. Ciri-Ciri Pawarta**

Kang diarani pawarta iku kudu duwe watak sesipatan utawa ciri wanci kaya ing ngisor iki

- 1) Pawarta iku kudu adhedhasar kasunyatan (fakta).
- 2) Kasunyatan (fakta) mau, kudu nyata-nyata kadaden.
- 3) Kasunyatan ing pawarta kudu kapisah karo panemu (opini)
- 4) Pawarta kudu timbang (seimbang), ora kena mihak sapa bae Manawa mihak, kudune mihak marang bebener (kebenaran).

### **b. Bobot Biji Pawarta**

Pawarta minangka prastawa kang diwartakake. Pawarta iku bisa arupa lesan apadene tulisan. Lesan ateges pawarta iku bisa diwartakake dening wong liya kanggo pamiyarsa lumantar swara. Tulisan pawarta iku lumrahe ana ing ariwarti lan kalawarti. Perangan kang nemtokake bobot biji pawarta kaya ing ngisor Iki.

- 1) Aktualtas
- 2) Sesambungan karo papan kedadeyan (faktual).
- 3) Sesambungan karo unsur-unsur kang katut ing sakjrone kedadeyan.
- 4) Sesambungan karo pagaweyan pamaca/pamiyarsa.
- 5) Ganepe pawarta.

### **c. Urutane Nulis Pawarta**

Bobot pambijine pawarta dadi dhasare kanggo nulis pawarta. Banjur kepriye wiwitane nulis pawarta? Gatekna urutane nulis pawarta ana ing ngisor iki!

- 1) Tanggap ing Sasmita

Tanggap ing sasmita tegese gelem mangertenin apa kang lagi kelakon ana ing cedakmu. Ana kedaden apa kang lagi lumaku Ian narik kawigaten bisa dadi idhe ana pawarta kang arep katulis. Prastawa kang arang tinemu utamane bisa dadi sumbering pawarta kang narik kawigaten. 2)

- 2) Nglumpukake Data Migunakake 5W+1H

Prastawa kang nembe ditemoni banjur tulisen kanthi migunakake 5W+1H ana ndhuwur. Yen ana kang bisa diwawancarai minangka narasumber saka prastawa kang lumaku.

### 3) Nyusun Data dadi Pawarta

Data kang wis diklumpukake banjur disusun dadi pawarta kang jangkep. Dene urutane bisa diwiwiti saka unsur apa bae kang dirasa bisa kanggo pambukane pawarta, banyur nyritakake unsur 5W+1H nganti purna.

### 4) Menehi Irah-irahan

Sawise dadi pawartane, banjur golekna irah-irahan. Irah-irahane kuwi kudu bisa narik kawigaten, dadi undering pawarta, lan migunakake tembung kang gampang dimangerteni.

Sabisa-bisa gawea irah-irahan kang bisa nggampangake para pamaca kanggo ngranggeh maknane. Ana pirang prekara kang kudu digatekne nalika nulis irah-irahan pawarta.

- a) Kudu nggambarake isine pawarta.
- b) Ngedohne tetembungan kang bombastis.
- c) Ngedohne saka salah tafsir.
- d) Aja adu-adu utawa ngedu wong lan golongan.
- e) Prayoga migunakake ukara tanduk lan aja migunakake ukara inversi.
- f) JuduVirah-irahan kang arupa opini prelu nyebutake sumbere.
- g) Irah-irahan kudu bisa ndudut kawigaten.

Sabanjure, yen wis bisa paham karo pitung prekara kang gegayutan karo irah-irahan pitu mau, saiki gatekna jinise irah-irahan iki.

- a) Striking statement (menggemparkan), yaiku irah-irahan kang sipat garagara, yaiku kang bisa gawe oreging jagat.
- b) Provokatif statement, yaiku irah-irahan kang bisa ndudut kawigaten.
- c) Label utawa atiket, yaiku irah-irahan mung kaya dene jeneng (merek).
- d) Deklaratif, yaiku irah-irahan kang mujudake ukara andharan sing ringkes, padhet, nanging cetha ukurane.
- e) Direct address, yaiku irah-irahan kang langsung nyulek marang sawijining prekara.
- f) Pernyataan, yaiku irahan kang awujud ukara pitakon jangkep kantihi tandha pitakon (?) Ing saburine ukara mau.
- g) Cuplikan, yaiku irahan kang awujud cuplikan saka pangandikan/dhawuh saka wong kang misuwur.

Wasis

1. Wacanen kang pratitis pawarta ing ngisor iki !

## **Mbabar Crita Bab Kekinian**

Unit Kegiatan Mahasiswa (UKM) Kelompok Kerja Teater Tradisi (KKTT) Wiswakarman saka Fakultas Ilmu Budaya (FIB) Universitas Sebelas Maret (UNS) Solo kalebu salah sawijining pepanthan seni tradhisional sing isih eksis nguri-uri kethoprak nganti saiki.

Pepanthan iku anggotane para mahasiswa saka sakehing jurusan ing FIB UNS. Nanging, akeh-akehe ya mahasiswa Sastra Daerah.

Ketua Wiswakarman, Muhammad Ilham Fajar, nalika diwawancara solopos.com, Rebo (23/1/2019), ngandharake menawa saiki anggotane ana 90 wong. Ora kabeh anggota melu pentas kethoprak. Ana sing wasis ing babagan karawitan, penyutradaraan, nganti tukang ngurusi panggung. “Sing kerep pentas ya biyasane mung wong-wong tartamtu wae,” kandhane.

FIB UNS duwe UKM sing akeh banget. Nanging, Wiswakarman isih dadi salah sawijining pepanthan sing narik kawigatene mahasiswa anyar. Dheweke duwe cara mligi kanggo narik kawigatene para mudha seneng marang seni tradhisi. Salah sijine yaiku kerep gawe lakon sing kekinian.

Nalika pentas produksi ing taun 2018 wingi contone. Ilham mentaske tembang-tembang koplo nalika wayahé dagelan. Pas kuwi penonton sing akeh-akehe mahasiswa langsung ngguyu ger-geran. Swasana langsung gayeng. Paragane seneng, semana uga penontone ora bosen nonton nganti tekan pungkasan.

“Basane digawe sing gampang, sing kabeh mudheng. Banjur nglebokake tema kekinian,” kandhane.

Ilham banjur ngajak para mudha nguri-uri kethoprak. Bisa dadi penonton, utawa sinau paraga. Dheweke ngandharake dene sinau dadi paraga kethoprak iku gampang banget. Tuladhane ya Ilham dhewe. Dheweke mlebu Wiswakarman rong taun kepungkur. Nalika kuwi babar blas ora ngerti piye carane pentas.

Nanging amarga duwe krenteg sinau, saiki wis wasis anggone pentas. “Ing Wiswakarman kui ya kabeh sinau dhewe saka senior. Ora ana modul utawa liyane. Modhale duwe karep sinau, mesti ya bisa,” kandhane Ilham.

Salah sawijining pandhemen kethoprak, Madi, 25, sarujuk marang panemune Ilham. Dheweke uga sinau seni tradhisi nalika wis diwasa. Nanging saiki wis wasis dadi paraga tari, kethoprak, lan sakpiturute. Malahan saiki dadi kranjungan seneng ndeleng pentas seni tradhisional.

“Seneng wae ndeleng pentas seni tradhisi. Gawe ati lan pikiran ayem. Apa meneh yen kesel sabubare kerja banjur nonton pentas, ning ati rasane makcles. Aku ya kerepngrungokake siaran wayang nalika arep turu wengi,” kandhane Madi, sawetara wektu kepungkur.

2. Wenehana tanggepan ngenani pawarta ing dhuwur !
3. Banjur tulisen ringkesane dadi saparagrap bae !
4. Wacakna ana ngarep kelas tanggapan lan ringkasesan sing kogawe !

## Guyub Rukun

1. Gawe kelompok watara 3-4 siswa !
2. Bebarengan karo kelompokmu, gawe teks pawarta !
3. Pawarta sing kotulis kanthi tema ‘Bhinneka Tunggal Ika’ !
4. Salah siji anggota kelompokmu maca pawarta kasebut ana ngarep kelas.
5. Kelompok liyane nyemak lan menehi tanggepan.

## Bausastra Alit

**Awak Pawarta** ; pokok-pokok utawa perangan wigati kang mbagun pawarta  
**Gancaran** ; karangan kang ora kaiket gatra, guru wilangan, utawa guru lagu  
**Juru warta** ; wong kang pagaweyane golek pawarta lan ditulis ing kalawarta utawa ariwarti  
**Koran** ; medhia kanggo nggiyarake pawarta kanthi tinulis

## Gladhen Wulangan

### A. Wenehana tandha ping (x) sangarepe wangsuman sing bener!

1. Laporan ing medhia elektronik jenenge....

- a. pariwara
- b. cerkak
- c. sandiwara
- d. pawarta
- e. opini

2. Panutupe pawarta kang kaya-kaya ora ena selehe, ora ana enteke, diarani ....

- a. ringkesan
- b. dudutan
- c. puncak
- d. nglangut
- e. ngagetake

3. Wacanen pawarta ing ngisor iki !

Ing Komplek Pemprop. DIY Kepatihan Ngayogyakarta dianakake “Festival kembang” kang temane “Katakan dengan Bunga”. Mula komplek Kepatihan ana kembang maneka warna. Wiwit saka lawang gapura ngarep Ing Jalan Malioboro nganti

tekan Bangsal Kepatihan akeh modhel kekembangan kang dironce kanthi maneka wama Ian jinis kembang. Acara iki diresmekake dening Gubernur DIY, Sri Sultan Hamengku Buwono X. .

Perangan pawarta ing dhuwur kang ora ana, yaiku ....

- |              |          |
|--------------|----------|
| a. kepriye   | d. sapa  |
| b. apa       | e. kapan |
| c. ning endi |          |

4. Kedadayan utawa prastawa kang diwedharake ing sajroning tulisan ing medhia cetak utawa laporan ing medhia elektronik diarani ....

- a. crita pengalaman
- b. geguritan
- c. cerkak
- d. pawarta
- e. prosa

**5.**Lumrahe kita maca pawarta iku kanggo mahami ....

- a. sumbering pawarta
- b. isi pawarta
- c. pariwara ing pawarta
- d. irah-rahan pawarta
- e. sing gawe pawarta

**6.**Pawarta asale saka tembung warta kang tegese ....

- a. berita                  d. tulisan
- b. layang                  e. kabar
- c. sumber

**7.**Mau isuk, wingi sore, lan mengko bengi iku panyebutan pinangka unsur pawarta ....

- a. kapan                  d. apa
- b. nang endi              e. sapa
- c. kepnye

**8.**Sipat pawarta kang tegese lagi bae utawa lagi kedaden, isih anget, isih rame dadi rerasaning wong akeh diaran ....

- a. faktual                  d. lugas
- b. aktual                  e. objektif
- c. sensitif

**9.**Ing ngisor iki ora kalebu tetengere pawarta, yaiku ....

- a. adhedhasar kasunyatan
- b. ora kena mihak sapa bae
- c. mawartakake kedadeyan anyar
- d. basane gampang dimangerti
- e. ora nyata kedadeyan

**10.**Laporan kang ditulis dening wartawan babagan prastawa utawa kedadeyan diaran ....

- a. sesorah
- b. layang dinas
- c. lelayu
- d. pawarta
- e. wara-wara

**11.** Pawarta kang tinulis iku kudu duweni rasa publisitas, tegese laporan kang diwenehake ditujokake kanggo ....

- a. pribadi
- b. pandhidhikan
- c. kulawarga
- d. umum
- e. dinas

**12.** Medhia elektronik kang lumrahe kanggo nggiyarake pawarta, yaiku ...

- a. kalawarti
- b. ariwarti
- c. koran
- d. majalah
- e. radio

**13.**Sing dudu unsure pawarta, yaiku ....

- a. which                  d. what
- b. where                  e. who
- c. why

**14.**Ing ngisor kang ora kudu digatekake nalika nulis irah-irahan, yaiku ....

- a. ngedohi salah tafsir
- b. kudu nggamarake isine pawarta
- c. aja ngedu wong lan golongan
- d. nganggo tembung kang angel
- e. nganggo ukara tanduk

**15.**Ing ngisor iki ora kalebu tuladha pawarta dadakan, yaiku ....

- a. pawarta objek wisata
- b. kacilakan motor
- c. bencana alam

- d. banjir
- e. kobongan

**16.** Perangan pawarta kanggo nuduhake kaya ngapa kedadeyan prastawa kanthi kasat mata. Ing medhia cetak awujud foto lan ing medhia elektronik awujud video, ya ku ...  
a. gambar      d. sumber  
b. sewrah      e. isi pawarta  
c. angle/ringkesan

**17.** Prastawa kang aktual uga diarani ....  
a. pidhato d. pewarta  
b. sesorah e. sejarah 22  
c. tanggap wacana

**18.** Pawarta kang ditujokake kanggo umum, kang surasane menehi pangerten tumrap sawijining prastawa diarani....  
a. layang d. majalah  
b. wara-wara e. selebaran  
c. koran

**19.** Urutan emg pungkasan kanggo nulis pawarta, yaiku ....  
a. nulis sumbering pewarta  
b. menehi irah-irahan  
c. nindakake wawancara  
d. golek narasumber  
e. nyusun data dadi pawarta

**20.** Pewarta dinan yaiku pawarta kang wektu lan panggonan kedadeyane.....  
a. nggambarake objek kang nengsemake  
b. kanggo hiburan  
c. rada nganeh-anehi  
d. wis dimangerti sadurunge  
e. ora bisa dipesthikake

**21.** Ing ngisor ikikang ora kalebu bagian-bagian kanggo bobot timbang surasane pawarta bisa antuk kawigatene bebrayaan akeh, yaiku ....  
a. anyar. d. caket  
b. kuno. e. unik  
c. konflik

**22.** Irah-irahan kang bisa dudut kawigaten diarani  
a. direct address  
b. cuplikan  
c. menggemparkan  
d. provokatif statement  
e. atiket

**23.**Kang diarani teras ringkasan yaiku ....  
a. teras ing alinea kapisan ana loro prayatan saka loro kasunyatan (fakta) sing beda  
b. teras kang tulisan inti saka prastawa pawarta  
c. teras kang migunakake dudut ing perangan awal alinea  
d.teras kang bisa nyipta gambaran imajinasi/daya pangangenpangen pamaca  
e. teras kang isine pangandikan,panemu, utawa dhawuhe wong jadhug, misuwur, Ian liya-liyane

**24.**Ing ngisor iki kang ora kalebu panutupe pawarta, yaiku ....  
a. ngiangut  
b. arupa dudutan  
c. tulisane ora runtut  
d. arupa ringkesan  
e. gamblang

25. Wektu lan panggonan kedadeyane ora  
kena dapesthikake iku titikane saka pawarta  
....  
a. dinan  
b. dadakan
- c. lumrah  
d. rekan  
e. crita

**B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener !**

1. Jlentrehna pangertene pawarta crita !

Wangsulan;.....

2. Sebutna perangane pawarta !

Wangsulan;.....

3. Apa sing komangerten ibabagan deklaratif !


Wangsulan;.....

4. Jlentrehna perangane pawarta ing basa Inggris lan pangertene ing basa Jawa !

Wangsulan;.....

5. Apa kang diarani pawarta dadakan ?

Wangsulan;.....



**Gladhen Perbaikan**

**Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener !**

1. Apa kang diarani striking statement iku ?

Wangsulan;.....

2. Apa sing diarani irah-irahan sipate direct address ?

Wangsulan;.....

3. Sebutna jinise pawarta miturut wektu giyarane !

Wangsulan; .....

4. Kepriye ciri wancine pawarta iku ?

Wangsulan;.....

5. Apa kang diarani irah-irahan iku sipate provokatif statement ?

Wangsulan;.....

## Gladhen Pengayaan

Jinise pawarta iku ana pawarta dadakan, pawarta dinan, lan pawarta crita. Pangerten lan tuladhane wus kosinau kanthi becik. Saiki coba gatekna, miturut panemumu, kedadeyan ing sawijining partandingan bal-bal, dumadina gol, upamane, iku kalebu jinis pawarta sing endi ?

### **Paribasan, Panyandra, Isbat, Ian Cangkriman**

Kasusastran Jawa karacik mawa basa kang mligi lan tata. Tetembungane dironce kanthi edi peni dhapuk ukara gancar. Reroncening ukara ana kang wantah, lan ana kang gumathok ora kena diowahi. Surasaning ukara ana kang wantah, lan ana kang asipat pasemon, ngemu teges entar.

Kasusastran kang arupa basa gancar, dhapuking ukara tinamtu, ajeg panganggone, ngemu teges entar, upamane paribasan, panyandra, isbat, tan cangkriman

#### **1. Paribasan**

Paribasan iku unen-unen kang wis gumathok racikane. Teges kang kinandhut uga wis tartamtu mulane ora kena diowahi. Lumrahe paribasan iku ngemu teges kang entar (kiasan). Tegesing tembung Iumereg, gumantung ing surasane Ian karepe kang kinandhut ing unen-unen.

Paribasan iku ngemu teges tetandhingan, pepindhan utawa pepiridan, saemper pasemon. Lumrahe, sing disemoni iku manungsa, ulah kridhaning manungsa, utawa sesambunganing manungsa lan alam uripe.

Paribasan ana kang ingaran bebasan Ian saloka Paribasan diarani bebasan yen lereging teges ngenani sesipatan utawa kaanan kang gegayutan karo ulah kndhaning manungsa. Tuladhane, yen ana wong kang ngumukake kekuwatane, gumedhe, lan kuminter, dibebasakake adigang, adigung, adiguna. Paribasan diarani saloka yen lereging teges ngenani sing disemoni, disanepani, utawa dipindhakake Tuladhane, yen ana wong tuwa jaluk wulang karo anak disalokake: kebo nusu gudel.

#### **2. Panyandra**

Panyandra iku unen-unen memper pepindhan kang surasane mawa tetandhingan lan ngemu teges memper. Tetandhingan iku lumereg marang kaendahan. Mula kang dicandra iku bab becik lan mengku karep ngalem kaendahane, kayata alise nanggal sapisan, bathuke nyela cendhani, bangkekane nawon kemit.

#### **3. Isbat**

Kang diarani isbat iku unen-unen kang ajeg panganggone lan mawa surasa tartamtu. Isbat awujud racikaning tembung kang dhapuk ukara kang ngemu teges entar lan ngemu pasemon. Tembung isbat tegese katetepan, saemper panbasan. Tegese lumereg marang kawruh filsafat lan pasemon, kayata golek banyu apikulan wanh, golek geni adedamar, nggoleki wekasing langit.

#### **4. Cangkriman**

Cangkriman iku unen-unen kang rinacik ing tembung kang tumata, surasane ngemu teges kang kudu dibadhe (dibedhek/dicape). Mula, cangkriman uga diarani badhean. bethakan, utawa capean. Racikaning cangkriman iku ana kang adhapur ukara lumrah lean ane kang sinawung ing tembang.

- Manut wujud Ian dhapukane, cangkriman dibedakake dadi telung wama, kaya ng ngeor iki
- Cangkriman kang adhapur rerakitaning tembung wancahan, kayata Ing ngisor bi.
    - Wiwawite lesmbadhonge = uwi dawa uwite, tales amba godhonge
    - Pak bomba, pak lawa, pak piyut « tepak kebo amba, tepak ula dawa. tepak sapi ciyut
    - Lut mahe ndut, yu mae rong = welut umahe ngendhut, yuyu omahe ngerong.
  - Cangkriman kang adhapur rakitaning ukara kang ngemu surasa Inb-inban utawa pepindhan, kayata ing ngisor iki.
    - Gajah nguntak sangkrah = luweg.
    - Pitik walik saba kebon = nanas.
    - Sega sakepel dirubung tinggi = salak.
  - Cangkriman kang surasa biendheran utawa ateges plesedan, kayata ing ngisor iki.
    - Ana piranti Ing dhapur yen ketiban cecak bisa mabur apa iku? Wangsulane Kalo (tulisan Jawa kalo yen diwenehi tandha cecak dadi kalong).
    - Ing sakdhuwure lawang ana cecake, nanging yen cecake lunga, lewange dadi kewan kang seneng wowohan Kewan apa iku? Wangsulane: lawa (ing dhuwura tulisan. Jawa lawang pancean ana tandha cecake, dene yen tandha cecake Hang Gadi lawa).

### Luhuring Budi

Sawise nyinau bab iki, siswa kaajap bisa mangerten kang diarani pawarta, tetengere pawarta, lan nemtoake surasane pawarta. Kajaba kuwi, siswa uga bisa gawe pawarta kanthi adhedhasar paugeran kang bener. Mula sawise nyinau bab iki, siswa kaajap duweni karakter kang tekun, gemar membaca, mandiri, lan kreatif.

### Pambijen Tengah Semester

#### A. Wenehana tandha ping [x] sangarepe wangulan sing bener !

1.Citramengeng, kusumastuti, lan mintaijiwa

c. 8

kalebu jinising tembang ....

d. 9

a. atit

e. 10

b. macapat

**3.Gatekna wacan ing ngisor iki!**

c. kakawin

Yen wong anom puniku

d. gedhe

kakehan panggunggung dadi kumprung pengung bingung wekasane pan angoling yen digunggung muncu-muncu

e. tengahan

kaya wudun meh mecothot

2.Tembang Dhandhanggula dumadi saka ...

Ing dhuwur iku diarani tembang Macapat ....

gatra.

a. Megatruh

a. 6

b. Gambuh

b. 7

- c. Dhandhanggula
- d. Sinom
- e. Pangkur

**4.**Ing tembang Macapat ana tembung guru wilangan. Kang diarani guru wilangan, yaiku ....

- a. cacahing huruf
- b. cacahing tembang
- c. cacahing huruf saben sak gatra
- d. cacahing bait saben tembang
- e. cacahing wanda saben sak larik

**5.**Guru lagu lan guru wilangane tembang Kinanthi, yaiku ....

- a. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
- b. 8i, 8a, 80, 8a, 7a, 8u, 8a
- c. 12a,7i,6a,7a,8i,5a,7i
- d. 8i, 8a, 80, 5a, 7a, 8u, 8a
- e. 5a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i

**6.**Gatekna wacan ing ngisor iki! mingkar-mingkuring angkara

akarana karenan mardi siwi  
sinawung resmining-kidung  
sinuba sinukarta

mrih kretarta pakartining ngelmu pugung  
kang tumrap neng tanah Jawa  
agama ageming aji

Ing dhuwur iku diarani tembang Macapat...

- a. Megatruh
- b. Gambuh
- c. Pangkur
- d. Sinom
- e. Dhandhanggula

**7.**Sipat nelangsa, prihatin, lan kerantaranta iku diduweni dening tembang ....

- a. Pocung
- b. Dhandhanggula

- c. Maskumambang
- d. Megatruh
- e. Asmaradana

**8.**Tembang ing ngisor iki satitekna!

Pocung  
Bapak pocung,  
Dudu watu dudu gunung,  
Sangkamu ing plembang,  
ngone ingone sang bupati,  
yenlumampahi      Pocung Lembehangrana.  
Batangane wangsalan sing awujud tembang  
Pocung kasebut, yaiku ....

- a. macan
- b. kebo
- c. gajah
- d. jaran
- e. sapi

**9.**Pupuh Kinanthi ing Serat Wedhatama dumadi saka ... pada.

- a. 18
- b. 23
- c. 25
- d. 33
- e. 30

**10.** Rembugan sawijining babagan utawa prekara kanggo nggoleki solusi prekara iku. Tujuane kanggo nggolek tembung sepakat lan mupakat diarani ....

- a. musyawarah
- b. dhiskusi
- c. sabdhapalon
- d. sesorah
- e. pambagya harja

**11.** Posisine pangripta ing crita utawa carane pangripta nyritakake isine crita diarani.....

- a. latar
- b. sudut pandang
- c. tema
- d. amanat
- e. basa

**12.** Wayah esuk awan Ian bengi Ing sajroning crita ku kalebu .....

- a. latar kahanan
- b. alur
- c. amanat
- d. latar panggon
- e. latar wektu

**13.** Ing ngisor Iki sing ora kalebu unsur Intrinsik cerkak yaiku....

- a. paraga
- b. agama
- c. alur
- d. tema
- e. amanat

**14.** Wacanen paragrap ing ngisor Iki!

Tomas kuwi sawijinig siswa kelas 11 ing SMK Karanganyar Sawijining dina, ana pertandingan persahabatan futsal. Sing ngenekake, yaiku SMK Karya Nugraha Boyolali. Dadi, minggu ngarep bakal ana pertandingan ing antarane SMK

Karanganyar Ian SMK Karya Nugraha Boyolali. Ing wektu-wektu sadurunge pertandingan kuwi, Tomas latian kanthi sregep lan dhisiplin. Kamangka sadurunge Tomas ora tau melu latian. Nanging wektu pertandingan ndilalah gawang SMK Karanganyar bisa dijebol dening SMK Karya Nugraha Boyolali Dadi pertandingan dimenangake SMK Karya Nugraha Boyolali kanthi skor 6-0 Sawise pertandingan kuwi, Tomas wis Ora tau melu latian kance-kancane maneh.

Paribasan kang trep kanggo onta ing dhuwur yaiku.....

- a. kebo kabotan sungu
- b. ana catur mungkur
- c. nguthik nguthik macan
- d. obor biarak
- e. obor oncor

**15.** Ing Stasiun Balapan aku nguntapake kancaku mulih menyang desane Tuladha iku kalebu ...

- a. latar kahanan
- b. paraga
- c. watak
- d. latar panggonan
- e. latar wektu

**16.** Tandha-tandha fisik lan nonfisik kang diduwensi paraga bisa diarani ....

- a. latar
- b. basa
- c. amanat
- d. agama
- e. watak

**17.** Crita kang surasane fakta riwayat uripe uwong kang ditulis dhewe diarani ....

- a. novel

- b. crita sambung  
 c. crita gambar  
 d. otobiografi  
 e. cerkak
- 18.** Paraga kang dadi lakon crita utawa pemeran utama diarani ....  
 a. tritagonis      d. figurant  
 b. antagonis      e. sutradara  
 c. protagonis
- 19.** Alur kang nyritakake utawa nggambarake kahanan saiki kanthi sakteruse diarani alur ....  
 a. mundur  
 b. alur/plot  
 c. regresif  
 d. campuran  
 e. maju
- 20.** Crita bisa awujud fakta lan fiksi utawa mung gawe-gawe. Crita kang surasane wujude crita kang critane sinambung diarani ....  
 a. novel  
 b. crita sambung  
 c. erita gambar  
 d. otobiografi  
 e. cerkak
- 21.** Wara-wara kang surasane andon kewasinan, cangkriman, utawa pitakonan diarani ...  
 a. lelayu  
 b. iklan  
 c. pawarta  
 d. sayembara  
 e. majalah
- 22.** Pawarta sing biyasane mung dirungokake, lumantar lewat ....  
 a. majalah  
 b. surat  
 c. radhio  
 d. TV  
 e. Koran
- 23.** Pawarta kang ditujokake kanggo umum, kang surasane menehi pangerten tumrap sawijining prastawa diarani ...  
 a. majalah  
 b. selebaran  
 c. pawarta  
 d. layang  
 e. wara-wara
- 24.** Perangan kang ora kudu ana ing sajroning panulise wara-wara, yaiku ...  
 a. surasa basa  
 b. angle  
 c. purwaka basa  
 d. titi mangsa  
 e. peprenahan
- 25.** Wacanen kang orattis pethikan warta ing ngisor iki!  
 Dina Setu (9/8) kapungkur, pagelaran musik kerongcong dalah pangiringe diracik kanthi cakepan modheren ing sawijining orkestra, yaiku Purwacaraka Light Orchestra. Musik kerongcong pranyata bisa dibabar ing racikan orkestra sing dipepaki perkusi, keyboard, lan sawetara piranti musik liyane sing ora lumrah ing sawijining racikan musik kerongcong.  
 Dudutan kanggo pethikan warta mau, yaiku ....  
 a. Keroncong bisa diiringi perkusi, keyboard, lan sawetara musik liyane.

- b. Musik kercong pranyata bisa karacik kanthi cakepan modheren lan ora ketinggalan jaman.
- c.. Dina Setu minangka dina pagelaran musik kercong.
- d. Perkusi lan keyboard mono piranti musik sing ora lumrah ing racikan musik kercong.
- e. Purwacaraka Light Orchestra seneng ngracik musik kercong

**26.** Wara-wara kang surasane bela sungkawa diarani ....

- a. lelalu
- b. iklan
- c. ulem
- d. brosur
- e. majalah

**27.** Pawarta asale saka tembung warta kang tegese ....

- a. tulisan
- b. kabar
- c. Surat
- d. berita
- e. layang

**28.** Salah sawijining cirine pawarta yaiku - publisitas kang tegese ....

- a. kudu antuk kawigatene pamiyarsa
- b. informasi kang disajekake paling anyar
- c. bobot isi kudu bisa nyengkuyung kabeh kalangan
- d. apa anane
- e. dijupuk saka maneka warna sumber

**29.** Wara-wara kang surasane nawakake ta sawijining barang utawa papan diarani...

- a. lelalu
- b. pawarta
- c. iklan
- d. brosur
- e. majalah

**30.** Wacanen kang pratitis teks warta ing ngisor iki!

Dina Jumat Pahing tanggal 21 Februari 2020, Pamarentah Provinsi Jawa Tengah ngadani "Peringatan Hari , Bahasa Ibu Internasional Tahun 2020", mapan ing Auditorium RRI Semarang, kawiwitan wanci sangga esuk nganti sik rampung. Dirawuhi dening para pangagenging pamerintah Provinsi isa Jateng, warga DPR Prop. Jateng, ren Kepala Dinas Dikbud Jateng, birokrat, ge pakar/pengamat budaya, para guru, siswa SD, SLTP, lan SLTA sakutha Semarang, para tamu undangan, lan saka kalangan pers. Adicara iki diisi pentas pakeliran padhet wayang kulit kanthi lakon "Pendadaran Satriya Kawah Candradimuka" lan peparing bevana "Sayembara Njarwakake Pidhato Gubernur Jawa Tengah"

Pawarta ing dhuwur nyritakake bab ....

- a.Pidhato Gubernur Jawa Tengah
- b.Pentas pakeliran padhet wayang kulit
- c.Pendadaran Satriya Kawah Candradimuka
- d. Sayembara Njarwakake Pidhato Gubernur Jawa Tengah
- e.Peringatan Hari Bahasa Ibu Internasional Tahun 2020

## B. Wangsulana pitakon-pitakon Ing ngisor iki kanthi bener!

1.Sebutna kang kalebu tembang gedhel

Wangsulan: .....

2. Apa kang diandharake ing pupuh Pocung Ing Serat Wedhatama?

Wangsulan: .....

3. Sapa kang nganggit Serat Wedhatama?

Wangsulan: .....

4. Kepriye tegese "wedhatama" miturut R. Tanojo?

Wangsulan: .....

5. Apa kang diarani latar panggonan?

Wangsulan: .....

6. Crita cekak Iku kira-kira dawane pirang tembung?

Wangsulan: .....

7. Apa bae kang mangaribawani dianggite sawijining cerkak saka unsur ekstrinsike?

Wangsulan: .....

8. Salah sawijining Jinis Irah-irahan yaiku pernyataan. Apa maksude?

Wangsulan: .....

9. Apa kang diarani pawarta padinan iku? ,

Wangsulan: .....

10. Sebutna wujude pawarta!

Wangsulan: .....

Catatan Guru

Paraf Guru

NILAI

## WULANGAN

4

### Karangan Deskripsi

#### Omah Adat Jawa

#### Kompetensi Dasar

1.4 Menerima, mensyukuri, menghayati dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks deskripsi tentang rumah adat Jawa.

2.4 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli [gotong royong, kerja sama, toleran, damai], santun, responsif dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa dalam bentuk teks deskripsi tentang rumah adat Jawa.

3.4 Menelaah teks deskripsi tentang rumah adat Jawa.

4.4 Menanggapi dan menceritakan kembali teks deskripsi tentang rumah adat Jawa.

#### Tujuan Pembelajaran

Setelah mempelajari materi ini, diharapkan siswa mampu;

- 1 Memahami teks deskripsi tentang rumah adat Jawa.
- 2 Menanggapi teks deskripsi tentang rumah adat Jawa
- 3 Menyampaikan isi teks deskripsi tentang rumah adat Jawa

#### Materi Inti Pembelajaran

Teks deskripsi tentang rumah adat Jawa

#### Kata Kunci

Deskripsi, karangan, omah adat Jawa, nanggapi tks.


#### Alokasi Waktu

8 jam pembelajaran

#### Karakter Bangsa

Tliti, disiplin, santun, gemilang trampil

#### PETA KONSEP



## Purwaka

Omah adat iku omah tradisional ing sawijining masarakat. Saben masarakat ing bumi Nuswantara iki duwe omah adat. Dasar nyata bangsa Indonesia iku bangsa Bhineka Tunggal Ika, dadi ora nggumunake manawa duweni akeh banget jinis-jinis omah adat. Salah sawijine, yaiku Joglo pinangka omah adat masarakar Jawa.

Asil-asil kabudayaan masarkat Jawa iku mesti ngandhut nilai-nilai filosofis ing jerene. Kang mangkana iku amarga masarkat Jawa tansah menehi piwulang lan piweling kanggo kabecikan. Piwulang lanpiweling iku asring kasimpen ing sajerone asli kabudayaan iku, kalebu ing omah adat Jawa.

GAMBAR

Ing wulangan iki kita bakal nyinau lan ngonceki bab omah adat Jawa kanthi karangan deskripsi. Karangan deskriptif iku jinising karangan sing nggulawentah nggamarake sawijining barang utawa kahanan nganti cetha, kaya-kaya pamaca iku bisa meruhi dewe kang digamarake iku. Kanthi karangan deskritif iku kita bisa mangerten iku wujude omah adat Jawa iku wiwit gendheng nganti tekan jobin, wiwit latar nganti tekan kebon mburi omah, lan sak jero-jerone omah kanthi cetha. Kaprigelan bab nggamarake kanthi karangan deskriptif iku bakal kita sinau ing wulangan iki.

## Ringkesan Wulangan

### A. Perangane Karangan

Sadurunge kita wis ngerten apa kang diarani karangan deskriptif. Kita kudu mangerten luwih dhisik. Kang kalebu jinising karangan. Ana pirang-pirang jinis kang kalebu ing tatarane karangan. Jinising karangan kaya ing ngisor iki.

1. Narasi, yaiku karangan utawa paragrap kang nyritakake kedadeyan kanthi wektu utawa kedaden kang runtut saka wiwitan nganti pungkasan. Pamaca kaya-kaya nglakoni kaya dene kedadeyan kang ana jroning crita.
2. Argumentasi, yaiku karangan utawa paragrap kang isine ngenani panemu kanthi linambaran alesan-alesan kang mathuk.
3. Deskripsi, yaiku paragrap utawa karangan kang isine nggamarake sawijining objek (bisa panggonan utawa wewujudan liyane) kanthi trewaca. Pamaca kaya-kaya ngerti dhewe objek kang digamarake ana ing jroning paragrap iki.
4. Persuasi, yaiku paragrap utawa karangan kang isine ngajak para pamaca supaya nglakoni apa kang dikandhakake panulis.

- Eksposisi, yaiku paragrap utawa karangan kang isine jlentrehake nganti cetha trewaca lan ngemu babagan informasi.

## B. Karangan Deskripsi

### 1. Pangertene Karangan Deskripsi

Tembung deskripsi asale saka basa Latin, yaiku descripcere kang tegese nulis utawa njlentrehake sakwijining bab/prekara. Deskripsi uga duwe teges perincian utawa gambaran. Mrinci tegese gambarake prekara tartamtu. Carane nulis deskripsi, siswa ngamati (ngemati kanthi premati) objek kang didadekake sumber tulisan. Objek sing-dirinci/digambarake bisa samubarang, kayata prastawa, pawongan, kewan, tanduran, lingkungan, alam, lan sakpiturute.

GAMBAR

Deskripsi kang adhedhasar pengamatan kalebu rincian/gambaran kasunyatan. Gambaran kasunyatan iki mratelakake pawongan, panggonan, kewan, prastawa, barang, lan sakpiturute. Bisa digambarake/dirinci kanthi trep kaya kahanan sing saknyatane.

### 2. Bab Wigati Nalika Nulis Karangan

Bab-bab kang prelu ditindakake supaya bisa nulis karangan deskripsi kaya ing ngisor iki.

- Nemtokake bab kang arep ditulis.
- Ngumpulake katrangan kanthi jingglengi bab kang arep ditulis.
- Nyathet perangan-perangan bab kanthi tlesih.
- Nulis kasile jingglengi mau kanthi urut, cetha, urip, lan migunakake tembung-tembung kang trep.
- Naliti lan mbenerake ukara supaya dadi karangan kang becik.

### 3. Titikane Karangan Deskripsi

Titikane karangan deskripsi kang becik kaya mangkene.

- Nggambarake samubarang, upamane kahanan, papan, utawa manungsa.
- Nggunakake pancaindriya (pandeleng, pangrasa, pangrungu, pangganda, lan pangecap).
- Bisa ngajak pamaca kaya-kaya bisa ndeleng dhewe, ngrasa dhewe, krungu dhewe, ngambu/ngganda dhewe, lan ngecap dhewe.

### 4. Trap-trappane Nulis Karangan Deskripsi

Trap-trappane nulis karangan deskripsi kaya ing ngisor Iki.

- Netepake objek kang bakal ditulis.
- Nemtokake bates objek kajian.
- Observasi kanthi cermat lan tuntas.
- Gawe gambaran kanthi cetha.
- Gawe reng-rengan kang arep dikembangake
- Milih ukara kang pener kanggo nggambarake objek kathi trep

#### Warta Mligi

Deskripsi pawongan bisa dirinci praupane, dedege, watake, kesenengane, gaweyane, lan sapanunggalane. Dene deskripsi barang bisa digambarake ngenani bahane, kelire, modele, lan sapanunggale.

- g. Naliti panulisan supaya dadi tulisan kang trep.

### Wasis

1. Wacanen kang premati karangan deskripsi ing ngisor iki!

#### **Omah Limasan**

Omah adat Jawa Tengah iku omah kang asli Jawa, salah sijine omah limasan. Omah limasan, yaiku omah kang duweni empyak papat lan wujude limas. Ing omah limasan ana 4 saka guru Ian 14 saka tambahan. Saka mau dipasang jejeg, kuat, lan lurus duweni makna keyakinan niat, tekad, lan tumindak kanggo nggayuh kesejahteraan urip ing donya lan akhirat.

Omah limasan kabagi dadi papat ruang yaiku kaya ing ngisor iki.

##### 1. Teras

Fungsine kanggo kempal karo tangga omah Ian leyeh-leyeh sakwise nyambut gawe.

##### 2. Dalem Agung

Fungsine kanggo kempal Ing ngisor iki. pal karo kulawarga. Dalem agung dibagi telu sethong kaya ing ngisor Iki.

a. Senthonh tengah kanggo panggonan ibadah.

b. Senthong kiwo kanggo panggonan ngaso anak wadon.

c. Senthonh tengen kanggo panggonan ngaso anak lanang.

##### 3. Pawon

Fungsine kanggo masak lan sakliyane.

##### 4. Pakiwan

Fungsine kanggo guwak regetan (WC)

Omah limasan jinise ana akeh. Tuladhane limasan lawakan, limasan gajah ngombe, limasan apitan.

2. Apa ana tembung-tembung sing durung komangerten i tegese? Sebutna yen ana?

3. Jlentrehna pokok isi karangan deskripsi kasebut kanthi lesan!

### Guyub Rukun

1. Gawe kelompok watara 3-4 siswa!

2. Bebarengan karo kelompokmu, goleka Informasi babagan omah adat Joglo!

3. Adhedhasar informasi kasebut, jlentrehna babagan omah Joglo kanthi karangan deskripsi!

4. Aturna asil pakaryane kelompokmu marang guru!

## **C. Nanggepi lan Ngaturake Dudutan Karangan Deskripsi**

Nalika arep nanggepi isining karangan deskripsi, ana saperangan kagiyatan kang kudu dilakoni pamaca. Salah sawijing kudu mangerten ijinise paragrap lan carane maca. Kaya mangkene iki andharane.

### **1. Jinising Paragrap**

Paragrap, yaiku bagian saka pira-pira wacana kang ngamot siji pikiran pokok/utama lan bisa dibarengi karo tembung-tembung panerang. Jinising paragrap miturut panggone kalimat utama kaperang dadi papat kaya ing ngisor iki.

a. Paragrap Deduktif

Paragrap deduktif, yaiku paragrap kang tembung intine ana ing awal utawa ngarep paragrap uga dicethakake nganggo tembung panerang.

b. Paragrap Induktif

Paragrap induktif, yaiku paragrap kang tembung intine ana ing pungkasane paragrap.

c. Paragrap Ineratif

Paragrap ineratif, yaiku paragrap kang tembung utamane ana ing tengahing paragrap kanthi tersirat.

d. Paragrap Deduktif-Induktif

Paragrap deduktif-induktif, yaiku paragrap kang tembung intine ana ing ngarep lan pungkasane paragrap.

## 2. Jinise Maca

Maca iku jinise ana loro, yaiku maca nyuwara lan maca ing batin. Maca ing batin kaperang dadi loro, yaiku maca ekstensif lan intensif. Maca ekstensif lan intensif duweni penekanan kang beda sanajan ditindakake ing jero ati.

a. Maca Intensif

Maca intensi luwih nengenake kualitas utawa intensitas pemahaman kang jero, dadi nganti ngerti sak jlimet-jlimete. Tuladhané maca intensif, yaiku maca pemahaman. Maca pemahaman kaperang dadi telu kaya ing ngisor iki.

1) Maca literal: maca kang ancuse nangkep isi wacan kang tinulis.

2) Maca kritis: maca kang ancuse nangkep wacan kang tinulis lan ora tinulis

3) Maca kreatif: maca kang ancuse nangkep wacan tinulis Ian ora tinulis banjur maragakake asil wacan mau.

b. Maca Ekstensif

Maca ekstensif, yaiku maca kantin jembar. Tegese maca sakakeh-akehing wacana utawa gancaran kantin wektu kang singkat. Maca iki luwih nengenake kuantitas, mula aktivitas maca Iki ora kaiket dening disiplin kawruh kang dipilih. Maca ekstensi bisa ditindakake kanthi cara ing ngisor Iki.

1) Nggoleki topik kang padha saka maneka medhia cetak kang ana.

2) Ngumpulake artikel kang duweni topik padha.

3) Maca sekilas irah-irahan artikel kang padha iku.

4) Maca paragrap kapisan lan pungkasan (biyasane paragrap iku jlentrehake gagasan panulis).

5) Niti kanthi sekilas pituduh-pituduh liyane babagan bab kang wigati.

### Pendidikan Antikorupsi

Kita ora wenang ngajab wohing pangabekti kanggo kita dhewe. Nindakake kabecikan kanthi budi darma kitapancen wajib, nanging ngundhuh wohing kautaman kita ora wenang

Maca ekstensif, tuladhane maca survei lan maca saklebatan (maca sekilas) Kajaba maca intensif lan ekstensif, uga ana cara maca cepet. Bisa diarani maca cepet manawa samenit bisa maca 250 tembung, yen durung bisa, dibaleni maneh kanthi cara ing ngisor iki.

- a. Maca jroning batin, konsentrasi
- b. Swara lirih cukup awake dhewe kang krungu.
- c. Aja nggunakake tuding utawa dnji.
- d. Aja ngobahake sirah utawa mripat tumuju ing wacan.
- e. Aja baleni tembung sing wis kawaca.
- f. Aja dieja aksarane.

Ketrampilan dhasar maca kaya ing ngisor iki.

- a. Ketrampilan nguwasani mripat.
- b. Ketrampilan nguwasani tembung lan frasa.
- c. Ketrampilan nguwasani tembung kunci.

Cara maca supaya cepet pikantuk informasi kaya ing ngisor iki.

- a. Cara skimming: cara maca kanggo goleki bab-bab kang wigati kanthi cepet
- b. Cara scanning: cara maca kanggo goleki kabar informasi kang wis dibutuhake Carane cukup diwaca bagian kang digoleki bae.

### 3.Bab Wigati Nalika Nulis Karangan

Bab wigati kang kudu digatekake nalika nulis karangan kaya mangkene

- a. Nemtokake tema.
- b. Milih irah-irahan (judul). Judul becike nganggo tembung singbecik, cekak aos, narik kawigaten pamaca.
- c. Basane singbecik.
- d. Ukarane runtut (urut trep lakuning crita), yen ora runtut bisa gawe pamaca bingung, ora ngerti karepe isine karangan.
- e. Tulisan sing cetha ora akeh orek-orekan (tip-ex).
- f. Antarane tema, judul, Ian isi tansah sesambungan, cocok (jumbuh).
- g. Sadurunge ngarang bisa kanthi gawe cengkorongan (kerangka).

#### Wasis

1. Tulisna ciri-cirine omah Limasan lan Joglo !
2. Tulisna uga nilai-nilai kang sumipen ing omah Limasan lan Joglo !
3. Tulisna ana papan kang cumawis ing ngisor iki !

Omah Adat Jawa	Ciri -ciri	Nilai-nilai
GAMBAR	1. .... 2. .... 3. .... 4. .... 5. ....	1. .... 2. .... 3. .... 4. .... 5. ....

	6. .... 7. .... 8. .... 9. .... 10. ....	6. .... 7. .... 8. .... 9. .... 10. ....
GAMBAR	1. .... 2. .... 3. .... 4. .... 5. .... 6. .... 7. .... 8. .... 9. .... 10. ....	1. .... 2. .... 3. .... 4. .... 5. .... 6. .... 7. .... 8. .... 9. .... 10. ....

4. Jlentrehna kanthi lesan ngeani ciri-ciri lan nilai-nilai kang sumipen ing omah Limasan lan Joglo !

**Guyub Rukun**

- 1.Bebarengan karo kancamu sameja, waspadakna paragrap-paragrap ing ngisor iki!
2. Tindakna wawan rembug kanggo nemtokake jinising paragrap iku!
3. Temtokna jinising paragrap Ian tuduhna bukti-buktine! |

**Paragrap 1**

Kacilakan macem-macem jenis prabot utawi sistem persenjataan gadhah TNI taksih asring kedadosan. Kecatet sampun 76 anggota TNI tewas lebet macem-macem kacilakan. Korban jiwa boten namung dhawah saking pihak TNI, nanging rakyat sipil pun kadang ugi dherek dados korban. Kondisi makaten dipunkuwatosaken badhe tambah dhawahaken moral prajurit TNI.

**Paragrap 2**

Benter utawi demam ingkang inggil salebetipun.pinten-pinten dinten saged dicurigai dados demam rahan. Tiyang ingkang rekaos demam rahan ugi ngalami pangrahan saking bolongan irung utawi mimisan. Kajaba iku, jedhul bintik-bintik abang ing awak. Kabeh gejala iku badhenipun dipunmirengaken dadosipun menawa kedadosan gejalaGjala iku, pangrekaos sangguh dipuntulung lan dipuntangani dhokter.

**Paragrap 3**

Kamar kula ambane 5m x 3 m. Sakjane kamar kula amba, nanging amarga wonten barang sing kathah, mulane dados sempit. Wonten lemari tiga sing gedhe, salah satunggale wonten pengilonipun. Ing tembok kamar wonten photo kula lan dulur kula, bapak Ian Ibu, lukisan, lan sapanunggale. Kula remen sanget sinau lan nelasake wekdai wonten Ing kamar.

#### Paragrap 4

Penyanyi kang becik kudu bisa gawe seneng penonton. Ora mung bisa nyanyi. cara kanggo nyenengake penonton. Penyanyi kang becik iku penyanyi sing bisa gawe seneng atine penonton.

Bausastra Alit

**Mac a intensif** : maca kang luwih nengenake kualitas utawa intensitas pemahaman kang

**Mac a ekstensif** : maca kanthi jembar, ateges maca sakakeh-akehing wacanan utawa gancaran kanthi wektu kang singkat

**Paragrap** : perangan wacan kang ngamot sawijining ukara baku kang dikantheni ukara

#### Gladhen Wulangan

##### A. Wenehana tandha ping (x) sangarepe wangulan sing bener!

1. Jinis karangan kang duwe ancas nemokake wangulan utawa dinggo ngudhari prakara kang ruwet, yaiku....

a. persuasi

b. deskripsi

c. narasi

d. eksposisi

e. argumentasi

2. Trap-trapane nulis karangan deskripsi

sing pungkasan, yaiku ....

a. naliti panulisan supaya dadi tulisan kang trep

b. milih ukara kang pener kanggo nggambarake objek kanthi trep

c. nemtokake irah-irahan

d. gawe gambaran kanthi cetha

e. gawe reng-rengan kang arep dikembangake

3. Paragrap kang nyritakake kedadeyan kanthi wektu utawa kedadeyan kang runtut diarani paragrap ....

a. narasi d. deskripsi

b. argumentasi e. persuasi

c. eksposisi

4. Kang kalebu jinising maca pemahaman, yaiku maca....

a. kreatif d. batin

b. cepet e. ekstensif

c. seru

5. Kang ora kalebu jinising karangan, iku ....

a. ekstemporan d. narasi

b. deskripsi e. persuasi

c. eksposisi

6. Gambarake prekara tartamtu iku jenenge ....
- a. nyemak      d. mrinci
  - b. nulis      e. mbiji
  - c. micara
7. Ancas utama paragrap persuasi, yaiku...
- a nggamarake samukawis
  - b. nyritakake kedadeyan
  - c. nggamarake proses
  - d. ajak-ajak
  - e. mbabarake ilmu
8. Isine teks kuwi ngajak supaya pamaca nglakoni kang ana ing wacan diarani ....
- a. narasi
  - b. deskripsi
  - c. argumentasi
  - d. eksposisi
  - e. persuasi
9. Karangan kang menehi alasan kang trep karo kahanane diarani ....
- a. narasi      d. deskripsi
  - b. argumentasi    e. persuasi
  - c. eksposisi
10. Maca kang ancuse nangkep isi wacan kang tinulis diarani maca ....
- a. kreatif      d. literal
  - b. kritis      e. ekstensif
- c. seru
11. Karangan kang duweni ancas menehi pangaribawa diarani ....
- a. eksposisi      d. narasi
  - b. deskripsi      e. persuasi,
  - c. argumentasi
12. Paragrap deskripsi iku paragrap kang bisa ....
- a. nduweni wujud slogan
  - b. mbabarake pengetahuan
  - c. menehi pangaribawa
  - d. dirasakake pancaindra
  - e. duweni urutan kedadeyan
13. Trap-trapane nulis karangan deskripsi sak bubare gawe reng-rengan, yaiku...
- a. naliti panulisan      b. milih ukara
  - c. gawe gambaran      d. observasi
  - e. netepake objek
14. Tembung descripcere kang pinangka asal usule tembung deskripsi iku saka basa.....
- a. Kawi      d. Sanskerta
  - b. Jawa Kuna    e. Latin
  - c. Arab
15. Kang nggamarake sawijining objek kanthi trewaca yaiku pangerten saka.....
- a. narasi      d. eksposisi
  - b. deskripsi      e. persuasi

c. argumentasi

16. Manut mapane pokoke ukara paragrap dibedakake dadi ....

- a. enim                  d. telu
- b. lima                  e. loro
- c. papat

17. Maca kang ancase nangkep wacan kang tinulis Ian ora tinulis diarani ....

- a. maca kreatif
- b. maca kritis
- c. maca seru
- d. maca kiteral
- e. maca ekstensif

18. Jinising paragrap manut pokoke ukara kaya ngisor iki, kajaba ....

- a. deskriptif            d. deduktif
- b. ineratif              e. induktif
- c. ekstensif

19. Miturut ahli basa Prof. Henry Guntur Tarigan, maca Iku jinise ana loro, yaiku maca nyuwara lan ....

- a. maca literal
- b. maca cepet
- c. maca batin
- d. maca sora
- e. maca seru

20. Paragrap kang ukara pokoke manggon ana ing ngarep paragrap, banjur kasusul ukara-ukara panjlentreh diarani ....

- a. ineratif              d. deskriptif
- b. deduktif             e. induktif
- c. deskriptif

21. Wacan kang nyritakake prastawa kaya-kaya nyekseni dhewe diarani ....

- a. deskripsi
- b. argumentasi
- c. persuasi
- d. naratif
- e. eksposisi

22. Maca ing batin kaperang dadi loro, yaiku maca intensif lan maca ....

- a. kreatif                d. literal
- b. kritis                e. ekstensif
- c. seru

23. Maca kang ancase nangkep wacan tinulis lan ora tinulis banjur maragakake asil wacan mau diarani maca ....


- a. kreatif
- b. kritis
- c. seru
- d. literal
- e. ekstensif

24. Paragrap kang ukara pokoke manggon ana ing ngarep paragrap, banjur kasusul ukara-ukara panjlentreh diarani ....
- a. deskriptif      d. deduktif      c. gegambaran  
 b. ineratif      e. Induktif      d. kedadeyan  
 c. ekstensif      f.      e. informasi

25. Paragrap eksposisi Iku isine njlentrehake kanthi cetha babagan ....

### **B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener!**

1. Deskripsi kang adhedhasar pengamatan kalebu rincian/gambaran kasunyatan, gambaran kasunyatan iki mratelakake apa?  
 Wangsulan: .....
2. Jlentrehna pangertene paragrap persuasi!  
 Wangsulan: .....
3. Jlentrehna pangertene maca ekstensif!  
 Wangsulan: .....
4. Kepriye carane nulis deskripsi kanggo siswa?  
 Wangsulan: .....
5. Apa sing komangerten ibabagan paragrap deskripsi?  
 Wangsulan: .....



Gladhen Perbaikan

### **Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep!**

1. Apa sing diarani maca intensif iku?  
 Wangsulan: .....

2. Jlentrehna tegese deskripsi adhedhasar asal usule tembung!

Wangsulan: .....

3. Apa kang diarani karangan argumentasi?

Wangsulan: .....

4. Apa kang diarani maca kreatif?

Wangsulan: .....

5. Jlentrehna bab-bab kang prelu ditindakake supaya bisa nulis karangan deskripsi!

Wangsulan: .....

### Gladhen Pengayaan

1. Gladhen1

a. Wacanen ironing batin wacan ing ngisor iki!

#### **Omah Joglo**

Omah adat Jawa sing umum dikenal yaiku omah utawa umah sing duwe gaya arsitektur joglo. Joglo kuwi klebu wanganan utama saka omah tradisional Jawa Tengah. Para jalwestri jaman dhisik duweni penganggep yaiku para kadang konang ora gampang duweni omah joglo amarga kuwi khusus kanggo priyayi kaya dene bangsawan, priyagung, maharaja, lan pangeran. Omah joglo kuwi werna-werna jinise ana joglo lawakan, joglo sinom, joglo jompongan, joglo pangrawit, joglo mangkurat, joglo hageng, lan joglo semar tinandhu. Omah joglo duweni ciri kang khas yaiku payone kang dhuwur lan wujude bujur sangkar. Ing jaman saiki wis arang banget ditemokake omah wangun joglo.

Biyasane omah joglo iku ana gebyoge kanggo pepaes. Omah joglo dumadi saka rong perangan utama yakuwi pendhapa lan dalem. Bageyan pendhapa arupa bageyan ngarep sing duweni ruangan jembar tanpa sekat-sekat, lan ana saka guru papat aneng tengah kang dadi panyangga. Pendhapa kuwi dipigunakake kanggo nampa tamu utawa ruang dolanan bocah-bocah lan papan kanggo santai kulawarga. Bageyan pendhapa diapit pengrawit apitan lan tajuk mangkurat. Aneng bageyan dalem minangka bageyan jero omah arupa senthong utawa kamar. Ana senthong kiwa, senthong tengah, senthong tengen lan ruangan iki sing sipate luwih pribadi. Dalem iki dadi pusate saka omah joglo. Uga ana bageyan gandhok lan pawon. Gandhok Iki dipigunakake kanggo nyimpen perabot masak. Ciri-ciri wanganan joglo yakuwi bageyan payon pendhapane dhuwur kaya gunung. Perangan payon yakuwi ana empyak, memolo, kili, bahu danyang, untu cakil, gendheng, wuwung, lan talang. Yen dhasaran omah joglo arane la bebatur kaya dene jobin, jogan, lan ompak kang wamane cemeng.


Omah joglo sing isih lengkap lan duwe nilai-nilai budaya Jawa yaiku sing duwe telu wanganan, Saka ngarep ana pendhapa sing diapit rong wanganan liya sing radha cilik lan

posisine radha neng arepan wangunan pendhapa. Bageyan tengah ana pringgitan yen lumebeng ing buri dhewe ana dalem.


b. Miturut panemumu, wacan ing dhuwu kalebu teks deskripsi apa dudu? Coba tuduhna buktine!

## 2. Gladhen 2

a. Coba gatekna gambar ing ngisor iki kanthi premati.



GAMBAR 1



GAMBAR 2

b. Adhedhasar gambar iku coba gawenen teks deskripsi rong paragrap bae. Paragrap kapisan kanggo deskripsi gambar angka siji, dene paragrap sabanjure kanggo deskripsi gambar angka loro.

## Kawruh Basa

### Wangsalan

Wangsalan, yaiku unen-unen kang ngemu teges bethakan, kaya dene cangkriman utawa tebakan. Tembung “wangsalan” nunggal teges karo “wangsulan”. Ing sajeroning wangsalan ngemu unen-unen lan unen-unen iku butuhake wangsulan minangka batangane.

Wangsalan ana kang kaprah lan tinemu ing paguneman padinan lan mengku karep tartamtu, tur saben wong ngerti karepe. Yen ana wong muni: “Eh, bocah cilik mono aja ngrokok cendhak”, sing diajak guneman ngerti, karepe “aja neges-neges”, rokok cendhak iku tegesan. Ana wong mertarnu, sing duwe omah bagekake karo celathu: “E, janur gunung temen!”, karepe “kadingaren”. “Janur gunung” bethekana “janur aren”. Ana bocah ngaku-aku duweking liyan, banjur disendhu: “E, aja ngedom kretek!”. “Dom kretek” iku “paku”.

Wangsalan uga akeh tinemu ing kasusastran, lumrahe rinakit ing basa pinathok tur rinengga. Ana uga kang sinawung ing tembang macapat. Ing seni karawitan sok kanggo umpak-umpak ing gendhing.

#### 1. Wangsalan Padinan

- Isih enom kok njangah giri. (jangan giri=gudheg)
- Ditakoni malah ngembang suruh (kembang suruh = drenges)
- We, kok banjur ngewoh kesambi. (woh kesambi=kucacil)

## **2. Wangsalan kang Rinacik Ukara**

- a. Ayam wana, ya nasar tindak dursila. (bekisar)
- b. Balung janur, nyata sira mangka usada. (sada)
- c. Balung klapa, ethok-ethok ora priksa. (bathok)
- d. Balung ula, dakgagas gawe rekasa. (gragasan)

Wangsalan kang dumadi saka rong ukara utawa rong gatra. Gatra kapisan minangka wangsalan (cangkriman), ukara kapindho minangka bethekan utawa wangslane.

Tuladha:

- a. Gentha dara, ari Senen basa kuna. (sawangan = Soma)  
Sawangane, narima pasrah ing jiwa.
- b. Ancur kaca, kaca kocak munggwing netra. (banyu rasa = tesma)  
Den rinasa, tindak mamak tan prayoga.
- c. Ari Sena, Sena gelung minangkara. (Arjuna - Werkudara)  
Puji arja, mrih antuk sihing bandara.

## **3. Wangsalan Sinawung ing Tembang**

### **Sinom**

Jamang wakul Kamandaka,  
Kawengku ing jinem wangi,  
Kayu malang munggeng wangan,  
Sun wota sabudineki,  
Roning kacang wak mami,  
Yen tan panggih sira nglayung,  
Toya mijil sing wiyat,  
Roning pisang lesah ing wit,  
Edanira tan waras dening usada.

(Babad Pasir: IV.4)

### **Kinanthi**

Sastraa pangandheging kidung,  
Sudarma Basudewaji,  
Ngestu pada mring kusuma,  
Manjanma ping sakethi,

Pusara pangiket gangsa,

Tumutur tan sedya kari.

(Mangkunagara IV, Manuhara: N, 11)

Luhuring Budi

Sawise nyinau piwulang paragrap deskriptif, siswa kaajap bisa mangerten ijinis-jinis paragrap ing basa Jawa. Kajaba kuwi siswa uga mangerten babagan maneka warna omah adat Jawa kang dadi tema ing Wulangan 4. Sawise kuwi, siswa bisa gawe paragrap deskriptif babagan omah adat Jawa kanthi paugeran kang bener. Kanthi mangkana, siswa kaajap bisa nduweni karakter tliti, disiplin, santun, lan Percaya diri.

## WULANGAN

5

### Nulis Aksara Jawa

#### Kompetensi Dasar

1.5 Menerima, mensyukuri, menghayati dan mengamalkan anugerah Tuhan berupa bahasa Jawa dalam bentuk teks 2 (dua) paragraf aksara Jawa.

2.5 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli [gotong royong, kerja sama, toleran, damai], santun, responsif dan proaktif dalam menggunakan bahasa Jawa dalam bentuk teks dua paragraf aksara Jawa.

3.5 Mengidentifikasi kaidah penulisan aksara Jawa dalam 2 (dua) paragraf yang menggunakan sandhangan mandaswara.

4.5 Menulis dua paragraf berhuruf Jawa yang menggunakan sandhangan mandaswara.

#### Tujuan Pembelajaran

Setelah mempelajari materi ini, diharapkan siswa mampu;

- 1 memahami tentang penulisan aksara Jawa dalam dua paragraf,
- 2 mampu menggunakan sandhangan mandaswara, serta
- 3 mampu menulis dua paragraf berhuruf Jawa yang menggunakan sandhangan mandaswara

#### Materi Inti Pembelajaran

Aksara Jawa (sandhangan mandhaswara)

#### Kata Kunci

Aksara Jawa, nulis, lan maca paragrap aksara Jawa.

#### Alokasi Waktu

6 jam pembelajaran

#### Karakter Bangsa

Tliti, disiplin, lan rajin

#### PETA KONSEP

#### Nulis Aksara Jawa

Kawruh Dhasar  
Aksara Jawa



Nyinau babagan

- Aksara Legena
- Sandhangan

Kaperang dadi 2 pasinaon

Nulis Aksara Jawa

Nyinau babagan



- Aksara Mandhaswara
- Aksara Murda
- Aksara Swara
- Aksara Rekan
- Aksara Jawa
- Pada (Tanda Baca)

## Purwaka

Aksara Jawa iku kayadene aksara Latin, aksara Arab, lan aksara-aksara Iiyane, sing katone ora gampang disinau nanging bareng ditelateni gampang anggone mangerti. Apa maneh aksara Jawa iku aksara asli masarakat Jawa, mestine luwih gampang mangerti anggere gelem sinau kanthi tenanan.

Aksara Jawa pance wus ora digunakake ing komunikasi tulis, nanging nguri-nguri kabudayan kalebu aksara Jawa iku dadi kuwijiban kita. Akeh mupangate sinau maca lan nulis aksara Jawa. Mangerten aksara Jawa ateges gampang anggon kita maca naskah-naskah kuna kang kebak piwulang kabecikan kang migunani tumrap sapa bae. Kanthi mangerti maca lan nulis nganggo aksara Jawa iku ateges kita njaga identitas masarakat Jawa. Sapa ngerti ing tembe mburi aksara Jawa bisa urip maneh, ngrembaka, lan digunakake kanggo komunikasi tulis maneh.

## GAMBAR

### Ringkesaning Wulangan

#### A. Kawruh Dhasar Aksara Jawa

Aksara jawa iku ana 20, uga diarani aksara Legenda utawa Dentawyanjana. Saben aksara legenda ana pasangane kang gunane kanggo nyambung wanda sigeg utawa kang mati karo wanda candhake.

##### 1. Aksara Legenda

Tuladha;



- a. Mangan pala =
- b. Dhatan cara =
- c. Tasak-tasak =

##### 2. Sandhangan

Sandhangan, yaiku tetenger kanggo ngowahi utawa nambahi swara aksara utawa pasangan. Sandhangan aksara Jawa bisa kaperang dadi loro, yaiku sandhangan swara lan sandhangan panyigeging wanda.

**a. Sandhangan swara**

Jeneng	Wujud	Swara
<b>Wulu</b>	.....	<b>i</b>
<b>Suku</b>	.....	<b>u</b>
<b>Taling</b>	.....	<b>e</b>
<b>Taling Tarung</b>	.....	<b>o</b>
<b>Pepet</b>	.....	

**b. Sandhangan panyigeging wanda**

Jeneng	Wujud	Swara
<b>Wignyan</b>	.....	<b>h</b>
<b>Layar</b>	.....	<b>r</b>
<b>Cecak</b>	.....	<b>ng</b>
<b>Pangkon</b>	.....	<b>aksara mati</b>

**B. Nulis Aksara Jawa**

**1. Aksara Mandhaswara**

Manda tegese tengah-tengah, swara tegese uni/swara. Mandaswara tegese swara kang nyakup konsonan lan vokal.

Jeneng	Wujud	Swara
<b>Cakra</b>	.....	<b>ra</b>
<b>Cajra Keret</b>	.....	<b>re</b>
<b>Pengkal</b>	.....	<b>ya</b>
<b>Panjing Wa</b>	.....	<b>wa</b>
<b>Panjing La</b>	.....	<b>la</b>


## 2. Aksara Murda

Aksara murda tegese aksara sirah/gedhe [kapital]. Gunane kanggo pakurmatan tegese ngurmati. Lumrahe [biasane] kanggo nulis jeneng wong lan jeneng apa bae

Tata cara nulis aksara murda kaya ing ngisor iki

- Aksara murda ora kena dadi sesigeging wanda [aksara mati pada suku kata], dadi ora kena dipangku lan ora bisa dipasangi.
- Aksara murda cukup ditulis saaksara saben satembung, kapilih manggon ana ing ngarep, manawa ora ana ya aksara burine, lan sapiturute.
- Aksara murda bisa diwenehi sandhangan.
- Aksara murda duwe pasangan saengga bisa dadi pasangan.

Aksara murda ora padha karo huruf kapital. Yen abjad alfabetis nduweni huruf kapital saben sijine, aksara murda cacahe mung pitu, yakuwi Na, Ka, Ta, Sa, Pa, Ga, lan Ba. Dene wujude kaya katulis ing ngisor iki.



Tuladha:..... = Nakula

..... = Pangeran Aksara Swara

## 3. Aksara swara

Aksara swara gunane kanggo nulis swara kang dadi wanda ing tembung. Utamane tembung manca (asing) kanggo nyethakake (memperjelas) pangucapane.

Tata cara nulis aksara swara kaya ing ngisor iki.

- Aksara swara ora bisa dadi pasangan, dadi yen ana aksara sigeg (mati) ing ngarepe mula kudu dipangkku
- Aksara swara ora kena diwenehi sandhangan swara (wulu, suku, pepet, taling, taling tarung)
- Aksara swara uga bisa dianggep aksara gedhe kanggo nulis jenenge kutha, desa, nagara, utawa wong.



Tuladha ; ..... = Anjani

..... = Ing tyas

#### 4. Aksara Rekan

Aksara rekan mono aksara sing ana ing saliyane carakan. Aksara direka supaya bisa nyukupi kabutuhane basa saiki kareben bisa katulis ing aksara Jawa. Aksara rekan cacahe ana lima

.....	.....	.....	.....	.....
<b>Kha</b>	<b>Dza</b>	<b>Fa / va</b>	<b>Za</b>	<b>Gha</b>

Aksara rekan ora wenang dadi pasangan, kajaba aksara fa (.....). Mula yen ana aksara mati ing tengahé tembung/ukara ing sangarepe aksara rekan kudu dipangku.

Sapisan maneh kajaba aksara Fa (.....)

Tuladha ;..... = Fatimah

..... = Gelem dzalim

#### 5. Angka Jawa

ମ	ଦ୍ୟ	ତ୍ରୀ	୩	୪	୫	୬	୭	୮	୯	୦
1	2	3	4	5	6	7	8	9		0

Panulisan angka Jawa;

- Angka Jawa ora wenang dadi pasangan
- Diapit tandah pada pangkat =.....(angka)...

Tuladha; ;..... = juwara 2

..... = macan 5

#### 6. Pada (Tanda Baca)

Jeneng	Wujud	Ginanipun
Adeg-adeg		Kanggo miwiti ukara
Pada lingsa		Manggone ana ing antarane ukara
Pada lungsi		Kanggo mungkasi ukara
Pada pangkat		Kanggo ngapit angka lannuduhake panyebating perangan ukara

Wasis

Turunen/tulisen maneh paragrap nganggo iki ana ing papan kang kasediyakake ing ngisor !

Papan kanggo nulis aksara Jawa

### Guyub Rukun

1. Tulisen jeneng dina telu bae !
2. Ijolna karo pakaryane kancamu sameja!
3. Talitinen anggone nulis dina nganggo aksara Jawa wis pener apa durung!
4. Tindakna wawan rembug kanggo mbenerake tulisan sing durung bener!

### Bausastra Alit

**Legena** ; aksara dhasar [dentawyanjana]

**Mandaswara** ; swara kang nyakup konsonan saha vokal

**Sigeg** ; spasi

### Gladhen Wulangan

- |                                     |                   |   |
|-------------------------------------|-------------------|---|
| 1. ....aksara Jawa kuwi diwaca...   | d. aksara swara U |   |
| a. nga                              | d. re             | e. ha                                     |
| b. nya                              | e. na             | 3. ....kalebu aksara angka kang tegese... |
| c. le                               |                   | a. 85                                     |
| 2. ....sandhangan kasebut yaiku ... | b. 78             |   |
| a. ba                               | c. 94             |   |
| b. nga                              | d. 95             |   |
| c. aksara swara I                   | e. 69             |   |

- 4.....  
Ukara ing dhuwur wacane...  
 a. rujak cengkir pantes den wadhahi cangkir  
 b. rujak cengkir pantes diwadhahi cangkir  
 c. rujak cengkir pantese diwadhahi cangkir  
 d. rujak cengkir pantes den wadhah cangkir  
 e. rujak cengkir pantes den adhahi cangkir
5. Kang cinatur polah kang kalantur.  
Manawa ditulis nganggo aksara jawa dadi...  
 a.  
 b.  
 c.  
 d.  
 e.
6. Tabuh 13.00 iku tegese jam...  
 a. d.  
 b. e.  
 c.
7. Gunane aksara swara dienggo...  
 a. nulis jeneng wong, gelar, panggonan, leluhur, jejuruk, pandunungipun minangka pakurmatan  
 b. kangge mungkasi wanda  
 c. nulisi tembung manca kang dicethekake  
 d. nyambung wanda sigeg  
 e. wanda ingkang mati kaliyan wanda candhakipun
- 8..... sandhangan kasebut diarani...  
 a. pada lingsa  
 b. pada lungsi  
 c. pangkon  
 d. adeg-adeg  
 e. cakra keret
- 9.....  
Kalebu aksara angka kang tegese...  
 a. 13
- b. 12  
 c. 11  
 d. 10  
 e. 09
10. .... diarani aksara...  
 a. Na  
 b. Ka  
 c. Sa  
 d. Ba  
 e. Ga
11. ....  
Manawa diwaca...  
 a. tata krama kudu dianggo  
 b. tata krama kudu diugemi  
 c. tata krama iku patut ditiru  
 d. tata krama iku kanggo ditiru  
 e. tata krama iku digugu
12. Ngelmu iku kalakone kanthi laku.  
Yen ditulis nganggo aksara Jawa dadi...  
 a.  
 b.  
 c.  
 d.  
 e.
13. Nekaniadicara ngundhuh mantu ing daleme Pak Chandra.  
Ukara ing dhuwur manawa ditulis nganggo aksara Jawa, yaiku...  
 a.  
 b.  
 c.  
 d.  
 e.
14. ....diwaca...  
 a. sawah lan tegal

- b. tegal lan sabin  
 c. tegal lan sawah  
 d. sawah lan tegalan  
 e. tegalan lan sawahan
15. ....sandhangan kasebut diarani...  
 a. pengkal  
 b. cakra keret  
 c. cakra  
 d. pangkon  
 e. cecek
16. Sandhangan aksara Jawa kaperang dados kalih, yaiku sandhangan ....  
 a. panyigeging wanda lan mandaswara  
 b. mandaswara lan swara saha  
 c. panjing wa lan panjing la  
 d. cakra lan cakra keret  
 e. swara lan panyigeging wanda
17. ..... diarani aksara ...  
 a. Na  
 b. Ka  
 c. Sa  
 d. Ba  
 e. Ga
18. ....  
 Manawa diwaca...  
 a. Kyayi sinau ngaji karo bocah-bocah  
 b. Bocah-bocah sinau ngaji karo pak kyayi  
 c. Pak kyayi ngajak bocah-bocah ngaji  
 d. Para kyayi tekun mulang bocah-bocah supaya pinter ngaji  
 e. Pak kyayi ngaji karo bocah-bocah
19. Para siswa tansah manut wong tuwa.  
 Ukara kasebut yen ditulis nganggo aksara Jawa, yaiku ...  
 a.
- b.  
 c.  
 d.  
 e.
20. ....  
 Ukara ing dhuwur wacane ....  
 a. Kyai Panghulu maca donga banjur gunungane dadi rayahan  
 b. Kyai Panghulu maca dedonga banjur gunungan dadi rayahan  
 c. Kyai Panghulu maca dedonga banjur gunungane dadi rayahan  
 d. Kyai Panghulu maca donga banjur gunungan dadi rayahan  
 e. Kiai Penghulu maca donga banjur gunungan dadi rayahan
21. Tetenger kanggo ngowahi utawa nambahi swara aksara utawa pasangan diarani ....  
 a. pasangan  
 b. aksara legena  
 c. panyigeging wanda  
 d. aksara mandaswara  
 e. sandhangan
22. .... aksara kasebut kalebu sandhangan...  
 a. panyigeg  
 b. dentawayanjana  
 c. nglegena  
 d. murdha  
 e. wyanjana
23. ....yen ditulis Latin dadine  
 a. Wani ngalah dawa walesan  
 b. Wani lunga kudu wani bali  
 c. Wani ngalah dhuwur wekasane  
 d. Wani ngalah dawa wekasane

e. Wani ngalah luhur wekasane.

24. .... diarani aksara...

- a. A      d. E
- b I      e. O
- c. U

25. ....

Aksara Jawa kasebut manawa ditulis latin ...

- a. sapi lemu ana lapangan
- b. sapi lemu kakehan mangan
- c. sapi lemu golek pakan
- d. sapi lemu ana kandhang
- e. sapi lemu ana lapangan

25. ....

**B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep!**

1. Sebutna jinising sandhangan wyanjana!

Wangsulan: .....

2. Salinen ukara "Undang-undang Dasar" dadi aksara Jawa!

Wangsulan: .....

3. Salinen ukara "biaya insentif tambahan" dadi aksara Jawa!

Wangsulan: .....

4. Tuku klambi batik ing Pasar Klewer numpak becak

Tulisna nganggo aksara Jawa! Wangsulan: .....

5. Salinen tembung "Atribut" nganggo aksara Jawa!

Wangsulan: .....



## Gladhen Perbaikan

### **Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep!**

1. Salinen ukara “arsitek minangka pawongan sing ahli” dadi aksara Jawa!

Wangsulan: .....

2. Brata menyang sekotah numpak pit onthel bareng-bareng. Tulisen nganggo aksara Jawa!

Wangsuan: .....

3. Salinen ukara “konstruksi bangunan dadi” aksara Jawa!

Wangsulan: .....

4. Ukara ing ngisor iki salinen nganggo aksara Jawa!

a. Tetulung klebu ibadah

b. Padudon kuwi ngedohake memitran

Wangsulan:.....

5. Salinen ukara “bangunan kasebut saka sisi estetika” dadi aksara Jawa!

Wangsulan: .....

## Gladhen Pengayaan

### **Salinen aksara Jawa ngisor iki ing aksara Latin !**

1.

Wangsulan; .....

2.

Wngsulan;.....

3.

Wangsulan; .....

4.

Wangsulan;.....

5.

Wangsulan;.....

## Kawruh Basa

### **Widyamakna**

## **1. Sinonim**

Sinonim, yaiku rong tembung utawa luwih kang wujud lan panulisane beda, ananging duweni teges kang padha utawa meh padha.

Tuladha:

- a. 1) Tawangmangu iku hawane pancen adhem banget.
- 2) Tawangmangu iku hawane pancen atis banget.
- b. 1) Kursi kaya ngene iki kalebu barang langka.
- 2) Kursi kaya ngene iki kalebu barang arang.

## **2. Antonim**

Antonim, yaiku tembung, frasa, utawa ukara kang duwe teges walikan karo tembung,frasa utawa ukara liyane

Tuladha:

a. Tuladha tembung

Gedhe - cilik	Gampang — angel
Pinter — bodho	Dawa — cendhak

b.Tuladha kang awujud frasa

- 1) Iki bathik Pekalongan.
- 2) Iki dudu bathik Pekalongan.

c. Tuladha ana ing ukara

- 1) Pak Waridi daleme ing Karanganyar.
- 2) Pak Waridi daleme ora ing Karanganyar.

## **3. Homonim**

Homonim, yaiku tembung kang padha pangucape Ian panulise, ananging beda surasane.

Tuladha:

- a. 1) Kula rade pandung panjenengan punika sinten? (pangling)
- 2) Rehning punika kathah pandung, mila kedah ngantos-atos. (maling)
- b. 1) Mengko yen ibu duka kepriye, Mbak? (nesu)
- 2) Bocah ditakoni kok mung duka bae, sebel aku! (embuh)
- c. 1) Roti kuwi ora mawa keju. (nganggo)
- 2) Awas aja cedhak-cedhak mawa kuwi. (sisane bakaran)

Kang kalebu kelompoke homonim kaya ing ngisor iki.

- a. Homofon, yaiku rong tembung utawa luwih kang unine padha, ananging tegese beda.

Tuladha:

- 1) Anteb = bobot  
Antep = tekat
  - 2) Parap = tandha tangan  
Parab = aran/jeneng
- b. Homograf, yaiku rong tembung utawa luwih kang padha panulisane, nanging ora padha tegese.

## **4. Hiponim**

Hiponim, yaiku tembung kang tegese kaanggep dadi perangane tembung liya utawa surasane tembung iku ana ing panguwasane tembung liya.

**Tuladha:**

- a. Tembung abang, putih, biru, kuning, ijo, lan jingga kalebu surasane ana ing panguwasane tembung werna.
- b. Tembung sapi, jaran, kebo, macan, lan kucing kalebu tembung kang ana ing panguwasane tembung kewan.

**Luhuring Budi**

Sawise nyinau piwulang ing bab iki, siswa kaajap bisa mangerten lan bedakake aksara sandhangan, pasangan, aksara murda, lan panganggone. Siswa uga bisa maca lan nulis ukara utawa paragrap kang ngetrapake aksara pasangan, sandhangan, lan aksara murda. Mula, kanthi nyinau bab iki siswa bisa duweni karakter tliti, disiplin, lan rajin.

**Pembijen Akhir Semester**

**A. Wenehana tandha ping (x) sangarepe wangslulan sing bener!**

Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo  
mangsuli pitakonan nomer 1-5!

Wonten malih tuladan prayogi

Satriya gung nagri Ing Ngalengka

Sang Kumbakarna arane

Tur Iku warna diyu

Suprandene ngayuh utami

Duk wiwit prang Ngalengka

dennya darbe atur

Mring raka amrih raharja

Dasamuka tan kegul Ing atur yekti

Dene men-sah wanara.

1. Tembang ing dhuwur duwe paugeran  
guru gatra cacahe.....

a. 4      d. 9

b. 7      e. 10

c. 6

2. Larik kaping telu duwe paugeran guru  
wilangan lan guru lagu, yaiku ....

a. saengga dados manungsa utama

b. ngilangake nepsu pribadi

c. dheweke duwe atur

d. mlebu ing sanubari

e. sinau nglandepke ati

3. Ukara ‘dennya darbe atur’ ndhuwensi  
teges.....

a. saengga dados manungsa utama

b. ngilangake nepsu pribadi

c. dheweke duwe atur

d. mlebu ing sanubari

e. sinau nglandepke ati

4. Tembang Macapat ing ndhuwur kalebu  
tembang ....

a. Dhandhanggula

b. Pangkur

c. Megatruh

d. Gambuh

e. Maskumambang

5. Larik kaping lima “Suprandene nggayuh utami” saka tembang Ing dhuwur, tegese yaiku ....

- a. makarya awan Ian bengi
- b. kepengin nggayuh kautaman
- c. sahingga dados manungsa utama
- d. sinau nglandepke ati
- e. miebu Ing sanubari

Tembang Macapat ing ngisor Iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 6 lan 7!

Gambuh

Aja nganti kabanjur

Barang polah kang ora jujur

Yen kabanjur sayekti kojur tan becik

Becik ngupayaa iku

Pitutur ingkang sayektos

6. Kang dadi isine tembang ing dhuwur, yaiku ....

- a. ajaran jujur
- b. ajaran sopan lan santun
- c. ajaran mandhiri
- d. ajaran tata karma
- e. ajaran budi pekerti

7. Tembang Macapat iku duweni guru lagu lan guru wilangan ....

- a. 7u, 8u, 12a, 8u, 8o
- b. 7u, 8o, 12u, 8u, 5i
- c. 7u, 9u, 12i, 8u, 8o
- d. 7u, 9u, 12i, 7u, 8o
- e. 7u, 8u, 12u, 8u, 8i

8. Gambaran papan kedadeyan, wektu, lan swasana diarani ....

- a. layar            d. latar
- b. kelir            e. bloking
- c. babak

9. Unsur intrinsik kang nerangake watak wantune paraga diarani ....

- a. tokoh
- b. amanat
- c. alur
- d. tema
- e. penokohan

10. Tegese ukara “Sapa temen bakal ». tinemu”, yaiku ....

- a. sapa sing gelem usaha temenan bakal ketekan sing dikarepake
- b. sapa sing gelem usaha bakal mulya uripe
- c. sapa sing gelem usaha bakal seneng uripe
- d. sapa sing gelem usaha bakal sugih uripe
- e. Sapa sing gelem usaha bakal kelakon sing dikarepake

11. Cerkak iku critane cekak utawa ....

- a. guyon            d. fiktif
- b. sugesti            e. naratif
- c. ringkes

12. Tembung ing sakjerone cerkak lumrahe kurang saka ....

- a. 1.000 tembung
- b. 2.000 tembung
- c. 3.000 tembung
- d. 10.000 tembung
- e. 20.000 tembung

13. Striking statement iku irah-irahan kang sipat ....

- a. kawigaten
- b. ringkes
- c. nyulek perkara
- d. gara-gara
- e. cuplika dhawuh

14. Basa cerkak umume ....

- a. landhep  
 b. ngayogawara  
 c. kebak sasmitha  
 d. ngandhar-andhar  
 e. basa ilmiah
15. Pawarta iku kudu handuweni kagunan (fungsi) ....  
 a. nuduhake babagan kang aneh  
 b. ajak-ajak pamaca  
 c. nuduhake kedadeyan nyata  
 d. nggugah kawigatene pamaca  
 e. mbukak wewadine pejabat
16. ing ngisor iki kang ora kalebu unsure : 5W+1H, yaiku ...  
 a. anangendi      d. sepiro  
 b. kepriye        e. apa  
 c. kapan
17. Maca pawarta kang dipocapake kanthi cetha kang bisa dirungokake dening wong liya diarani cara ....  
 a. maca skimming  
 b. maca teknik  
 c. maca skanning  
 d. maca cepet  
 e. maca bathin
18. Panulisan judul pawarta kang bener, yaiku ....  
 a. Kedadeyan Lindhu ana Ing Nga-yogjakarta  
 b. Kedadeyan lindhu ana ing Nga-yogjakarta  
 c. kedadeyan lindhu ana ing Nga-yogyakarta  
 d. Kedadeyan Lindhu Ana Ing Nga-yogyakarta  
 e. Kedadeyan Lindhu Ana ing Nga-yogyakarta
19. Pawarta iku lumrahe kamuat ana ....  
 a. layang kabar  
 b. spanduk  
 c. wara-wara  
 d. brosur  
 e. pamphlet
20. Nglakokake pambijen marang pawarta kang kita waca iku ateges duweni sikap ....  
 a. agresif  
 b. kondusif  
 c. deduktif  
 d. objektif  
 e. evaluatif
21. Salah sawijining sarate pawarta yaiku aktual, tegese ..  
 a. ndudut ati  
 b. nduwe bobot  
 c. anyar  
 d. objektif  
 e. apa anane
22. Wacanen pragraph ing ngisor iki!  
 Ora bisa diprecaya, ora bisa nyimpen wewadi, lan ora bisa diwenehi pangapura iku tumindake manungsa kang ora bener tumraping kekancan, apa maneh ing ngarsaning gusti.  
 Pratelan iku kalebu paragrap ....  
 a. deduktif-induktif  
 b. intensif  
 c. ekspositoris  
 d. deduktif  
 e. induktif
23. Wacanen paragrap ing ngisor iki!  
 (1) Samengko pit wis duwe maneka warna jeneng lan model. (2) Ana pit roda telu

kanggo balita, pit mini, pit kumbang, ngantri pit tandhem kang bisa digenjot bareng. (3) Malahan, ing jagading balapan pit, udakara telung jinis pit lomba, yaiku pit kanggo dalan kang alus nganggo 16 kombinasi gir kang bedha siji lan Sijine, pit track kang mung duwe gigi siji thok, lan pit gunung kang duwe pat likur gigi.

Gagasan baku saka kutipan paragrap ing dhuwur dumunung ana ukara ....

- a.(1) dan (2)      d. (2)  
b. (1) dan (3)      e. (3)  
a (1)

24. Wacanen paragrap ing ngisor Iki!  
Sinta Ing taun iki kapilih minangka siswa  
teladhan ing sekolahku. Dheweke bisa  
kapilih dadi siswa teladhan amarga pancen  
prestasine ajeg mundhak, disiplin, tertib, lan  
ora tau nglanggar aturan sekolah.

Pratelan kasebut diarani paragrap ....

- a. deduktif-induktif
  - b. intensif
  - c. ekspositoris
  - d. deduktif
  - e. induktif

25. Wacanen kang pratitis wacan.ing ngisor iki!

Sak liyane kanggo lelungan, alat-alat kanggo angkut-angkut modern uga migunani kanggo dedagang. Kabeh kagiyanan ekspor lan impor bisa katindakake kanthi lancar amarga pangangkutan modern. Ing pelabuhan kang gedhe kayata Tanjung Priok, Tanjung Perak, Singapura, lan sapiturute ajeg kebak dening kapal-kapal gedhe kang teka lan lunga. Inti saka wacan ing dhuwur medharake prakara ....

- a. kabeh kagiyatan eksport lan impor bisa mlaku kanthi lancar
  - b. alat pangangkutan modern migunani banget Ing jagading perdagangan
  - c. alat pangangkutan modern kagunakake mung kanggo lelungan
  - d. alat pengangkutan modern iku praktis lan efisien
  - e. ing pelabuhan gedhe ajeg rame dening kapal gedhe

## 26. Wacanen wacan Ing ngisor iki!

Lumrah manungsa Iku duwa pepenginan sing becik. Ora ana manungsa sing kepengin nemu kedadeyan sing ala. Mula banjur ana tembung beja lan cilaka. Yen bisa nemoni kedadeyan sing nyenengake

iku sinebut beja, dene yen nemoni  
kedadeyan ora nyenengake adate banjur  
diarani cilaka.

Wacan kasebut kalebu tuladha paragrap

- a. deskriptif
  - b. ineratif
  - c. ekstensif
  - d. deduktif
  - e. induktif

27. yen diwaca

•

- a.kabudayan adi luhung
  - b. kabudayan kuwi adi luhung
  - c. kabudayan Jawa adiluhur
  - d. kabudayan Jawa iku adi luhung
  - e. kabudayan Jawa adi luhung

28.

## Ukara ing dhuwur wacane

- a. kukus gantung, sawangen bagusku iki
  - b. kukulantung, sawangana bagusku iki

- c. kukus gantung, sawangin bagusku kaki  
 d. kukus gantung, sawangana bagusku iki  
 e. kukus lantung, sawangen bagusku iki
29. Kembang aren sumebar tepining kalen.  
 Menawa ditulis nganggo aksara Jawa dadi ....
- a.  
 b.  
 c.
30. manawa ditulis nganggo aksara latin yaiku ...  
 a. anak baya      d. ana andha  
 b. ana dadha      e. ana bandha  
 c. anak andha

**B. Wangsulana pitakon-pitakon Ing ngisor Iki kanthi trep!**

1. Jinise tembang Iku ana pira? Sebutna!

Wangsulan: .....

2. Pupuh Sinom ing Serat Wedhatama ngemot babagan apa?

Wangsulan:.....

3. Jlentrehna pangertene watak pinangka unsur intrinsike cerkak!

Wangsulan: .....

4. Gatekna paragrap ing ngisor iki!

Wengi Iki aku mrene maneh. Sasi tuwa ngene bisane mangan mung ana ing angkringan. Sanajan segane sethithik, mangan rong wungkus wis kena dienggo sangu turu. Menawa mangan kaya ngene iki ing wayah esuk, srengenge munggah urung tekan tengah mbokmenawa aku wis semaput. Sega sekepel dirubung tinggi, ya iki. Segane angkringan dilawuhi irisan tempe sacumit. Mbrenik cilik-cilik. Sanajan lawuhe mung tinggi... eh, tempe, nanging krasa enak, apa sebab wetenge lagi rumangsa luwe, embuh. Sing penting bengi Iki wetengku isih kelebon pangan. Sesuk esuk sarapane wae sing rada bedha.

Adhedasar paragrap ing dhuwur coba tulisna tembung kang pinangka latar wektu!

Wangsulan: .....

5. Jlentrehna pangertene label utawa atiket

Wangsulan: ....

6. Apa kang diarani irah-irahan?

Wangsulan: .....

7. Apa sing diarani paragrap narasi iku? Wangsulan: ...

8. Kepriye pangertene paragrap eksposisi iku?


Wangsulan: .....

9. Salinen ukara "lingkup kompleks bangunan" dadi aksara Jawa!

Wangsulan:

10. Salinen ukara "menehi untung suwe jangkaone" dadi aksara Jawa!

Wangsulan: .....



## Kepustakan

- Agus Effendi. 2007. Wewaton Ajar Nembang. Sukoharjo: UNIVET Bantara Press.
- Endang Nurhayati. 2006. Linguistik Bahasa Jawa. Yogyakarta: Bagaskara.
- Endraswara, Suwardi. 2005. Buku Pinter Budaya Jawa Mutiara Adiluhur Orang Jawa. Yogyakarta: Gelombang Pasang.
- Hamid Hasan, Said. 2010. Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa. Jakarta: Badan Penelitian dan Pengembangan Pusat Kurikulum Kementerian Pendidikan Nasional.
- Hesti Mulyani. 2013. Komprehensi Tulis. Yogyakarta: Astungkara Media.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sulistyanto. 2008. Bebakalan Sinau Basa Jawa. Surakarta: Cendrawasih.
- Suwardi. 2009. 30 Metode Pembelajaran Bahasa dan Sastra Jawa. Yogyakarta: Lumbung Ilmu.
- Wedhawati, dkk. 2001. Tata Bahasa Jawa Mutakhir. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional.
- Widodo B.S.. 2008. Titi Laras Nembang Macapat. Semarang: UNNES Press.